

## **PARAGRAF KI LIMITE RESPONSABLITE**

Tiliv pou chofè otomobil nan Florida a kouvari anpil pwen nan lalwa Florida, ki rezime epi ki parafraze, epi li bay konsèy sou sekirite lalwa sa yo pa kouvari. Tiliv la pa yon otorite legal epi yo pa dwe itilize li nan tribinal. Yo enprime tiliv chofè otomobil nan Florida a an volim, epi pap gen okenn nan chanjman, Lejislati a fè sou frè pou peye yo oswa sou lalwa ki te pase apre dat revizyon an, ki parèt nan kopi moun te achite deja yo.

The Department of Highway Safety and Motor Vehicles (Depatman pou Sekirite sou Gran Wout ak Otomobil) gen divizyon sa yo ladan li:

**DIVISION OF DRIVER LICENSES (DIVIZYON LISANS POU CHOFÈ OTOMOBIL)** bay egzamen ki kalifye moun pou kondwi sou gran wout nan Florida. Misyon prensipal li se pou ankouraje ak mentni pi gwo estanda ki posib yo pou kondwi nan lari ak sou gran wout nan Eta Florida epi pou nou retire chofè ki pa kondwi ak pridans yo sou gran wout yo.

**DIVISION OF THE FLORIDA HIGHWAY PATROL (DIVIZYON PATWOUY SOU GRAN WOUT NAN FLORIDA)** fè respekte tout lalwa ki gen nan Eta a epi ki gen rapò ak otomobil, li fè patwouy nan sistèm otowout ki genyen nan Eta a pou li ka asire sekirite tout chofè yo, epi li mete pwogram pou sekirite trafik nan Eta a ann aplikasyon. Chak ajan lapolis Eta a (trooper) toujou pare epi yo toujou vle bay asistans pou popilasyon ki kondwi otomobil la.

**THE DIVISION OF MOTOR VEHICLES (DIVIZYON OTOMOBIL YO)** kontwole lavant ak distribisyon tout otomobil ak bato nan Florida. Divizyon an administre lavant plak machin pa mwayer kolektè taks ak ajan ki gen otorizasyon pou bay etikèt pou chak otomobil, bato, trelè, kamyon, mezon mobil, machin kanpè, ak motosiklèt ki opere sou wout piblik yo. Anplis, divizyon an kenbe dosye sou chak otomobil ki gen tit oswa ki anrejistre nan Florida epi li fè respekte estanda ki etabli pou konstriksyon mezon mobil ak pou bay lisans pou konpayi/moun kap vann otomobil yo.

**THE INFORMATION SYSTEMS ADMINISTRATION (ADMINISTRASYON SISTEM ENFOMASYON)** dirije sèvis enfòmatik pou depatman pwodiksyon nan ajans lan.

**THE DIVISION OF ADMINISTRATIVE SERVICES(DIVIZYON SEVIS ADMINISTRATIF)** dirije fonksyon pewòl, pèsonèl, acha, kontablite ak operasyon fiskal, epi antretyen ak reparasyon ekipman pou depatman pwodiksyon nan ajans lan.

**SONJE BYEN KONDWI OTOMOBIL SE YON PRIVIL J LI YE SE PA YON DWA. CHECHE KONN LALWA YO EPI KONDWI AK PRIDANS POU W KA PWOTEJE TET OU AK LOT MOUN YO TOU.**

# Enfòmason ki nan tiliv sa a

Dosye Piblik	4
Avètisman	4
Definisyon yo	5
<b>CHAPIT 1 - LISANS OU</b>	
Lisans pou kondwi ki klasifye	6
Enfòmasyon sou kouman yo bay lisans	6
Kouman pou idantifye tèt ou	8
Moun ki pa sitwayen nan Etazini	10
Enfòmasyon sou egzamen an	16
Randevou yo	19
Kouman pou renouvle lisans	19
Kat idantifikasiyon	21
Frè yo	23
Pwogram pou moun ki vle fè kado ògàn nan kò yo/ Kontribisyon volontè yo	24
<b>CHAPIT 2 - PRIVILEJ OU GENYEN POU KONDWI OTOMOBIL</b>	
Revokasyon, Sispansyon, ak Anilasyon	25
Sistèm pwen an	26
Kondwi otomobil lè w sou	28
Lalwa sou asirans	31
Aksidan - Responsabilite pa w yo	34
<b>CHAPIT 3 - JAN OU KONDWI OTOMOBIL</b>	
Kondwi otomobil ak prevwayans	37
Senti pou sekirite	39
Kouman pou pwoteje timoun	40
Vitès limit yo	41
Dwadpasaj	42
Pyeton yo	43
Siklis yo	43
Kouman pou vire	46
Lè wap double yon otomobil	48
Pakin	49
Lè wap kondwi sou otowout	51
Bèt yo	53
Kouman pou debouye ou nan kadijans	54
Kouman pou pataje wout la ak yon kamyon	56
Kote yo rele "No Zone" yo	56
Kouman pou pataje wout la ak yon bisiklèt	58
Kouman pou pataje wout la ak yon motosiklèt	58
<b>CHAPIT 4 -SIYAL YO, SIY YO AK MAK KI EKRI ATE NAN LARI A</b>	
Siyal trafik yo	59
Siy trafik yo	60
Siy kote tren pase yo ak siyal yo	67
Siy ak siyal pon mobil yo	69
Siy espesyal yo	71
Mak ki ekri atè nan lari a	72
<b>CHAPIT 5 - OTOMOBIL OU</b>	
Estanda pou ekipman yo	76
Egzijans ki genyen sou wotè bonpè yo	79
Limitasyon nan remokaj	80
Fren antiblokaj	81
Bisiklèt	82
Siklomotè (Mopèd)	83
Kouman pou pran lisans pou otomobil	84
Kesyon pou etidye pou egzamen an	85
<b>CHAPTER 6 - LOT ENFOMASYON</b>	
Enfòmasyon sou premye swen	89
Kouman pou jwenn dosye ou sou jan ou kondwi otomobil Dosye	90
Kouman pou jwenn yon rapò aksidan	90
Sèvis sou entènèt la	91
Vyolatè/Predatè seksyèl	
Vyolatè de karyè	92

## Dosye piblik

Lalwa nan Florida ansanm ak prensip pou byen administre dosye nan Florida egzije pou yo kolekte kèk enfòmasyon pèsonèl pandan pwosesis pou bay lisans pou kondwi otomobil la. Enfòmasyon pèsonèl sa a idantifye yon moun epi yo itilize li pou administrasyon dosye, pou amelyorasyon chofè, responsabilite finansyè, ak pou fè respekte lalwa.

Si w pa bay enfòmasyon yo egzije a, sa va fè yo refize ba w lisans lan oswa kat idantifikasiyon an. Si w bay enfòmasyon ki fo sa ka fè yo pousswiv ou nan lajistik. Lalwa nan Florida fè konnen trè byen tout dokiman oswa materyèl yon ajans prepare oswa resevwa pandan ajans lan ap fè tranzaksyon biznis ofisyèl se dosye piblik yo ye. Anplis tout dokiman yo, yo ka devwale enfòmasyon yo pran ladan yo dapre Florida's Public Records Act (Lalwa sou Dosye Piblik nan Florida). Yo bay ajans ki fè respekte lalwa yo, konpayi asirans yo, biwo kredi yo, enstitisyon ki prete moun lajan yo, epi nenpòt lòt moun ki kalifye enfòmasyon sa a regilyèman, eksepte pou enfòmasyon medikal, ki konfidansyèl dapre lalwa.

The Division of Driver Licenses (Divizyon Lisans pou Chofè Otomobil) lan fè tout sa li kapab pou li garanti enfòmasyon yo jwenn pandan pwosesis pou bay lisans lan kòrèk epi li fè tout efò li kapab pou li korije enfòmasyon ki pa kòrèk yo nan dosye li yo. Yo ka korije enfòmasyon ki pa kòrèk la, si w voye tout non ou nèt, dat nesans ou, nimewo lisans chofè ou, enfòmasyon sou kalite erè ki fèt la ak enfòmasyon ki pwouve se yon erè li ye bay Chief, Bureau of Driver License Records, Neil Kirkman Building, MS 89, Tallahassee, Florida 32399-0575, oswa si w rele (850) 922-9000. Gen kèk enfòmasyon, tankou rapò sou kondanasyon yo resevwa nan men yon tribinal, ki ka korije sèlman si yo resevwa yon avi tribinal la ki fè konnen rapò a te fèt pa erè.

Enfòmasyon sou asirans pou otomobil pa rantre nan Lalwa sou Dosye Piblik la. Yo bay nenpòt moun ki fè pati yon aksidan, avoka yo oswa konpayi asirans yo, ajans ki fè respekte lalwa yo, ak ofisyè tribinal yo enfòmasyon sa a, apre yo te resevwa yon demann alekri ansanm ak kopi rapò aksidan an.

## Avètisman

Dapre seksyon 322.212 (5) nan Lalwa Florida Statutes, se yon **krim twazyèm degre** pou itilize yon fo non oswa yon non ki pa egziste nan nenpòt aplikasyon oswa pou fè espre pou bay deklarasyon ki fo, fè espre pou kache detay enpòtan, oswa pou komèt yon fwòd nan nenpòt aplikasyon konsa.”

Yo ka arete moun ki vyole lalwa sa a imedyatman, epi yon fwa yo kondane moun lan, sanksyon yo ka yon amann ki ka rive jiska yon maksimòm \$5 000 epi prizon pandan jiska 5 an.

Depatman an va sispann privilèj pou kondwi nenpòt moun ki bay enfòmasyon ki fo nan yon aplikasyon pou lisans pou kondwi otomobil nan Florida pandan ennan (1 an).

Dapre seksyon 322.36, lalwa nan Florida, li ilegal pou nenpòt moun, ak tout konesans li, otorize oswa pèmèt nenpòt lòt moun, ki pa gen yon lisans chofè ki valab, kondwi yon otomobil.

# Definisyon yo

**DISTRIK BIZNIS:** Yon zòn kote yo itilize 50% oswa plis nan tè ki tou pre lari a pou biznis.

**BISIKLET:** Tout otomobil se pisans fòs moun sèlman ki pouse li.

**ANILASYON:** Lè yo deklare yon lisans pou kondwi otomobil anile epi li pa valab ankò.

**KOPI SETIFYE:** Yon kopi ki make yon fason ofisyèl pou montre se yon vrè kopi dokiman orijinal la. Pou jwenn yon kopi sètifye yon dokiman, ou dwe kontakte ajans ki te bay dokiman orijinal la.

**APAREY POU KENBE TIMOUN:** Kabann/chèz pou machin pou timoun oswachèz pou machin ki detachab epi ki fèt pou anpeche tibebe ak timoun piti fraktire nan aksidan. Yo ka itilize yon senti abdominal kòm yon aparèy pou kenbe timoun pou timoun ki gen kat (4) an oswa plis.

**KONDANASYON:** Yon pwosè kote yo deklare ou koupab nan yon tribinal. Nan dosye yon chofè otomobil, santans ki sispann, konfisksasyon/ekstrè yo pran nan pwosè vèbal sou konfisksasyon sou kosyon nan tribinal, epi mwayen defans san kontestasyon kont chofè a menm jan ak yon kondanasyon.

**DEPATMAN:** The Department of Highway Safety and Motor Vehicles (Depatman pou Sekirite sou Gran Wout ak Otomobil), Tallahassee, Florida.

**ENDOSMAN:** Yon otorizasyon espesyal ki pèmèt yon moun kondwi kèk kalite otomobil anpatikilye, transpòte kèk kalite pwopriyete oswa yon kantite pasaje anpatikilye.

**GWO KRIM GRAV:** Nenpòt ofans kriminèl yo ka pini dapre lalwa ki genyen nan Eta sa a, oswa yo ta ka pini si se te nan yon lòt Eta li te fèt, swa ak lanmò oswa ak tan pase nan prizon nan penitansye leta. “Penitansye leta” vle di mezon koreksyon ki gen nan Eta a.

**ENTESEKSYON:** Kote de (2) lari rankontre oswa kwaze.

**OTOMOBIL:** Nenpòt machin ki pouse poukонт li, tankou yon konbinezon yon otomobil, ki pa opere sou ray ni sou chemen ki gide li, sa pa vle machin ki deplase ak pisans fòs moun sèlman,chèz woulant ki mache ak motè, epi bisiklèt ki mache ak motè menm jan yo defini li nan seksyon 316.003 nan Lalwa nan Florida.

**ESKOUTE A MOTE:** Nenpòt otomobil ki pa gen yon chèz ni yon sèl pou moun kap monte li a itilize, ki fèt pou vwayaje sou pa plis pase twa (3) wou, epi ki pa kapab pouse otomobil la a yon vistès ki pi plis pase 30 mil pa èdtan sou nivo tè a.

**PYETON:** Nenpòt moun ki apye.

**REZIDAN:** Yon moun ki gen domisil prensipal li nan Eta sa a pandan yon peryòd tan ki pi plis sis (6) mwa youn apre lòt, ki anrejistre pou vote, ki gen yon deklarasyon sou domisil dapre seksyon 222.17, Lalwa Florida yo, oswa ki ranpli yon egzanpsyón pou byen familyal sou pwopriyete nan Eta sa a.

**DISTRIK REZIDANSYEL:** Yon zòn kote yo itilize pifò nan tè ki tou pre lari a pou fè kay.

**RESTRIKSYON:** Yon entèdiksyon pou yo pa kondwi kèk kalite otomobil oswa yon egzijans ki genyen pou yon chofè ranpli kèk kondisyon lè lap kondwi yon otomobil.

**REVOKASYON:** Lè privilèj pou kondwi yon moun ki gen lisans fini.

**SISPANSYON:** Lè yo retire privilèj yon moun ki gen lisans genyen pou li kondwi yon otomobil.

**OTOMOBIL:** Tout aparèy, yo transpòte oswa ka transpòte nenpòt moun ladan li, sou li, oswa ak li, oswa yo ka trennen sou yon gran wout, eksepte aparèy yo itilize sèlman sou ray tren oswa wout ki fiks.

# CHAPIT 1 - LISANS OU

## Lisans klasifye pou chofè nan Florida

The Department of Highway Safety and Motor Vehicles (Depatman pou Sekirite sou Gran Wout ak Otomobil) bay lisans klas sa yo: Klas A, B, C, ak E.

Klas A, B, ak C se pou chofè machin komèsyal tankou gwo kamyon ak otobis. Klas E se pou chofè otomobil ki pa machin komèsyal yo. Gen yon tiliv apa yo rele Commercial Driver License Manual (Tiliv Lisans pou Chofè Machin Komèsyal) pou chofè kamyon ak otobis. Gen tiliv sa a nan nenpòt biwo ki bay lisans pou chofè machin oswa nan paj web Depatman an nan [www.hsmw.state.fl.us](http://www.hsmw.state.fl.us). Si w vle kondwi yon otomobil yo fèt pou teste w trè byen ou epi pou yo fèt pou ba w lisans.

## Kiyès ki bezwen youn?

1. Si w abite nan Florida epi ou vle kondwi yon otomobil nan lari piblik yo oswa sou gran wout piblik yo.
2. Si w demenaje al Florida epi ou gen yon lisans ki valab nan yon lòt Eta, ou dwe gen yon lisans Florida anvan 30 jou pase sou dat ou vin tounen rezidan nan Florida a. Yo konsidere ou tankou yon rezidan Florida si w:
  - Enskri pitit ou yo nan lekòl piblik, oswa
  - Enskri pou vote, oswa
  - Ranpli yon egzanpsyon pou byen familyal, oswa
  - Aksepte travay, oswa
  - Abite nan Florida pandan plis pase sis (6) mwa youn apre lòt.

## Kiyès ki pa bezwen youn?

Moun sa yo ka kondwi nan Florida san yon lisans pou kondwi nan Florida, si yo gen yon lisans ki valab nan yon lòt Eta oswa yon lòt peyi:

- Nenpòt moun ki pa rezidan epi ki gen omwen 16 an.
- Moun ki travay pou gouvnèman Etazini an epi kap kondwi otomobil gouvnèman Etazini an pou biznis ofisyèl.
- Nenpòt moun ki pa yon rezidan epi ki travay pou yon konpayi ki gen yon kontra ak gouvnèman Etazini an. (Egzanpsyon sa a se pou 60 jou sèlman.)
- Nenpòt moun ki pa yon rezidan epi ki pral nan inivèsite nan Florida.
- Moun ki kondwi otomobil tankou traktè pou jaden oswa machin wout yo tanporèman sou gran wout ka kondwi san yon lisans.
- Yon chofè ki gen lisans epi ki abite nan yon lòt Eta epi ki vwayaje regilyèman ant lakay li ak travay li nan Florida.
- Moun ki pa rezidan epi ki deplase pou al travay nan jaden menm si yap travay oswa yo mete pitit yo nan lekòl piblik yo, depi yo gen yon lisans ki valab nan Eta kote yo rete a.
- Manm Fòs Lame ki baze nan Florida ansanm ak depandan yo, eksepte pou moun sa yo:
  - a. Manm ki nan sèvis la oswa madanm/mari manm ki nan sèvis la mande egzanpsyon pou byen familyal (Tout chofè nan fanmi a dwe pran lisans nan Florida),
  - b. Manm ki nan sèvis la vin ap travay (Tout chofè nan fanmi a dwe pran lisans nan Florida),
  - c. Madanm/mari manm ki nan sèvis la vin ap travay (Madanm/mari ak timoun ki kondwi yo dwe pran lisans yo nan Florida),
  - d. Pitit la vin ap travay nan Florida (Sèlman timoun kap travay la epi ki kondwi a dwe pran lisans nan Florida)

## Pèmi pou moun kap aprann kondwi

Yon moun ki gen yon pèmi pou aprann kondwi dwe toujou gen yon chofè ki gen lisans, ki gen 21 an oswa plis, ki chita nan chèz pasaje devan an, sou bò dwat chofè a ki akonpaye li.

Chofè ki gen pèmi yo ka kondwi sèlman lè li fè klè pandan lajounen pandan twa (3) premye mwa yo apatide dat yo ba yo pèmi oriijinal la epi yo fèt pou toujou gen yon chofè ki gen lisans, ki gen 21 an oswa plis, ki chita nan chèz pasaje devan an ki akonpaye yo. Apre twa (3) premye mwa yo, chofè ki gen pèmi yo ka kondwi yon machin ant 6 a.m. a 10 p.m. ak yon chofè ki gen lisans, ki gen 21 an oswa plis, ki chita nan chèz pasaje devan an. **Chofè ki gen pèmi pou aprann kondwi yo pa kalifye pou andòsman pou motosiklèt.**

### Egzijans yo

- Gen 15 an omwen.
- Pase tès pou je, pou siy wout yo ak pou prensip pou kondwi sou wout yo.
- Gen siyati yon paran (oswa moun ki responsab la) sou fòm konsantman paran an, si w poko gen 18 an.
- Fin swiv Traffic Law and Substance Abuse Education Course (Kou sou lalwa trafik ak edikasyon sou abi dwòg ak alkòl) la nèt.
- De (2) pyès idantidikasyon (gade seksyon ki rele Kouman pou idantifye tèt ou).
- Nimewo Sekirite Sosyal.
- Dwe obsèvè tout prensip pou prezans nan lekòl, si w poko gen 18 an.

Lejislati pou Ane 2000 la nan Florida te amande seksyon 322.05, nan Lalwa Florida, pou chanje egzijans pou gen yon lisans Klas E pou yon chofè ki poko gen 18 an epi ki gen yon pèmi pou aprann kondwi. Kondisyon sa yo dwe ranpli pou jwenn yon lisans Klas E regilye si yo ba w yon pèmi pou aprann kondwi le 1 oktòb 2000 oswa apre dat sa a:

- Ou dwe gen pèmi pou aprann kondwi a pandan omwen 12 mwa oswa jiska 18<sup>yém</sup> anivèsè ou.
- Ou PA dwe gen kondanasyon pandan 12 mwa apatide dat yo ba w pèmi pou aprann kondwi a.
- Ou ka gen yon kontravansyon pou trafik pandan 12 mwa apatide dat yo ba w pèmi pou aprann kondwi a, si yap tann pou yo pran yon desizyon.
- Yon paran, yon moun ki responsab legalman oswa yon granmoun responsab ki gen plis pase 21 an, dwe sètifye chofè a gen 50 èdtan espryans ap kondwi, epi 10 èdtan ladan yo dwe lannwit.

### Konsantman paran pou timoun minè

Si w poko gen 18 an epi ou pa marye, yon paran oswa yon moun ki legalman responsab dwe siyen aplikasyon pou lisans ou an. **MADANM PAPA W/MARI MANMAN OU PA KA SIYEN POU OU AMWENKE YO ADOpte W LEGALMAN.**

Yo egzije pou ou pwouve ki moun ki responsab ou legalman. Ou dwe siyen aplikasyon an devan yon egzaminatè oswa yon notè publik. Kèlkeswa moun ki siyen aplikasyon ou lan, li dakò pou li pran responsabilite ansanm avèk oumenm pou jan ou kondwi a. Si moun ki siyen an deside pou li pa aksepte responsabilite pou jan ou kondwi a, yo va anile lisans ou an. Pou anile lisans lan, moun ki siyen an dwe ekri yon lèt bay departman an pou mande pou yo retire konsantman li te bay pou chofè ki minè a. Mete tout non chofè ki minè a, dat nesans li ak nimewo lisans chofè ki minè a nan lèt la.

**YO DWE NOTARYE OSWA SIYEN FOM KONSANTMAN AN DEVAN EGZAMINATE A.**

## Aplikasyon pou lisans pou chofè oswa pou kat idantifikasyon

Chak aplikasyon dwe gen enfòmasyon sa yo:

- Deklarasyon moun kap fè aplikasyon an ki sèmante oswa afimen enfòmasyon ak deklarasyon ki nan aplikasyon an se laverite;
- Tout non konplè a (prenon, dezyèm prenon oswa non jennfi, ak siyati);
- Fi/Gason;
- Nimewo kat sosyal sekirite;
- Konte kote ou rete a;
- Peyi kote ou te fèt la;
- Adrès kote ou resevwa lèt ou yo;
- Prèv legal sou dat nesans ou;
- Si moun kap fè aplikasyon an te gen lisans pou kondwi anvan sa, epi, si li te gen lisans lan, ki lè epi nan ki Eta, epi si lisans sa a oswa privilèj pou kondwi a te janm diskalifye, revoke oswa sispann, oswa si yo te janm bay moun lan refi pou yon aplikasyon, epi si yo te bay refi, dat ak rezon ki fè yo te bay diskalifikasyon an, sispansyon an, revokasyon an, oswa refi a;
- Li ka gen anprent ou yo ak lòt mwayen biyometrik patikilye pou idantifikasiyon; epi
- Konsantman pou devwale enfòmasyon ki nan dosye kondwi ou, epi ki bay depatman an dwa pou li mande, resevwa, fè echanj enfòmasyon sa yo ak lòt jirisidiksyon yo.

Prèv legal sou idantite. Chak aplikasyon pou yon lisans orijinal (premye fwa) pou kondwi oswa pou kat idantifikasiyon **DWE** prezante youn nan pyès sa yo kòm dokiman prensipal pou idantifikasiyon yo:

### IDANTIFIKASYON PRENSIPAL

1. Nenpòt moun ki gen yon lisans oswa yon kat idantifikasiyon ki soti nan District of Columbia, nan Teritwa Etazini yo oswa nan youn nan 50 eta nou yo (eksepte sa ki sou lis ki pi ba la yo) ka prezante lisans li oswa kat idantifikasiyon li kòm dokiman prensipal pou idantifikasiyon. Yo egzije yon dezyèm dokiman ki apwouve pou idantifikasiyon tou.

Avi empòtan: Lisans pou kondwi nan eta sa yo:

Alaska	Iowa	North Carolina	Utah
Connecticut	Michigan	Oregon	Vermont
Hawaii	Minnesota	Rhode Island	Virginia
Illinois	Nebraska	Tennessee	Washington
Indiana	New Jersey	Texas	Wisconsin

akzeptab kòm idantifikasiyon segondè SELMAN epi pou bay resiposité pou privilèj pou kondwi.

2. Yon kopi sètifye yon batistè ameriken;
3. Yon paspò ameriken;
4. Yon sètifica natiralizasyon United States Department of Homeland Security (Depatman Sekirite nan Teritwa Etazini) bay;
5. Yon resi yon alyenn kat (grin kat);
6. Yon kat otorizasyon travay United States Department of Homeland Security (Depatman Sekirite nan Teritwa Etazini) bay; oswa

7. Prèv klasifikasyon kòm moun ki pa imigran Department of Homeland Security (Depatman Sekirite nan Teritwa Etazini) bay, pou yon lisans orijinal pou kondwi. Pou ka pwouve klasifikasyon kòm yon moun ki pa yon imigran, yon moun kap fè aplikasyon ka prezante dokiman sa yo, ansanm ak, men san yo pa limite a yomenm sèlman:
  - a. Yon avi pou odyans yon tribinal imigrasyon bay pou yon randevou pou yon odyans pou nenpòt ki pwosedi.
  - b. Yon avi Board of Immigration Appeals (Komite pou Apèl nan Imigrasyon) an ki fè konnen gen yon apèl ki ann atant.
  - c. Yon avi sou apwobasyon yon aplikasyon pou ajisteman estati United States Immigration and Naturalization (Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon nan Etazini) bay.
  - d. Yon dokiman ofisyèl ki konfimen yo depoze yon demann pou estati azil oswa nenpòt lòt reparasyon United States Immigration and Naturalization Service (Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon nan Etazini) bay.
  - e. Yon avi sou aksyon pou transfere nenpòt ka ki ann atant nan yon lòt jurisdiksyon pou vin nan Eta sa a epi se United States Immigration and Naturalization Service (Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon nan Etazini) ki bay avi a.
  - f. Yon lòd yon jij imigrasyon oswa yon ofisye imigrasyon ki akòde nenpòt reparasyon ki otorize yon etranje pou li viv ak travay nan Etazini nan lòd la genyen azil, men li pa limite a sa sèlman.

Prezantasyon nenpòt dokiman ki nan lis 6. ak 7. la ki bay moun kap fè aplikasyon pou lisans pou kondwi a oswa pou pèmi tanporè a yon peryòd tan ki pa ka depase dat espirasyon dokiman ki te prezante a oswa 2 an, kèlkeswa sa ki rive anvan an.

## **ASYON SEGONDE**

1. Dosye lekòl ki gen dat nesans lan ladan, epi ki dwe genyen siyati direktè lekòl la;
2. Relve dosye nesans la ki depoze ak yon ofisye publik ki responsab pou anrejistre sètifikasi yo;
3. Sètifikasi batèm, ki gen dat nesans lan ak kote batèm lan te fèt la;
4. Dosye Bib Fanmi an oswa anons nesans lan nan yon liv tibebe;
5. Yon kontra asirans sou lavi kliyan an, ki ofisyèl depi omwen 2 an epi ki gen mwa, jou ak ane nesans lan ladan;
6. Yon kat idantifikasiyon militè oswa depandan yon militè;
7. Lisans pou kondwi nan Florida oswa lisans pou kondwi nan lòt eta, ki valab oswa ki espire (yo ka sèvi kòm atik prensipal tou);
8. Dosye lisans Florida oswa dosye kat idantifikasiyon;
9. Enskripsyon nan Sèvis Selektif (Kat rekritman);
10. Sètifikasi Rejistrasyon Otomobil nan Florida (HSMV 83399, kopi pwopriyetè a) yo jwenn nan depatman, nan biwo yon kolektè takson, oswa yon ajan ki otorize ki bay etikèt kote otomobil kliyan an te anrejistre a, sètifikasi rejistrasyon nan Florida oswa nan lòt eta, si yo gen non an ak dat nesans lan ladan;

11. Kat idantifikasyon pou moun ki pa kondwi nan Florida oswa kat idantifikasyon pou moun ki pa kondwi nan lòt eta (yo ka sèvi kòm atik prensipal tou);
12. Resi kopi dènye lisans pou kondwi yo te ba w nan Florida;
13. Fòm imigrasyon I571;
14. Fòm Federal DD-214 (dosye militè);
15. Sètifikas maryaj;
16. Lòd tribunal, ki gen non legal ou ladan;
17. Yon kat rejistrasyon moun ki vote nan Florida, epi yo te bay kat la pandan twa (3) dènye mwa ki pase yo;
18. Idantifikasyon pèsonèl yon egzaminatè oswa yon moun egzaminatè konnen trè byen.
19. Kat sekirite sosyal;
20. Fòm konsantman paran yon minè, epi ki gen yon granmoun ki responsab ki siyen li oswa;
21. Paspò, lisans pou kondwi, oswa kat idantifikasyon gouvènman an bay andeyò peyi a.

**REMAK: Apati 10 avril 2002, yap aksepte kat idantifikasyon Militè Etazini ki gen ran ofisyè a sou li kòm prèv sitwayènte sèlman; men pa kòm prèv prensipal pou idantifikasyon.**

Si w chanje non ou legalman swa poutèt maryaj oswa ak yon lòd tribunal, ou dwe bay sèfika maryaj orijinal la oswa lòd tribunal orijinal la oswa yon kopi sètifye.

**Yo pap aksepte fotokopi amwenke otirite ki bay yo a sètifye yo.**

### **Moun ki pa sitwayen ameriken**

Lalwa Florida egzije idantifikasyon, prèv sou dat nesans ak nimewo sekirite sosyal (si gen youn) pou tout kliyan anvan yo ba yo yon lisans pou kondwi oswa yon kat idantifikasyon.

### **Imigran**

Chak imigran ki fè aplikasyon pou yon lisans orijinal pou kondwi oswa pou yon kat idantifikasyon dwe bay:

- Resi rejistrasyon alyenn kat, (Green card, Fòm I-151 or I-551); oswa
- I-551 so nan paspò a oswa sou I-94 la; oswa
- Lòd Jij Imigrasyon, ansanm ak A-number (nimewo A) kliyan an, ki bay azil; oswa
- I-797, ansanm ak A-number (nimewo A) kliyan an, ki fè konnen yo bay kliyan an azil; oswa
- I-797 oswa yon lòt fòm ki soti nan Bureau of Citizenship and Immigration Services (Biwo Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon), ansanm ak A-number (nimewo A) kliyan an, ki fè konnen yo apwouve aplikasyon kliyan an te fè pou estati Refijye a.

## Moun ki pa imigran yo

Chak moun ki pa imigran epi ki fè aplikasyon pou yon lisans orijinal pou kondwi oswa yon kat idantifikasiyon dwe bay:

- Kat otorizasyon pou travay United States Department of Justice [Depatman Lajistis nan Etazini] (Fòm I688B oswa I-766) bay; oswa
- Prèv sou klasifikasiyon kòm moun ki pa imigran United States Department of Justice [Depatman Lajistis nan Etazini] (Fòm I-94, ki pa espire, ansanm ak dokiman ki sipòte li yo epi ki egzijib yo) bay. Si w gen dout sou ki dokiman ki egzijib yo, tanpri pote tout dokiman USCIS yo avèk ou). Dwe gen yon paspò ki akonpaye I-94 yo. Gen kèk klasifikasiyon ki egzije lòt dokiman anplis. Men kèk nan egzanp yo:
  - Klasifikasiyon F-1 ak M-1 dwe toujou gen yon I-20 ki akonpaye yo.
  - Deziyasyon I J-1 oswa J-2 dwe gen yon IAP-66 ki akonpaye yo.
  - Klasifikasiyon kòm refijye, moun ki gen azil, ak moun ki nan libète kondisyonèl dwe gen lòt dokiman anplis ki akonpaye yo.

Yap aksepte dokiman sa yo sèlman kòm dokiman ki sipòte demann lan, ladan yo gen Paspò, Lisans pou kondwi nan Florida oswa Kat Idantifikasiyon Florida, Kat Otorizasyon pou Travay, Idantifikasiyon Konpayi Kote Wap Travay, Idantifikasiyon peyi kote w soti a, Idantifikasiyon lekòl oswa inivèsite bay, Kat Sekirite Sosyal oswa lòt dokiman INS.

- I-571 Travel Document/Refugee Travel Permit (Dokiman pou vwayaje/ Pèmi pou refijye vwayaje)
- I-512 Parole Letter Accepted (Lèt Liberasyon Kondisyonèl Aksepte)
- IJO- Asylum or Cancellation of Removal - Immigration Judges Order granting Asylum or Cancellation of Removal (Azil oswa Anilasyon Depòtasyon - Lòd Jij Imigrasyon ki bay Azil oswa ki Anile Depòtasyon).
- Tout dokiman ki egijib yo epi dokiman ki pyès jistifikatif yo DWE prezante sou fòm orijinal oswa sètifye.
- Dokiman yo dwe valab pou plis pase 30 jou apatide dat yo te bay dokiman an.
- Yo va bay moun ki pa sitwayen ameriken epi kap fè aplikasyon pou yon lisans orijinal pou kondwi yon pèmi ki bon pou 30 jou, ki pa gen foto sou li, ki fèt an papye epi ki tanporè ansanm ak yon resi. Yo va bay moun ki pa sitwayen ameriken epi kap fè aplikasyon pou yon kat idantifikasiyon yon resi.
- Tout dosye yo ale nan bazdone nou genyen nan Tallahassee a, kote yo va egzaminen enfòmasyon an epi yo va konpare li avèk bazdone FDLE, FBI epi INS yo.
- Yon fwa yo fin verifye idantite ak estati legal la, Tallahassee va bay yon lisans pou kondwi oswa yon kat idantifikasiyon anvan 30 jou pase, epi yo va voye li pa lapòs nan adrès ki nan dosye ou kòm chofè a. Yo va bay lisans lan oswa kat idantifikasiyon an pou kantite tan ki ekri sou dokiman INS la.
- Si yo detekte yon pwoblèm, yo va voye yon lèt refi bay kliyan an pa lapòs.

Si w pa yon sitwayen kanadyen epi ou gen yon lisans kanadyen pou kondwi, yo egzije pou ou bay prèv sou prezans legal ou nan peyi a menm jan ak nenpòt lòt moun ki pa sitwayen ameriken.

### **Renouvelman, Diplikata oswa Ranplasman pou Moun ki pa Sitwayen Ameriken**

- Nenpòt imigran, ki gen yon lisans pou kondwi oswa kat idantifikasyon epi ki bezwen renouvel, fè yon diplikata oswa ranplase yon lisans pou kondwi oswa yon kat idantifikasyon, dwe fè yon aplikasyon an pèsòn nan yon biwo ki bay lisans pou kondwi omwen yon fwa anvan 1 mas 2002 epi imigran an dwe prezante pyès idantifikasyon li yo ankò menm jan lalwa Florida egzije a.
- Nenpòt moun ki pa imigran, ki gen yon lisans pou kondwi oswa yon kat idantifikasyon epi ki bezwen renouvel, fè yon diplikata oswa ranplase lisans pou kondwi a oswa kat idantifikasyon an, dwe fè yon aplikasyon an pèsòn nan yon biwo ki bay lisans pou kondwi epi moun lan dwe prezante pyès idantifikasyon ansanm ak dokiman ki pwouve prezans li legal nan peyi a.
- Si w pa gen dokiman yo egzije pou demonstre prezans ou legal nan peyi a, yap kenbe lisans ou genyen pou kondwi a oswa kat idantifikasyon an epi yap ba w yon resi. Si w gen yon lisans pou kondwi ki pa espire, yo va ba w yon pèmi tanporè pou 30 jou. Lè w tounen ak dokiman yo egzije yo, yo va swa renouvel, fè yon diplikata oswa ranplase lisans lan epi yo va chanje dat espirasyon an pou dat espirasyon ki sou papye INS (imigrasyon) ou yo.

Pou moun ki pa sitwayen ameriken chanje non yo

- Si w chanje non ou legalman paske ou marye oswa dapre lòd tribunal, ou dwe chanje non ou sou dokiman Citizen and Immigration Services [Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon] (USCIS) yo. Pou chanje non sou lisans pou kondwi ak sou kat idantifikasyon, yo aksepte yon resi USCIS bay, ki fè konnen fòm I-90 ki depoze .
- Sitwayen kanadyen yo: Si w chanje non ou legalman swa paske w marye oswa poutèt lòd tribunal, ou dwe fè chanje non ou sou lisans kanadyen an epi/oswa sou paspò a tou anvan ou fè aplikasyon pou chanje non ou sou lisans pou kondwi oswa sou kat idantifikasyon ou.

### **Lalwa Trafik ak Edikasyon sou Abi Dwòg**

Si yo pa janm ba w yon lisans nan okenn jirisdiksyon (eta oswa peyi), yo egzije pou w fin pran yon kou edikasyon sou lalwa trafik ak abi dwòg nèt anvan yo ba w yon lisans. Gade nan anyè telefòn lokal la pou w ka jwenn kote ki bay kou yo nan zòn kote ou rete a.

### **Edikasyon chofè**

Kou pou edikasyon chofè yo ka ede w devlope konesans ou bezwen pou w ka yon chofè ki pridan. Ou ka jwenn plis enfòmasyon si w gade nan anyè telefòn lokal la nan **Driving Instruction or Traffic Schools (Edikasyon pou Kondwi oswa Lekòl Trafik)**.

### **Tès pou tyès pati**

Anpil pwofesè edikasyon pou kondwi ede Department of Highway Safety (Depatman Sekirite sou Gran Wout ak Otomobil] (DHSMV) lè yap bay lisans pou nouveau chofè. Pwofesè edikasyon chofè a va rantre rezulta tès elèv ki fin fè tès lisans pou kondwi nan yon kou Driver Education Licensing Assistance Program [Pwogram Asistans nan Bay Lisans nan Edikasyon Chofè] (DELAP), DHSMV apwouve nan lekòl publik oswa lekòl prive ki patisipe nan pwogram sa a, nan dosye Depatman an genyen pou tès yo.

Biwo lokal ki bay lisans pou kondwi yo va itilize rezulta tès sa yo pou bay pèmi pou aprann kondwi ak pou bay lisans Klas E. Men, DHSMV ka teste nenpò elèv pa aza konsa anvan yo bay elèv la yon lisans pou kondwi.

## Kòd pou Restriksyon ak Adòsman sou lisans nan Florida

### Kòd pou Restriksyon

- A CORRECTIVE LENSES (LANTIY POU KOREKSYON) vle di yon moun dwe pote lantiy pou koreksyon pandan tout tan lap kondwi yon otomobil.
- B RETWOVIZE SOU KOTE (BO GOCH) vle di otomobil moun nan ap kondwi a gen yon retwovizè sou bò goch machin lan.
- C POU REZON BIZNIS SELMAN vle di privilèj pou kondwi a limite nan kondwi ki nesesè pou w ka gen pen kotidyen ou, sa vle di kondwi pou ale ak soti nan travay, kondwi ki nesesè pou fòmasyon pou travay, kondwi pou rezon edikasyon, epi kondwi pou al legliz ak pou rezon medikal.
- D POU REZON TRAVAY SELMAN vle di privilèj pou kondwi a limite nan kondwi pou ale ak soti nan travay, epi kondwi ki nesèsè pou yon moun fè travay li lè konpayi kote moun lan ap travay la oswa lè travay la menm mande pou moun lan kondwi.
- E KONDWI PANDAN FE KLE LAJOUNEN SELMAN vle di moun lan ka kondwi lè fè klè pandan lajounen sèlman.
- F TRANSMISYON OTOMATIK vle di moun lan ka kondwi yon otomobil ki gen transmisyon otomatik sèlman.
- G VOLAN OTOMATIK (POWER STEERING) vle di moun lan ka kondwi yon machin ki gen volan otomatik (power steering).
- I SIYAL POU CHANJE DIREKSYON vle di yon moun dwe kondwi yon otomobil ki gen siyal mekanik ladan.
- J ADERANS SOU VOLAN vle di machin lan gen yon manch oswa yon bouton sou volan an.
- K APAREY POU EDE MOUN TANDE vle di moun lan dwe mete yon aparèy pou ede li tandé depi lap kondwi yon machin CDL.
- L KOUSEN POU CHEZ MACHIN vle di moun lan dwe sèvi ak yon kousen pou chèz machin depi lap kondwi.
- M LEVYE POU KONTWOL AK MEN OSWA ESTANSYON POU PEDAL vle di machin lan dwe gen levye pou kontwòl ak men oswa yon estansyon pou pedal.
- N AKSELERATE POU PYE GOCH vle di machin lan dwe gen yon akseleratè pou pye goch la.
- P APAREY POU ANPECHE MACHIN DEMARE LE MOUN NAN PWOBASYON vle di otomobil la gen yon aparèy ki anpeche li demare a lè tribinal ki enpoze restriksyon an egzije yo.
- S LOT RESTRIKSYON vle di gen lòt restriksyon yo enpoze sou lisans sa a.
- T PA POTE PASAJE SOU MOTOSIKLET vle di moun lan pa kapab gen yon pasaje lè lap kondwi yon motosiklèt.
- X BRASLE POU ALET MEDIKAL vle di moun lan pote yon braslè pou alèt medikal.
- Y POU REZON EDIKATIF SELMAN vle di moun lan ka kondwi pou rezon edikatif sèlman.

## Kòd restriksyon ki parèt sou lisans chofè komèsyal sèlman

- 1 MACHIN KI GENYEN/PA GENYEN FREN KI GEN LE KONPRIME LADAN -**  
yo bay sa yo pou moun ki pa pase tès ekri ki egzijib la ak/oswa tès abilite pou kondwi otomobil ki gen fren ak lè konprese yo.
- 2 CDL-POU KONDWI ANNDAN ETA A SELMAN [2 CDL-INTRASTATE ONLY] (CMV) -** yo bay moun ki gen otorizasyon pou kondwi machin komèsyal anndan Eta Florida a sèlman.
- 3 OTOBIS SELMAN (CMV)** - yo bay moun ki gen otorizasyon pou kondwi yon machin komèsyal ki yon otobis.
- 4 CMV<26,001 LBS Gross Vehicle Weight Rating (Pwa teknik maksimòm yon sèl otomobil)**
- 5 NO TRACTOR/TRAILERS (PA POU TRAKTE/TRELE)**
- 6 NO CLASS A PASSENGER VEHICLES (PA POU MACHIN KLAS A KI GEN PASAJE)**
- 7 NO CLASS B PASSENGER VEHICLES (PA POU MACHIN KLAS B KI GEN PASAJE)**

**REMAK:** Yo ka bay chofè, ki gen yon restriksyon sou lisans yo epi ki pa obsève egzijans restriksyon an yo, yon kontravansyon poutèt yo vyole restriksyon an epi yo ka sispann yo tou. Kalite ofans sa yo se ti krim dezyèm degre yo ye, eksepte pou vyolasyon restriksyon ki gen nan kòd X yo.

### Kòd andòsman yo

Yo mete andòsman sa yo sou lisans chofè komèsyal Klas A, B, oswa C.

- H HAZMAT PLAKADE-** yo bay moun ki pase egzamen ekri yo epi ki pral transpòte materyèl plakade ki gen danje ladan yo.
- N MACHIN SITEN -** yo bay moun ki pase egzamen ekri yo epi ki pral kondwi machin sitèn.
- P PASAJE -** yo bay moun ki pase egzamen ekri yo epi ki pral kondwi machin ki gen pasaje ladan yo.
- T TRELE DOUB/TRIP -** yo bay moun ki pase egzamen ekri yo epi ki pral kondwi machin trelè traktè doub oswa trip.
- S OTOBIS LEKOL -** yo bay moun ki pase egzamen ekri yo epi ki pral kondwi yon otobis lekòl.
- X HAZMAT PLAKADE AK & MACHIN SITEN -** yo bay moun ki kalifye pou andòsman H ak N.

## **Egzijans fizik ak mantal**

Ou dwe mete tout pwoblèm fizik oswa mantal, ki ka afekte jan ou kondwi a, sou palikasyon pou lisans la. Gen anpil pwoblèm fizik yo ka debwouye yo avèk yo si yo mete restriksyon sou lisans ou. Si w gen malkadi, ou konn endispoze, ou konn gen toudisman, ou konn rete ou wè tou nwa, oswa nenpòt lòt maladi ki ka ba w problèm pou kondwi, yo ka mande w pou w fè doktè w rampli yon fòm rapò medikal. Ou ka mande fòm sa yo nan biwo lokal kote yo bay lisans pou kondwi yo epi yo ka voye yo ba w dirèkteman pa lapòs. Doktè w dwe ranpli rapò a epi li dwe voye li bay Depatman an anvan yo ba w yon lisans.

Si w dyabetik epi ou pran ensilin, ou ka mande pou yo mete “Insulin Dependent” (“moun ki pran ensilin”) sou lisans ou an.

## **Egzijans pou egzamen an\***

Yo egzije moun ki fè aplikasyon an pèsòn pou lisans orjinal nan Florida yo pran egzamen sa yo:

1. Pèmi pou aprann kondwi - je, tandem, siy lari yo, epi règleman ki genyen pou wout la yo pou lisans Klas E.
  2. Lisans Klas E lisans - je, tandem, siy lari yo, règleman ki genyen pou wout la yo pou lisans Klass E epi tès pratik pou kondwi a.
- REMAK:** Yo egzije moun ki gen lisans ki valab nan lòt eta yo, nan teritwa Etazini posede yo, Lafrans, oswa Kanada pou yo pran yon tès pou je amwenke yo kesyonen abilité moun nan genyen pou li kondwi. Yo egzije moun ki gen lisans pou kondwi ann Almay ak Taywann pou yo pran tès pou je ak pou tandem ansanm ak yon egzamen ekri. Yo ka pa fè yo pran tès pratik pou kondwi a amwenke yo kesyonen abilité moun nan genyen pou li kondwi.
3. Andòsman pou motosiklèt - Anplis tès ki dekri anwo a yo, kliyan ki mande andòsman pou motosiklèt la yo dwe pase tès konesans nan motosiklèt la epi tès konpetans pou siklis yo (amwenke yo gen yon andòsman pou pou motosiklèt nan lòt eta kote yo te pran lisans lan). **Gade nan seksyon Motosiklèt nan Florida nan Tiliv enfòmasyon sou motosiklèt la.**
  4. Lisans pou kondwi machin komèsyal - **gade nan Tiliv Florida genyen pou kamyon ak otobis yo pou egzamen yo egzije pou chofè kamyon ak otobis yo.**

**\*Moun ki bay egzamen an fè enspeksyon nan tout machin yo titilize pou bay tès pratik pou kondwi oswa tès pou konpetans siklis yo.**

## **Rezon ki fè yo bay tès pou lisans pou kondwi a**

Rezon ki fè yo bay tès pou lisans pou kondwi a se pou detèminen plizyè bagay:

- a. Eske w kapab li epi konprann siy lari yo, siyal trafik yo ak ekrito ki genyen sou gran wout yo?
- b. Eske w konn règleman yo pou kondwi nan Florida?
- c. Eske w wè byen ase pou w kondwi ak pridans?
- d. Eske w gen konesans ak esperyans pou w kondwi ak pridans?
- e. Eske w gen nenpòt andikap fizik oswa mantal ki ta afekte jan ou kondwi a?

## **Enfòmasyon sou egzamen an**

### **TÈS POU JE - tès depistaj nòmal pou je**

#### **Lantiy oswa linèt:**

- Yo va ba w restriksyon pou pote lantiy pou koreksyon lè wap kondwi si w bezwen pote lantiy kontak oswa linèt pou w pase tès la.
- Lantiy teleskopik - ou pa kalifye pou w gen yon lisans pou kondwi si w pote linèt ki gen vè teleskopik ladan.

#### **Egzijans yo:**

Yo va revoke privilèj ou genyen pou w kondwi a si w pa kapab satisfè règleman sou estanda pou je a. Pou reyisi egzamen an, ou dwe ranpli kondisyon estanda pou vizyon san oswa avèk lantiy pou koreksyon yo:

- Gen vizyon 20/40 (oswa pi bon) nan chak je epi nan toude je yo, avèk oswa san lantiy pou koreksyon yo.
- Si w gen vizyon 20/200 (oswa pi mal) nan yon je, ou dwe gen vizyon 20/40 (oswa pi bon) nan lòt je a, avèk oswa san lantiy pou koreksyon yo. Yo ka egzije referans bay yon doktè je.
- Si w gen vizyon 20/70 (oswa pi bon) nan nenpòt nan je yo separeman, oswa nan toude je yo ansanm. Ou dwe fè yon tès depistaj pou jwe ki pi mal la epi tès la dwe pi bon pase 20/200, avèk oswa san lantiy pou koreksyon yo. Yo ka egzije referans bay yon doktè je.

### **TÈS SOU SIY LARI YO - Tès chwa miltip ki gen 20 siy lari pou idantifye dapre koulè, fòm oswa sifyifikasyon ladan.**

### **TÈS SOU RÈGLEMAN WOUT LA - Tès chwa miltip ki gen 20 kesyon sou lalwa trafik nan Florida ladan.**

### **ENSPEKSYON MACHIN - Yo va fè enspeksyon machin ou an pou detèminen si li pridan pou yon tès pratik kondwi nan lari a.**

### **TÈS PRATIK POU KONDWI**

- Ou dwe gen pwòp otomobil pa w pou tès pratik pou kondwi a.
- Ou dwe bay prèv ki montre ou gen asirans ki bay pwoteksyon kont domaj fizik oswa moral epi yon rejistrasyon ki valab pou machin lan pou pran tès pratik pou kondwi a.
- Si w pa gen yon lisans ki valab, ou dwe gen yon chofè ki gen lisans ki akonpaye ou.
- Pa gen pèsòn moun ki ka akonpaye oumenm ak moun kap bay egzamen an pandan tès pratik pou kondwi a.

Yo atann pou w fè manèv sa yo lè wap fè tès pratik pou kondwi a:

- **VIRE MACHIN LAN FE DEMI TOU** - Vire machin ou an fè demi tou nan yon espas ki 30' a 40'.
- **CHANJE VITES** - Chanje vitès dousman epi kòrèkteman (si machin ou an se yon transmisyon manyèl li genyen pou chanje vitès) [stick shift].
- **APWOCHÉ KWAZMAN** - Rantre nan liy ki bon an epi gade nan chak direksyon. Chanje vitès dousman epi kòrèkteman (si machin ou an se yon transmisyon manyèl li genyen pou chanje vitès) [stick shift].
- **SWIV PRENSIP DWADPASAJ LA** - Kite pyeton yo travèse, mete w sou kote epi kanpe pou otomobil kadijans yo pase, epi pa antre nan yon entèsekson kote ou pral entèfere ak lòt trafik.

- **PAKE DWAT** - Pake machin ou nan espas pou pake dwat la. Lè li byen pake, machin nan dwe santre nan mitan espas la san pa gen okenn pati nan machin lan ki bay nan liy trafik la. Manèv sa a bay moun kap bay egzamen an opòtinite pou li swiv abilite ou genyen pou:
  - a) manevre machin lan nan espas ki fèmen
  - b) jije distans
  - c) mentni kontwòl machin nan pandan wap rantre nan yon espas pou pake dwat.
- **KANPE/DEMARE SOU YON NIVO** - Si pa gen mòn nan tès pratik pou kondwi a, yo fè similak manèv sa a lè machin nan yon espas pou pake dwat oswa lè w mete machin lan sou kote lari a anvan ou fè manèv pou fè demi tou a. Yo va ba w lòd pou montre ak pou di moun kap bay egzamen an kisa ou ta fè si w ta pral kite machin lan pake anba yon mòn, avèk oswa san yon twotwa.
- **KANPE BYEN VIT** - Kondwi a 20 milalè epi kanpe byen vit, ak pridans lè moun kap bay egzamen an di w pou w fè sa.
- **FE BAK** - Fè bak nan yon distans ki 50 pye a yon ti vitès piti. Pa itilize retruwizè lè wap fè bak la. Olye w fè sa, gade deyè.
- **OBEYI SIY POU KANPE YO (STOP SIGNS)** - Bay bon jan siyal la si wap vire, apwoche nan liy ki apwopriye a, kanpe konplètman anvan ou rive kote pou pyeton travèse lari a oswa anvan ou rive nan liy pou kanpe a, epi rete kanpe jiskaske ou ka deplase ak pridans san ou pa entèfere ak trafik kap travèse a.
- **OBEYI SIYAL TRAFIK YO** - Antre nan liy ki apwopriye a epi apwoche limyè a, a yon vitès ki pral pèmèt ou kanpe si limyè a ta chanje. Lè w dwe kanpe, kanpe anvan espas kote pyeton travèse lari a oswa anvan liy pou kanpe a. Lè limyè a chanje pou li vin vèt, pa avanse jiskake lòt trafik la fin soti nèt nan entèsekson an. Bay siyal ki kòrèk la pou kanpe ak pou vire. Siveye siy ki genyen pou "no turn" ("pa vire") ak "one way" ("sans inik") yo.
- **FE SIYAL EPI POU VIRE** - Rantre nan bon jan liy la epi fè siyal wap vire depi dènye 100 pye yo. Ou ka itilize swa siyal ak men oswa siyal mekanik yo. Ralanti anvan ou rive kote pou pyeton travèse a epi rete nan bon jan liy lan.
- **POU PASE** - Toujou gade devan ak dèyè pou w ka konnen ou ka pase san danje. Pase sou bò goch, amwenke machin ki devan an pral vire agoch oswa machin lan nan liy pou vire agoch la nan yon lari ki gen plis pase yon liy nan chak direksyon. Pa pase sou akotman an (sou kote lari a).
- **RETE NAN BON JAN LIY LAN** - Kondwi nan liy dwat la eksepte nan yon lari ki sans inik. Pa chanje li jiskaske li pridan pou fè sa.
- **RETE A YON DISTANS KI PA GEN DANJE LADAN** - Pa kondwi tou pre dèyè lòt machin yo. Itilize prensip 2 segonn lan (Gade nan paj 45).
- **UTILIZE BON JAN POSTI** - Kenbe toude men ou yo sou volan an epi pa depoze koud ou sou fenèt la.

Moun kap bay egzamen an va esplike nenpòt erè ou ta ka fè apre tès la fin fèt nèt. Si w diskalifye pou tès pratik pou kondwi a, yo va mande w pou w etidye oswa praktike anvan ou tounen vin pran yon lòt tès. Yo va mande w pou ou tounen yon lòt jou pou ou fè lòt tès anplis.

Si w pase egzamen an, moun kap bay egzamen an va kolekte frè a epi li va ba w lisans ou. Si w remèt yon pèmi ki valab pou aprann kondwi, yo pap chaje w frè anplis pou ranplase Klas E a.

### **Randevou yo**

Yo egzije randevou pou nenpòt nan sèvis biwo lisans pou kondwi a bay. Ou ka pran randevou si w itilize Online Appointment Services (Sèvis pou randevou sou entènèt la) ak Information System (Sistèm pou enfòmasyon an):

(OASIS)

**<http://oasis.hsmv.state.fl.us/>**

Gen yon lis biwo ki bay lisans pou kondwi yo nan paj akèy nou an nan [www.hsmv.state.fl.us](http://www.hsmv.state.fl.us). Pran randevou w la davans epi prezante omwen senk (5) minit anvan lè yo ba w randevou a.

### **Pou chanje adrès**

Ou dwe gen yon nouvo lisans ki montre nouvo adrès ou a anvan 10 jou pase sou dat ou chanje adrès la. Ou ka chanje adrès sou lisans ou oswa sou kat identifikasyon ou si:

1. Ou itilize telefòn lakay ou ki gen bouton sou li: 1-866-467-3639. Gen yon frè \$10 pou lisans lan.
2. Pa lapòs: ou dwe mete tout non ou nèt, nouvèl adrès la, nimewo lisans pou kondwi a, epi dat nesans ou. Voye li pa lapòs bay Division of Driver Licenses, Mail Stop 92, Post Office Box 5775, Tallahassee, Florida 32314-5775.  
Mete yon chèk pèsonèl oswa yon chèk postal (money order) pou \$10 ki peyab sou non DHSMV ladan. Ou va resevwa koreksyon ki apwopriye yo pa lapòs. Tanpri bay 30 jou pou yo fin travay sou demann sa a.
3. Ale nan biwo lokal ki bay lisans pou kondwi yo.
4. Sou entènèt la nan: <http://www.gorennew.com>. Gen yon frè \$10 pou lisans lan.
5. Apre yo fin travay sou demann ou an, ou va resevwa yon etikèt pou ou mete sou do lisans ou genyen pou lemoman an. Chofè ki gen yon lisans dijital va resevwa yon nouvo lisans. Lalwa Florida egzije pou ou detwi ansyen lisans pou kondwi a apre w fin resevwa nouvo lisans lan.

Si w pa rapòte chanjman adrès la, ou ka pa resevwa dokiman pou renouvelre rejistrasyon pou otomobil ou oswa dokiman pou renouvelre lisans ou genyen pou kondwi a. Si lapolis rete w epi adrès ki sou lisans ou genyen pou kondwi a pa kòrèk, ou ka resevwa yon kontravansyon.

### **Pou renouvre lisans pou kondwi a**

Lisans pou kondwi yo valab pou kat (4) a sis (6) an. Anvan ou renouvre lisans ou, yo tcheke dosye ki genyen sou jan ou kondwi a. Yo va bay moun kap fè aplikasyon orijinal yo (premye fwa) ak moun kap renouvre yo, epi ki gen yon dosye ki pa gen okenn kondanasyon ladan pandan twa (3) dènye ane ki pase yo epi ki pa gen sispansyon ni revokasyon pandan sèt (7) dènye ane ki pase yo **yon lisans “Safe Driver” (“Chofè Pridan”)** pou sis (6) an.

#### **Yo ka pa renouvre lisans ou si:**

- a. Ou pa kalifye pou resevwa yon lisans.
- b. Ou pat reponn yon manda ki gen pou wè ak vyolasyon lalwa trafik.
- c. Lisans ou genyen pou kondwi a sispanny, revoke oswa anile.

## **Chwa pou renouvelman**

### ***Pa lapòs***

Chofè yo ka renouvre pa lapòs lè lisans lan espire an de (2) fwa. Ou ka resevwa yon pake pou renouvre pa lapòs apeprè 30 jou anvan dat espirasyon lisans ou an. Pa gen okenn frè anplis pou renouvre pa lapòs.

### ***Entènèt***

Ou ka renouvre sou entènèt la nan <http://www.gorennew.com>.

### ***Telefòn:***

Ou ka renouvre nan telefòn si w rele 1-866-467-3639. Gen yon frè pou sèvis ki \$2.90 anplis frè pou renouvre lisans lan.

Apre yo fin travay sou demann ou an, ou va resevwa yon etikèt ki pou dire kat (4) oswa sis (6) ane pou ou mete sou do lisans ou genyen pou lemoman an. Chofè ki gen yon lisans dijital va resevwa yon nouvo lisans. Lalwa Florida egzije pou ou detwi ansyen lisans pou kondwi a apre w fin resevwa nouvo lisans lan.

### **REMAK: Dat espirasyon yo ka varye pou lisans yo bay moun ki pa sitwayen ameriken yo.**

Yo egzije tout chofè ki gen 80 ane oswa plis epi kap renouvre lisans yo genyen pou kondwi a pou yo fè yon tès pou je yo.

Yo ka fè tès la nan biwo ki bay lisans pou kondwi a san li pa koute anyen oswa kay pwofesyonèl medikal ki fè tretman maladi pou ou a, tankou doktè ou, osteyopraktisyen ou oswa optometris ou. Si se doktè w ki fè tès pou je a, li dwe ranpli yon rapò sou konsiltasyon pou je a epi li dwe voye li bay depatman an . Pou konfò pa w, ou ka mande pwofesyonèl ki fè tretman maladi pou ou a pou li voye fòm lan pa mwayer elektwonik sou entènèt la nan(<http://www.hsmv.state.fl.us/Vision>). Apre yo fin depoze fòm lan pa mwayer elektwonik la, lè sa a wap kapab renouvre sou entènèt la, pa telefòn oswa pa lapòs.

Si w ta chwazi pou ou fè tès pou je a nan biwo lokal ki bay lisans pou kondwi a, tanpri pran yon randevou pou nou ka sèvi w ak plis efikasite. Yon fwa w pase tès pou je a, ou ka fin fè pwosesis renouvelman an nèt. Men, si yo detekte yon pwoblèm, yo va refere w bay yon doktè je pou konsiltasyon siplément anvan pou ou ka renouvre lisans lan.

### **Enfòmasyon sou moun pou kontakte**

Pa telefòn: Customer Service Center [Sant pou Sèvis Kliyan] (850) 922-9000

Pa imèl: [Vision@hsmv.state.fl.us](mailto:Vision@hsmv.state.fl.us)

## **Renouvèlman militè pa lapòs**

Manm lame amerikèn ki nan sèvis aktif deyò Florida ka renouvre lisans yo pa lapòs san yo pa pran egzamen. Madanm/mari yo ak pitit yo ki abite avèk yo ka fè menm bagay la. Omwen twa (3) mwa anvan dat espirasyon lisans ou, ekri : Division of Driver Licenses, 2900 Apalachee Parkway, MS 92, Tallahassee, Florida 32399-0575 oswa imèl demann ou an nan **ddl@hsmv.state.fl.us**. Bay non ou menm jan li parèt sou lisans ou an, nimewo lisans pou kondwi a, dat nesans ou epi adrès ou nan lòt eta a ansanm ak kòd postal la. Depatman an va voye plis enfòmasyon toujou pa lapòs.

## **Veteran yo**

Nenpòt veteran ki soti nan sèvis lame avèk onè, ki gen yon kat idantifikasiyon Division of Veteran's Affairs of the Department of Administration [Divizyon Zafè Veteran nan Depatman Administrasyon] ba li, epi Veteran's Administration [Administrasyon Veteran] detèminen li gen yon andikap ki gen rapò a 100% ak sèvis la epi ki kalifye pou gen yon lisans Klas E, gen eskiz pou li pa peye frè inisyal pou renouvèlman ak andòsman pou motosiklèt.

## **Pou chanje non (Sitwayen Ameriken yo)**

Ou dwe pote yon lòd tribinal, sètifikasi maryaj oswa papye divòs nan yon biwo ki bay lisans pou kondwi pou ou ka pwouve non ou chanje. Dokiman yo fèt pou dokiman orijinal oswa kopi sètifye.

## **Diplikata Lisans**

Si w pèdi lisans ou genyen pou kondwi a, si yo volè li oswa li detwi, fè aplikasyon pou yon diplikata imedyatman. Nan biwo kote yo bay lisans pou kondwi a, ou pral bezwen :

- Yon deklarasyon siyen ki di ou pèdi lisans ou.
- Montre idantifikasiyon ou.
- Peye frè pou diplikata lisans lan (\$10.00).

Ou ka fè aplikasyon pou yon diplikata lisans sou entènèt la tou nan

**<http://www.gorenew.com>**

## **Kat idantifikasiyon**

Si w bezwen yon kat idantifikasiyon, ou ka fè aplikasyon pou youn nan nenpòt biwo ki bay lisans pou kondwi. Pou jwenn yon kat idantifikasiyon, ou dwe:

1. Gen 12 an oswa pi plis. Yo ka bay nenpòt moun, kèleswa laj la, yon kat idantifikasiyon si moun nan fè aplikasyon pou yon pèmi pou pakin pou moun ki andikape.
2. Prezante kat Sekirite Sosyal ofisyèl Social Security Administration [Administrasyon Sekirite Sosyal] te ba w la; epi
3. Prezante idantifikasiyon yo egzije yo. Gade nan seksyon ***Kouman pou idantifye tèt ou.***

Kat la va gen yon foto ou an koulè, tout non ou, si se fanm oswa gason ou ye, adrès ou, dat nesans ou, epi lòt enfòmasyon Depatman an ka egzije yo. Kat idantifikasiyon yo valab pou 4 an. Yo bay sitwayen ki gen 60 an oswa pi plis yon kat idantifikasiyon "non-expiring" ("ki pa espire").

**REMAK: Dat espirasyon yo ka varye pou kat idantifikasiyon yo bay moun ki pa sitwayen ameriken yo.**

## **Ajans lisans pou kondwi yo (Kolektè taks yo)**

Kolektè taks nan zòn kote ou rete a ka bay sèvis konplè oswa sèvis limite pou lisans pou kondwi. Yo ka chaje w frè anplis pou sèvis la si w pran yon lisans pou kondwi oswa yon kat idantifikasiyon nan biwo yon ajan ki gen lisans pou sa. Tanpri kontakte kolektè taks nan zòn kote w rete a pou ou jwenn plis enfòmasyon sou frè anplis pou sèvis.

### **Sèvis Selektif**

Lalwa ki genyen nan Eta a egzije pou tout gason, ki yon sitwayen ameriken oswa yon imigran ki gen omwen 18 an men ki poko gen 26, an obsève egzijans Selective Service System (Sistèm Sèvis Selektif) federal la), lè yap fè aplikasyon pou yon lisans pou kondwi, yon pèmi pou aprann kondwi, yon lisans chofè komèsyal, yon kat idantifikasiyon, oswa pou renouvre oswa fè diplikata yon kat oswa yon lisans. Nenpòt lisans pou kondwi oswa kat idantifikasiyon konsanti pou egzijans Selective Service System (Sistèm Sèvis Selektif) Federal la.

**Frè pou lisans**

Frè inisyal pou premye lisans nan Florida	\$20
Pèmi pou aprann kondwi (Orijinal)	\$20
Renouvèlman pou Klas E	\$15
Renouvèlman pèmi pou aprann kondwi	\$15
Lisans chofè komèsyal	\$50
Diplikata lisans (si yon lisans pèdi oswa detwi)	\$10
Lisans yo vòlè-si gen rapò ki fèt bay lapolis	Pa gen frè pou sa
Ranplasman lisans (ou fèt pou remèt lisans ki pa kòrèk la)	\$10

**Lòt frè yo**

Andòsman lisans chofè komèsyal	\$5
Andòsman pou motosiklèt	\$5
Kat idantifikasyon	\$3
Diplikata oswa renouvèlman kat idantifikasyon	\$10
Frè delenkan	\$1
Pou reprann egzamen ekri	\$5
Pou reprann egzamen pratik pou kondwi	\$10

**Frè pou sèvis yo**

Frè administratif pou ofans ki gen rapò ak alkòl ak dwòg (anplis nenpòt lòt frè ki egzijib)	\$115
Apre yon lisans te revoke	\$60
Apre yon lisans te sispann	\$35
Apre yon lisans te diskalifye	\$60
Si w pa obsève egzijans tribunal yo (Sispansyon D-6), sipò pou timoun, chèk ki pa vo anyen	\$47.50

**Frè pou asirans ki sispann**

Si w pa kenbe asirans PIP:

(1ye sispanson)	\$150
(2yèm sispanson)	\$250
(3yèm sispanson)	\$500

Si w pa kenbe asirans pou responsablite (liability insurance)  
(Lalwa sou responsablite finansyè) \$15

Remak: Si yo sisapnn ou dapre ni PIP ni lalwa sou responsablite, yo va chaje w frè pou reyenstale yo.

## **Pwogram pou bay ògàn ak tisi nan kò moun nan Florida (Florida Organ and Tissue Donor Program)**

Pa mwayen mirak transplantasyon an, anpil moun ap viv an bòn sante, epi yap mennen lavi ki pwodiktif. Men, kantite demann ki gen genyen pou ògàn ak tisi kò moun yo toujou kontinye ap depase kantite ògàn ak tisi kò moun ki bay yo. Koulye a, gen dèmilye moun yo ta ka ede si gen pi plis moun nan noumenm ki bay ògàn ak tisi nan kò nou. Donasyon ògan ak tisi kò moun bay nou chak yon opòtinite espesyal pou ede lòt moun.

Donasyon ògan ak tisi vital yo ka sove lavi kote ki pa gen lòt espwa ki disponib. Transplantasyon kè, fwa, poumon ak ren sove lavi chak jou. Anplis, transplantasyon zo, po ak kòne byen souvan fè moun wè ankò epi sove moun ki viktim brili.

### **Kouman ou ka ede?**

1. Fè konnen ou vle bay ògàn ak tisi kò w yo sou lisans ou genyen pou kondwi nan Florida oswa sou kat idantifikasyon ou.
2. Fè fanmi ou genyen ki pi pwòch ou a oswa moun ki responsab ou legalman an konn sa.
3. Bay yon donasyon minimòm \$1 nan fon pou edikasyon moun kap bay ògan ak tisi kò yo.
4. **TOUT SA KI EKRI ANWO A**

### **Kontribisyon volontè yo**

Lè w fè aplikasyon pou yon lisans pou kondwi oswa yon kat idantifikasyon ou ka kontribiye volontèman nan fon espesyal sa yo:

**Kanpay pou eleksyon** - \$5 minimòm pou yo transfere nan Election Campaign Financing Trust Fund (Fon pou finanse kanpay pou eleksyon).

**Florida Organ and Tissue Donor Education and Procurement Trust Fund (Fon pou akizisyon ak edikkasyon moun kap bay ògan ak tisi kò nan Florida)**- \$1 minimòm pou edikasyon moun kap bay ògan ak tisi kò yo ak pou mentni rejis moun kap bay ògan ak tisi ò yo.

**Florida Council of the Blind (Komite pou moun avèg nan Florida)**- \$1 minimòm pou Florida Council of the Blind (Komite pou moun avèg nan Florida).

**Prevent Blindness of Florida (Anpeche moun vin avèg nan Florida)**- \$1 minimòm pou anpeche moun vin avèg ak pou prezève visyon nan je moun ki rete nan Eta Florida.

**Hearing Research Institute (Enstiti pou rechèch pou tandé)**- \$2 minimòm pou tès despistaj pou tandem pou timoun piti nan Florida.

**Juvenile Diabetes Foundation International (Fondasyon entènasyonal pou jenn timoun ki gen dyabèt)**- \$1 kontribisyon minimòm.

**Children's Hearing Help Fund (Fon pou ede timoun ki gen pwoblèm pou tandem)** - \$1 kontribisyon minimòm.

## CHAPIT 2-Privilèj ou genyen pou kondwi

Kondwi yon otomobil nan Florida se yon privilèj ou genyen. Ou pa ka jwenn yon lisans nan Florida nan kondisyon sa yo:

- Si lisans ou sispann oswa revoke nan nenpòt lòt eta;
- Si w fè adiksyon ak dwòg oswa alkòl;
- Si w pa kapab kondwi ak pridans poutèt pwoblèm mantal oswa fizik; (Si yon moun soud sèlman sa pap anpeche yo bay moun lan yon lisans pou kondwi.)
- Si w poko gen laj legal pou ou gen lisans (15 an pou pèmi pou aprann kondwi, 16 an pou Klas E).

Chak chofè ki gen yon lisans dwe kondwi ak pridans pou li ka kenbe lisans lan. Si w vyole lalwa trafik yo oswa si w vin tounen yon chofè ki pa pridan, yo ka pran lisans lan nan men ou. Yo ka sispann li, revoke li oswa anile li.

Lisans ou an ka **SISPANN** si w:

- Fè yon aplikasyon pou lisans pou kondwi ki gen frwòd ladan.
- Pèmèt yo itilize lisans ou pou yon rezon ki kont lalwa.
- Yo kondane w nan tribunal trafik epi tribunal la pase lòd pou lisans ou sispann.
- Refize pran yon tès pou demonstre si wap kondwi pandan ou sou enfliyans alkòl oswa dwòg.
- Ou mal itilize yon lisans ki gen restriksyon sou li
- Gen yon kantite pwen pou ofans kont trafik nan sistèm pwen an.
- Vyole lalwa trafik epi pa peye yon amann oswa pa parèt nan tribunal menm jan yo di w pou ou fè a.
- Pa peye sipò pou timoun.
- Pa gen asirans pou otomobil ou.
- Pa rete kanpe pou yon otobis lekòl.
- Itilize tabak si w poko gen laj majè
- Vòl an detay.

Lisans ou dwe **REVOKE** si yo deklare w koupab oswa dosye depatman an demonstre ou:

- Kondwi pandan ou sou enfliyans alkòl, dwòg, oswa lòt sibstans ki kontwole yo.
- Yon krim kote w te itilize yon otomobil.
- Pa kanpe pou bay èd lè otomobil wap kondwi a fè pati yon aksidan ki koze lanmò oswa domaj pèsonèl.
- Bay manti sou moun ki posede oswa moun ki kondwi otomobil.
- Twa (3) ka kote w kondwi ak neglijans pandan yon ane. Pèdi kosyon (bail) epi pa ale nan tribunal pou evite yo kondane w pou akizasyon yo pote kont oumenm paske w kondwi ak neglijans menm jan ak yon kondonasyon.
- Yon zak imoral kote w te itilize yon otomobil.
- Twa (3) gwo ofans majè oswa 15 ofans ou resevwa pwen pou yo pandan yon peryòd 5 an.
- Yon krim pou posesyon dwòg.
- Vizyon pi mal pase egzijans minimòm nòmal yo.
- Ap fè kous sou gran wout.

Yon tribunal ka pase lòd pou revoke lisans ou pou kèk lòt ofans nan trafik la.

Yo va revoke lisans ou pou omwen twa (3) ane si w touye yon moun paske w tap kondwi ak neglijans.

### Anilasyon

Si yo te ba w lisans lan pa erè oswa fwòd (ou bay fo enfòmasyon oswa identifikasiyon), yo va anile li.

### Sistèm pwen an

	Pwen pou vyolasyon*
Kite kote yon aksidan fêt lè gen domaj nan pwopriyete ki koute plis pase \$50	6
Vitès ilegal ki koze yon aksidan	6
Kondwi ak neglijans	4
Nenpòt vyolasyon trafik ki koze yon aksidan	4
Pase yon otobis lekòl ki kanpe	4
Kondwi pandan lè ki gen restriksyon sou yo	3
Vitès ilegal - 16 MPH (milalè) oswa plis anplis vitès legal la oswa vitès ki afiche a.	4
Vyolasyon yon siyal/siy/aparèy ki kontwole trafik	4
Vitès ilegal - 15 MPH (milalè) oswa mwens pase vitès legal la oswa vitès ki afiche a	3
<b>Amann yo double lè ofans lan fêt nan yon zòn</b> <b>Iekòl oswa zòn konstriksyon, ak posiblite pou sanksyon sivil ki ka rive jiska \$1,000 epi yo ka egzije yon kou konplè nan lekòl pou aprann kondwi.)</b>	
Tout lòt vyolasyon trafik (memm pou pake sou yon gran wout ki pa nan limit munisipalite yo)	3
Vyolasyon kouvrefe	3
Kontenè ki pa kouvri kòm operatè	3
Vyolasyon aparèy pou kenbe timoun nan machin	3

\*Chofè a resevwa menm kantite pwen ki sou lis la si kondanasyon an fêt nan yon lòt eta oswa nan tribunal federal.

### Kantite tan sispansyon an

	Pa plis pase:
12 pwen nan yon peryòd 12 mwa.	30 jou
18 pwen nan yon peryòd 18 mwa	3 mwa
24 pwen nan yon peryòd 36 mwa	1 an

Lè yo kalkile pwen yo ak sispansyon yo, yo itilize dat ofans tout kondanasyon yo. Yo va dedwi twa (3) pwen sou dosye kondwi nenpòt chofè ki gen privilèj pou kondwi ki te sispan yon sèl fwa sèlman dapre sistèm pwen an epi yo te reyenstale privilèj pou kondwi a, si moun sa a obsèvè tout lòt egzijans ki genyen yo.

REMAK: Jis paske yon moun sèvi yon sispansyon pou pwen pa entèdi pou yo itilize konviksyon sa yo pou akimile lòt sispansyon oswa revokasyon anplis.

## **Restriksyon obligatwa pou minè**

Nenpòt chofè ki poko gen 18 an epi ki akimile sis (6) pwen oswa pi plis nan yon peryòd 12 mwa ap otomatikman gen restriksyon pou li kondwi pandan yon ane pou “**Business Purposes ONLY**” (**Rezon biznis sèlman**). Si gen pwen anplis ki akimile, yap pwolonje restriksyon an pou 90 jou pou chak pwen anplis minè a resevwa.

## **Restriksyon pou tan**

Yon chofè ki gen lisans epi ki poko gen 17 an pa ka kondwi yon otomobil ant 11:00 p.m. ak 6:00 a.m., amwenke li gen yon chofè, ki gen 21 an oswa pi plis ki akonpaye li, epi ki gen yon lisans valab pou kondwi, oswa chofè a ap kondwi pou ale nan travay oswa pou tounen soti nan travay. Yon chofè ki gen lisans epi ki gen 17 an pa ka kondwi yon otomobil ant 1:00 a.m ak 5:00 a.m., amwenke li gen yon chofè ki gen 21 an ki akonpaye li, epi ki gen yon lisans valab pou kondwi, oswa chofè a ap kondwi pou ale nan travay oswa pou tounen soti nan travay.

## **Reyenstalasyon ak odyans administratif**

Si yo sispann oswa revoke privilèj ou genyen pou kondwi a, ou kapab kalifye pou ou fè aplikasyon pou yon lisans nan moman difisil oswa pou yo reyenstale li. Pou jwenn enfòmasyon sou si w kalifye, kontakte Bureau of Administrative Reviews lokal la, biwo ki bay lisans pou kondwi yo oswa Customer Service Center (Sant pou sèvis kliyan) nan Tallahassee.

Yo ka akize w de DUI si yo jwenn wap kondwi oswa yo jwenn ou an kontwòl yon otomobil pandan ou sou enfliyans bwason ki gen alkòl ladan yo oswa sibstans ki kontwole. Nan sibstans ki kontwole yo genyen: medikaman doktè preskri, depresif, estimilan, nakotik, alisinojèn ak inalan. Yo va sispann ou administrativman si w gen yon nivo alkòl nan souf ou oswa nan san ou ki .08 oswa pi wo oswa si w refize fè yon tès pou pwodwi chimik. Sispansyon sa a egzije yon peryòd obligatwa san yon lisans. Si w vle mennen sispansyon an nan apèl, ou dwe fè aplikasyon pou yon odyans pou yon revizyon fòmèl oswa enfòmèl nan biwo Division of Driver Licenses (Divizyon lisans pou kondwi) oswa Bureau of Administrative Reviews (Biwo pou revizyon administratif ) anvan 10 jou pase sou dat arrestasyon ou lan. Ap gen sispansyon sa a anplis nenpòt sanksyon tribinal la bay.

## **Zewo Tolerans**

Yo va sispann otomatikman privilèj pou kondwi nenpòt chofè ki poko gen 21 an si yon ajan ki fè obsève lalwa fè li kanpe epi li gen yon nivo alkòl nan souf li oswa nan san li ki .02 oswa pi plis pou 6 mwa. Yo egzije pou nenpòt chofè ki poko gen 21 an epi ki gen yon nivo alkòl nan souf li oswa nan san li ki .05 oswa pi plis ale nan yon kou pou abi dwòg. Yo va fin fè yon evalyasyon nèt epi yo va fè paran yo oswa moun ki responsab legalman an konnen rezulta tout chofè ki poko gen 19 an. Yo ka kondane nenpòt chofè ki gen yon nivo alkòl nan souf li oswa nan san li ki .08 oswa pi plis pou kondwi sou enfliyans (DUI). Si chofè a refize pran yon tès, privilèj li genyen pou kondwi a ap sispann otomatikman pou yon ane.

**Sanksyon pou DUI**  
**(menm kondanasyon pou DWI ak kondanasyon**  
**pou DUBAL ki te fèt anvan sa)**

**PREMYE KONDANASYON**

Amann	\$250-\$500 ak BAL .08 oswa pi plis oswa minè nan otomobil la, pa pi piti pase \$500 ni pi plis pase \$1000
Sèvis kominotè	50 èdtan
Pwobasyon	Pa pi plis pase 1 an
Prizon	Pa pi plis pase 6 mwa; ak BAL .08 oswa pi plis oswa minè nan otomobil la, pa pi plis pase 9 mwa
Revokasyon lisans	Minimòm 180 jou
Lekòl pou DUI	12 èdtan
Egzijans pou lekòl pou DUI	Yo fè evalyasyon pou detèminen nesesite ki genyen pou tretman
Aparèy pou anpeche otomobil demare	Pou jiska 6 mwa

**DEZYEM OFANS/KONDANASYON**

Amann	\$500-\$1000 ak BAL .08 oswa pi plis oswa minè nan otomobil la, pa pi piti pase \$1000 ni pi plis pase \$2000
Prizon	Pa pi plis pase 9 mwa; 2yèm kondanasyon anvan 5 ane pase 10 jou nan prizon, 48 èdtan nan detansyon an dwe fèt yon sèl kou
Revokasyon lisans	Minimòm 180 jou; 2yèm ofans anvan 5 an pase apre premye kondanasyon an; 5 an revokasyon
Lekòl pou DUI	21 èdtan
Egzijans pou lekòl pou DUI	Yo fè evalyasyon pou detèminen nesesite ki genyen pou tretman
Aparèy pou anpeche otomobil demare	Minimòm 1 an

**TWAZYEM OFANS/KONDANASYON**

Amann	\$1000-\$2500 ak BAL .08 oswa pi plis oswa minè nan otomobil la, pa pi piti pase \$2000 ni pi plis pase \$5000
Prizon	Pa pi plis pase 12 mwa; 3yèm kondanasyon anvan 10 an pase nan prizon, 30 jou obligatwa nan prizon; 48 èdtan dwe fèt yon sèl kou
Revokasyon lisans	Minimòm 180 jou; 3yèm ofans anvan 10 ane apre dezyèm kondanasyon an; 10 an revokasyon
Egzijans pou lekòl pou DUI	Lekòl pou DUI 21 èdtan Yo fè evalyasyon pou detèminen nesesite ki genyen pou tretman
Aparèy pou anpeche otomobil demare	Minimòm 2 an

**KATRIYEM OSWA PI PLIS KONDANASYON**

Amann	Pa pi piti pase \$1000
Prizon	Pa pi plis pase 5 ane
Revokasyon lisans	Revokasyon pèmanan

## **Si w bwè epi ou kondwi**

Si w bwè alkòl, men si se yon ti kras, chans ou genyen pou ou fè yon aksidan an pi plis pase si w pat bwè alkòl ditou.

Pa gen pèsonn moun ki ka bwè alkòl epi kondwi san danje, menm si w gen plizyè ane depi wap kondwi. Alkòl afekte chofè ki jenn yo pi plis paske kò yo ap grandi toujou epi fwa yo poko fin devlope nan pwen kote yo ka absòbe alkòl la nan kouran san yo ak efikasite.

Piske bwè alkòl epi kondwi otomobil gen anpil danje ladan, sanksyon yo sevè anpil. Moun ki kondwi apre yo fin bwè riske pran gwo amann, gen to asirans ki wo anpil, pèdi lisans yo epi yo ka menm gen yon santans pou yo ale nan prizon Yon Kondanasyon pou DUI va rete nan dosye kondwi ou pou 75 an.

## **Danje ki genyen nan bwè epi kondwi**

Alkòl redwi tout konesans enpòtan ki nesesè pou kondwi san danje yo, tankou jijman, reyakson, vizyon ak konsantrasyon. Alkòl absòbe nan pawa lestomak la epi li pase dirèkteman nan kouran san an epi li rive nan sèvo a nan kèk minit sèlman apre yon moun fin bwè li. Alkòl afekte zòn sa yo nan sèvo w ki kontwole jijman ak konesans epi se yon rezon ki fè bwè alkòl gen anpil danje ladan, li afekte jijman ou. **Jijman yon moun se premye bagay ki afekte apre moun lan fin bwè yon bwason ki gen alkòl ladan.** Bon jijman enpòtan pou kondwi, men nan ka sa a, jijman ede w konnen ki lè pou ou sispann bwè. Alkòl mete bon jijman an repò. Ou pa konnen ki lè w bwè twòp jiskaske li vin twò ta. Se tankou yon ti kout solèy tou piti, letan pou w santi l la, li déjà twò ta.

Alkòl ralanti reflèks ou yo ak tan reyakson an, li redwi abilité ou genyen pou wè klè a epi li rann ou mwen alèt. Tank kantite alkòl ki nan kò w la ogmante, tank jijman ou vin pi mal epi konesans ou diminye. Ou va gen difikilite pou jije distans, vitès, epi mouvman lòt otomobil yo. Ou va gen difikilite pou kontwole otomobil pa w la tou.

## **Si w bwè, piga w kondwi!**

Pi bon konsèy la se si w bwè alkòl, pa kondwi. Menm yon sèl bwason ki gen alkòl ladan ka afekte jan ou kondwi a. Ak de (2) oswa plis bwazon nan kouran san ou, ou **dezekilibre** epi yo ka arete w.

Li pran apeprè inèdtan pou kò w eliminate chak bwason. Se letan sèlman ki ka fè w pa sou ankò.

Gen fason pou debwouye w ak sitiyasyon sosyal yo. Fè aranjman pou ale ak de (2) moun oswa plis epi soti dakò sou kiyès nan noumenm ki pa pral bwè alkòl. Ou ka fè wotasyon ant gwoup la pou moun kap”designated driver” (“chofè yo chwazi a”) Ou ka itilize transpò publik oswa yon taksi, si genyen ki disponib.

## **Lalwa sou konsantman souzantandi a**

Yo va mande w pou w fè yon tès san, yon tès pipi, oswa yon tès pou souf ou si yon ofisyen panse ou sou enflyians alkòl oswa dwòg pandan wap kondwi. Dapre lalwa, si w kondwi nan Florida, lè w siyen lisans pou kondwi a ou dakò pou ou fè tès sa yo si yon mande w sa. Si w refize fè tès yo lè yo mande w sa, yo va sispann lisans ou otomatikman pou yon ane. Si w refize yon dezyèm fwa sa va fè yo ba w yon sispansyon pou 18 mwa epi se yon ti krim dezyèm degre li ye.

Nan ka DUI kote ki gen lanmò ak frakti grav, yo va egzije w pou ou fè tès la san konsantman ou. Se yon doktè, yon enfimyè oswa yon lòt pwofesyonèl medikal ki dwe pran san an.

Si w pa gen konesans ou epi ou pa ka refize tès san an, yo ka pran san an. Yo ka itilize rezulta tès yo kòm prèv, menm si w gen objeksyon apre w fin reprann konesans ou.

## **Lòt tès pou dwòg ak kondwi**

Anplis alkòl, gen anpil lòt tès dwòg ki ka afekte abilité yon moun genyen pou li kondwi san danje. Dwòg sa yo ka gen efè ki sanble ak efè alkòl yo, oswa efè ki pi mal toujou. Sa se laverite pou anpil medikaman doktè preskri, e menm pou anpil medikaman ou ka achte san yon preskripsyon Medikaman ou pran pou maltèt, grip, larim pandan sezón alèji yo oswa medikaman ki kalme nè yo ka rann yon moun toudi epi yo ka afekte jan moun lan kondwi a. Grenn pou bay plis fòs, "uppers" and grenn pou fè rejim ka rann yon moun sou lènè, toudi, pa ka konsante epi yo ka afekte vizyon moun lan. Lòt medikaman doktè preskri ka afekte reflèks, jijman, vizyon ak vijilans menm jan ak alkòl.

Si wap kondwi, tcheke etikèt la anvan ou pran yon medikaman pou ou ka wè avètisman ki genyen sou efè li yo. Si w pa fin konnen si li pridan pou pran medikaman an epi pou kondwi, mande doktè w oswa famasyen ou ki efè segondè li genyen.

Pa jamn bwè alkòl pandan wap pran lòt medikaman. Medikaman sa yo ka miltipliye efè alkòl la oswa yo ka gen pwòp efè anplis pa yo. Efè sa yo non sèlman redwi abilité yon chofè genyen pou li kondwi ak pridans, men yo ka koze pwoblèm grav pou lasante, e menm lanmò.

Dwòg ilegal e menm kèk dwòg legal kapab afekte abilité ou genyen pou ou ka yon chofè ki pridan. Pa egzanp, etid yo demonstre moun ki itilize marijwana fè plis erè, gen plis difikilte pou yo ajiste ak reflè limyè yo epi yo arete yo pou vyolasyon trafik pi plis pase lòt chofè.

## **Emosyon**

Emosyon ka gen efè sou kondwi ak pridans. Ou ka pa ka kondwi byen si w enkyete anpil, ou eksite, ou pè, ou fache oswa ou deprime.

- Si w fache oswa ou eksite, bay tèt ou tan pou kalme ou. Si li nesesè al fè yon ti mache tou kou, men rete lwen lari a jiskaske ou kalme.
- Si w enkyete, ou deprime oswa ou move poutèt yon bagay, eseye kenbe lide w sou kondwi a. Gen moun ki twouve si yo koute radyo sa ede yo.

- Si w enpasyan, bay tèt ou plis tan pou kondwi pou ale kote ou vle a. Soti kèk minit pi bonè. Si w gen ase tan, ou ka pa gen tandans pou fè vitès ni lòt bagay ki ka fè w pran yon kontravansyon oswa koze yon aksidan. Pran pasyans, rete tann yon tren travèse devan ou. Si w kondwi otou baryè ki ba oswa si w eseye pase anvan tren an, sa kapab fatal.

### **Lòt vyolasyon grav nan lalwa sou lisans**

Yo ka mete w nan prizon oswa yo ka fè w peye yon amann pou ofans sa yo:

- Chanje lisans ou nenpòt jan. Se Depatman an ki dwe fêt tout chanjman yo.
- Si w itilize lisans ou yon jan ki ilegal, menm si w pèmèt yon lòt moun itilize lisans ou.
- Si w fè yon aplikasyon ki gen fwòd ladan pou yon lisans pou kondwi oswa pou yon kat idantifikasyon.
- Si w gen plis pase yon sèl lisans pou kondwi nan Florida.
- Pèmèt yon moun ki pa gen lisans itilize machin ou oswa lwe yon otomobil pou yon moun ki pa gen yon lisans.
- Bay yon ofisyé fo deklarasyon oswa bay fo deklarasyon nan yon tribinal.
- Fè espres pou bay fo enfòmasyon nan rapò aksidan.
- Pa fè rapò aksidan.

### **Lalwa sou asirans otomobil nan Florida**

Nan Florida, gen de (2) lalwa sou asirans pou otomobil. Gen lalwa sou responsablite finansyè ak lalwa No-Fault. Li enpòtan pou konprann lalwa sa yo paske si w pa gen bon jan asirans lan, ou ka pèdi lisans pou kondwi a ak plak machin ou yo epi ou ka gen pou peye frè ki koute anpil pou w ka genyen yo ankò.

### **Lalwa sou responsablite finansyè**

Lalwa sou responsablite finansyè a egzije moun ki posede ak moun kap kondwi otomobil pou yo responsab finansyèman pou domaj ak/oswa frakti yo koze lòt moun lè gen yon aksidan machin ki fèt.

Lalwa sa a egzije tout moun pou yo gen asirans pou frakti kòporèl, asirans responsablite lè bagay sa yo rive:

1. Yon aksidan kote se oumenm ki an fot epi gen frakti ki fèt.
2. Yon sispansyon pou twòp pwen sou lisans ou genyen pou kondwi a.
3. Yon manda pou DUI, ki fè yo revoke lisans ou.
4. Yon revokasyon pase ou se yon moun ki vyole lawa trafik pa abitid (Habitual Traffic Offender).
5. Yon revokasyon pou ofans grav kote yo egzije pou depatman sa a revoke lisans ou.

Ou dwe gen asirans minimòm sa a ki kouvri ou:

- \$10,000 Bodily Injury Liability [Responsablite pou frakti kòporèl] (BIL) (pou yon sèl moun)
- \$20,000 Bodily Injury Liability [Responsablite pou frakti kòporèl] pou de (2) moun oswa plis.
- \$10,000 Property Damage Liability [Responsablite pou domaj nan pwopriyete] (PDL), oswa
- \$30,000 konbinen an limit endividyèl.

Si w patisipe nan nenpòt nan vyolasyon ki anwo a yo epi ou pa gen asirans pou konfòme w a Financial Responsibility Law (lalwa sou responsablitè finansyè) a, yo va sispann lisans ou genyen pou kondwi a ak/oswa plak machin ou pou jiska twa (3) ane. Ou va gen pou peye yon frè \$15 pou reyenstale li epi ou va gen pou montre depatman an prèv sètifye sou asirans pou responsablitè total sou Fòm SR-22 pou twa (3) ane apati dat sispansyon an pou w gen privilèj pou kondwi a ankò.

Anplis, si se oumenm ki chofè oswa pwopriyetè yon otomobil ki fè yon aksidan epi se fòt ou, depatman sa a ka egzije pou ou peye pou domaj yo anvan li reyenstale privilèj ou genyen pou kondwi a.

Dapre lalwa sa a, pou pwoteje tèt ou ak lòt moun, ou dwe gen asirans responsablitè pou tout otomobil ou genyen oswa kondwi, menm pou motosiklèt.

### **Lalwa No-Fault**

Lalwa No-Fault nan Florida egzije pou pwopriyetè otomobil ki gen kat (4) wou oswa plis (taksi ak limouzin pa ladan), ki gen omwen 90 jou nan eta a oswa jou ki pa youn apre lòt nan eta a pandan dènye 365 jou ki pase yo pou yo achte yon kontra asirans ki delivre oswa yo bay pou delivre nan eta sa a. Asirans minimòm pou kouvri la se:

- \$10,000 pou Personal Injury Protection [Pwoteksyon pou frakti pèsònè] (PIP)
- \$10,000 pou Property Damage Liability [Responsablitè pou domaj nan pwopriyete] (PDL)

Ou pa ka achte yon plak machin ni rejistrasyon pou yon machin, oswa lòt otomobil kat (4) wou, san ou pa gen asirans ki kouvri w nan Florida. Yon fwa ou gen asirans sa a, nenpòt lè ou renouvre li, anile li, oswa konpayi asirans lan anile li, konpayi asirans lan dwe fè depatman konn sa a. Lè sa a, depatman an va fè w konnen pou w bay prèv sou nouvo asirans ki kouvri w la. Si w pa bay prèv sou asirans lan, yo va sispann lisans ou genyen pou kondwi a ansanm ak plak machin (yo) pou jiska twa (3) ane.

**Ou dwe kenbe asirans ki kouvri w la pandan tout peryòd rejistrasyon otomobil la oswa ou dwe remèt plak machin (yo) nan nenpòt biwo ki bay lisans pou kondwi.**

Si yo sispann lisans ou genyen pou kondwi a ak plak machin (yo) poutèt ou pa gen asirans dapre lalwa No-Fault la, ou va gen pou peye \$150 epi pou montre prèv sou asirans ou genyen koulye a pou yo ka ba w yo ankò. Yon dezyèm fwa anvan twa (3) ane pase, wap gen pou peye \$250. Yon twazyèm fwa anvan twa (3) ane pase, wap gen pou peye \$500. Epitou, si yo sispann lisans ou genyen pou kondwi a ansanm ak plak machin (yo) pou 30 jou oswa plis poutèt yon vyolasyon asirans no-fault, yon ofisyel lapolis ka sezi plak manchin yo imedyatman.

## **Enformation Jeneral**

Konpayi asirans ou va ba w yon Florida Insurance I.D. Card (kat idantifikasyon pou asirans nan Florida). Ou dwe gen kat sa a toujou pare pou montre nenpòt ofisyè ki fè obsève lalwa, pou ou ka pwouve ou gen asirans yo egzije a. Sinon, ou ka resevwa yon kontravansyon paske ou pa gen prèv asirans.

Si yo sispann lisans ou genyen pou kondwi a poutèt ou pa obeyi lalwa sa yo, ou pa ka gen yon lisans tanporè pou okenn rezon, pa menm pou rezon travay sèlman. Nenpòt moun ki fè yon fo deklarasyon oswa ki komèt falsifikasyon sou asirans otomobil yo kapab koupab pou yon ti krim dezyèm degre.

Depatman an va toujou ba w yon opòtinite pou pwouve ou gen asirans ki kouvri ou oswa pou ou gen yon odyans anvan yo sispann lisans ou.

Kouman pou obsève lalwa:

1. Achte yon kontra asirans otomobil nan yon konpayi asirans ki gen lisans pou fè biznis nan Florida.
2. Jwenn yon Financial Responsibility Certificate (Sètifikasi pou responsablite finansyè) nan Bureau of Financial Responsibility (Biwo pou responsablite finansyè) apre ou fin depoze yon asirans kosyon ki satisfezan ou pran nan yon konpayi ki gen lisans pou fè biznis nan Florida.
3. Jwenn yon Financial Responsibility Certificate (Sètifikasi pou responsablite finansyè) nan Bureau of Financial Responsibility (Biwo pou responsablite finansyè) si w depoze lajan kach oswa papye tit plasman nan Depatman an.
4. Jwenn yon Self Insurance Certificate (Sètifikasi pou asirans pou tèt pa w) nan Bureau of Financial Responsibility (Biwo pou responsablite finansyè) si w bay prèv satisfezan ki di ou posede yon kapital nèt ki lib.

Sonje byen: Asirans pou otomobil se yon pati enpòtan nan privilèj ou genyen pou kondwi a. Ou pwoteje tèt ou ak lòt moun yo si w genyen ak mentni bon jan asirans ki kouvri ou.

## Aksidan travik - Responsiblite ou

### 1. KANPE.

Si w fè yon aksidan pandan wap kondwi, ou dwe kanpe. Si nenpòt moun fraktire, ou dwe ede Ou dwe pare pou bay non ou, adrès ou, nimewo rejistrasyon otomobil ou, epi pou ou montre lòt moun ki nan aksidan yo tou lisans ou genyen pou kondwi a.

### 2. RAPOTE AKSIDAN AN.

Si aksidan an koze frakti, lanmò oswa domaj nan pwopriyete, ou dwe rapòte li. Rele lapolis, Florida Highway Patrol, oswa biwo cherif konte a. Si aksidan an gen yon akizasyon pou kondwi sou enfliyans (DUI) ladan oswa si li koze lanmò, frakti, oswa domaj nan pwopriyete jis pou yon depanè vin remoke otomobil la, ofisyè a va ranpli yon rapò. Si gen yon ofisyè ki fè envestifasyon sou aksidan an, chofè a pa bezwen fè yon rapò alekri. Si domaj nan pwopriyete a sanble li pi plis pase \$500 epi pa gen yon ofisyè ki ekri yon rapò, ou dwe fè yon rapò alekri sou aksidan an bay Department of Highway Safety and Motor Vehicles (Depatman sekirite sou otowout ak otomobil anvan 10 jou pase). Ofisyè a va ba w yon kopi fòrm nan pou ou mete nan dosye ou yo.

### 3. DEPLASE MACHIN OU AN SI LI BLOKE TRAFIK LA.

Si machin ou an bloke kouran trafik la, ou fèt pou deplase li. Si ou pa ka deplase machin nan oumenm, ou fèt pou chèche èd oswa rele yon kamyon remokè. Sa dwe fèt chak fwa machin ou bloke kouran trafik la, kit li fè aksidan kit li pa fè aksidan.

### 4. PREZANTE NAN TRIBINAL

Si yo akize w nan yon aksidan, ou ka gen pou w al nan tribinal. Ofisyè ki vini kote aksidan an fèt la va depoze akizasyon kont nenpòt chofè ki vyole yon lalwa trafik. Nenpòt moun yo akize va gen yon chans pou esplike tribinal la kisa ki te pase a. Lè sa a, tribinal la va deside ki kalite sanksyon li ye. Nenpòt moun yo pa akize de vyole lalwa ka gen pou ale nan tribinal kòm yon temwen. Si yo jwenn ou an fot nan yon kolizyon kote gen moun ki fraktire epi yo transpòte yo nan yon kote ki fè tretman medikal, oswa si se dezyèm kolizyon ou nan yon peryòd 2 an, dapre lalwa yo va egzije w pou w ale nan yon Traffic Collision Avoidance Course (Kou pou evite kolizyon nan trafik). Ou ka jwenn lekòl trafik ki fè kou sa a nan paj jòn nan anyè telefòn pou zòn kote w rete a nan seksyon **Driving Instruction (Leson pou kondwi)**.

Yo va revoke lisans yon chofè yo kondane paske li kite kote yon aksidan ki gen lanmò oswa frakti pèsonèl ladan fèt Yo ka pran sanksyon kriminèl kont chofè a tou.

### Aksidan ak yon otomobil ki pa gen siveyans

Si, pandan wap kondwi, ou frape yon otomobil ki pa gen pèsonn moun ladan oswa si w domaje nenpòt bagay ki pou yon lòt moun, ou dwe fè pwopriyetè a konn sa. Bay pwopriyetè a non ou, adrès ou ak nimewo plak manchin lan an pèson oswa nan yon nòt ki tach sou bagay ou frape a. Rapòte aksidan an imedyatman bay ajans apwopriye ki fè obsèvè lalwa a.

### **Voye fatra jete nan lari**

Chofè yo responsab pou tout fratra ki soti nan otomobil yo. Itilize sandriye pou sigarèt epi sache fatra pou fatra pandan wap kondwi otomobil ou. Jete sann ki nan sandriye yo ak sache fatra yo nan poubèl yo.

VOYE FATRA JETE NAN LARI SE YON KRIM. YO KA BAY MOUN KI VOYE FATRA JETE NAN LARI PIBLIKYO AK SOU GRAN WOUT YON AMANN KI KOUTE JISKA \$500.00 OSWA YO KA METE YO NAN PRIZON POU JISKA 60 JOU. YO KA AKIZE W DE YON TI KRIM PREMYE DEGRE EPI YO KA FE W PEYE AMANN KI KOUTE JISKA \$1,000.00 SI W DECHAJE PLIS PASE 15 LIV FATRA.

Tribinal la ka egzije w pou w ranmase fatra sou bò lari yo tou.

### **Domaj nan lari**

Li kont lalwa pou domaje lari yo lè w kondwi sou jant yon kawotchou ki plat oswa nenpòt lòt jan.

(NOU KITE PAJ SA VID ENTANSYONELMAN)

# CHAPIT 3 - JAN OU KONDWI A

Kondwi byen baze sou pratik ak sou si w vijilan lè w sou volan an. Lè wap kondwi, ou dwe konnen pa gen anyen ki entèfere ak abilité ou genyen pou wè lari a, reyaji a sitiyasyon yo oswa byen kondwi otomobil ou. Ou dwe gade jis anba lari a, sou kote epi dèyè otomobil ou epi ou dwe vijilan pou evennman ou pa atann yo. Ou dwe toujou vijilan pou sa kap fèt sou kote w la epi pa retire je w sou lari a pou plis passe kèk segonn alafwa a nenpòt ki moman. Pa gen okenn bagay anndan machin ou ki ta ka entèfere ak abilité ou genyen pou kondwi ak pridans lan. Sa ka vle di bagay ki anpeche w wè lari a oswa retwovizè yo.

## Chofè ki distrè

Bon chofè devlope abitid ki konsantre atansyon konplè yo sou kondwi yap kondwi a. Gen kèk chofè ki ka devlope move abitid ki ka gen anpil danje ladan yo lè yap kondwi. Kèk nan move abitid ki distrè atansyon ou sou kondwi wap kondwi a se:

- Kondwi lè w malad, fache oswa move.
- Kondwi pandan wap manje ak bwè.
- Kondwi pandan wap ajiste radyo a oswa chanje CD yo/tep yo.
- Kondwi pandan wap fè yon koutfil, reponn oswa pale nan yon telefòn pòtab.
- Li pandan wap kondwi.
- Kondwi pandan ou toudi oswa fatige.

## Preparasyon pou kondwi

Anvan ou demare machin lan:

- Ou fèt pou sèten tout fenèt yo pwòp. Retire tout bagay ki anpeche w wè lari a.
- Ajiste chèz ou pou w ka jwenn tout kontwòl yo.
- Ajiste retwovizè anndan ak deyò machin lan. Ou pa dwe oblige avanse devan oswa dèyè pou itilize yo.
- Bloke tout pòt machin nan yo.
- Mete senti sekirite ou. Mande tout pasaje yo pou yo fè menm bagay la.
- Ou dwe sèten machin lan sou pak oswa net anvan ou demare motè a. Pa janm deplase machin lan jiskaske ou gade devan, dèyè epi sou koke pou wè pyeton yo ak trafik kap vini an. Lèfini, fè siyal epi rantre nan trafik la lè pa gen danje.

## Kondwi otomobil ak prevwayans

Kondwi otomobil ak prevwayans vle di ou ka evite aksidan. Antanke yon chofè ki prevwayan, ou va “bay” enpe. Ou va chanje jan ou kondwi a pou akomode kondisyon tan an, jan ou santi w la, ak aksyon lòt chofè, siklis ak pyeton yo. Obsèye machaswiv sa yo pou evite aksidan:

1. Gade pou wè danje ki posib yo. Panse sou sa ki ta ka rive. Si gen timoun kap jwe bò lari a, planifye kisa w pral fè si youn landan yo kouri oswa monte nan lari a.
2. Konprann kisa ki ka fèt pou evite yon aksidan. Gade konsèy sou kondwi ak prevwayans ki vini apre a epi ak Kouman pou debouye w nan kadijans.
3. Aji atan. Yon fwa ou wè yon sitiyasyon ki gen danje ladan, aji imedyatman pou evite yon aksidan.

Itilize konsèy sa yo pou kondwi ak prevwayans si w wè ou pral fè yon aksidan:

- Li pi bon pou ou devye adwat olyede nan direksyon trafik la pou evite yon aksidan.
- Li pi bon pou ou frape yon ran ti pyebwa piti olye pou frape yon gwo pyebwa, yon poto oswa yon objè solid.
- Li pi bon pou ou frape yon machin ki nan menm direksyon avèk ou pase pou ou frape yon machin tètatèt.
- Li pi bon pou kondwi sou kote lari a pase pou ou glise pou evite yon aksidan.
- Li pi bon pou frape yon bagay ki pap fè mouvman pase pou w frape yon otomobil kap fè mouvman nan direksyon pa w la.



Vize wo lè wap kondwi  
Chèche wè tout bagay  
Kenbe je w toupatou  
Toujou bay tèt ou yon "sòti"  
Fè ansot pou lòt moun yo  
wè ou

### Lè wap fè bak

Tcheke dèyè otomobil ou anvan ou rantre nan otomobil la. Ou pa ka wè timoun ni ti objè piti lè w nan chèz chofè a. Mete bra dwat ou dèyè do chèz la epi vire pou ou ka gade dirèkteman nan fenèt dèyè a. Pa depann de retwovizè anndan an ni de retwovizè sou kote yo paske ou pa ka wè dirèkteman dèyè otomobil ou a. Fè bak dousman, li pi difisil pou vire volan an lè wap fè bak. Depi li posib, itilize yon moun ki pa nan otomobil la pou ede w fè bak.

### Evite kolizyon ann aryè

Gen anpil aksidan ki fèt paske yon otomobil rantre dèyè yon lòt otomobil. Men kèk bagay ou ka fè pou diminye risk ki genyen pou yon moun rantre dèyè otomobil ou an.

- Tcheke limyè fren yo souvan pou ou ka konnen yo pwòp epi yap travay byen.
- Konnen kisa kap pase kote w ye a. Itilize retwovizè ou yo.
- Fè siyal byen anvan ou vire, anvan ou kanpe ak chanje liy.
- Ralanti tikras pa tikras. Evite aksyon ki fèt toudenkou.
- Kondwi ansanm ak kouran trafik la (nan vites limit la). Kondwi twò dousman ka gen otan danje ladan ak si w kondwi twò vit.
- Pou evite frape otomobil ki devan ou lan, kenbe yon distans ki omwen de (2) segonn apre li. Ou ka reyalize sa si w aplike règ de (2) segonn lan. Ou ka jwenn enfòmasyon sou règ de (2) segonn lan nan seksyon, **Distans minimòm ki pridan pou swiv lòt machin.**

### Amelyorasyon debaz pou chofè

Nenpòt chofè ka pran yon kou amelyorasyon debaz pou chofè. Kou a anseye jan pou anpeche aksidan fèt. Yon chofè ka siyen pou klas la oswa yon gwoup ka mande pou yo fè yon klas. Gade nan paj jòn yo nan, **Driving Instruction (leson pou kondwi)**, pou w ka jwenn kote ki pi pre w la.

## Senti pou sekirite

Chofè a ak pasaje ki chita devan yo dwe mete senti pou sekirite yo. Lalwa sou senti pou sekirite a aplike pou machin ki pote pasaje epi ki te fabrike apatide modèl ane 1968, epi pou kamyon apatide modèl ane 1972. Li ilegal pou nenpòt moun kondwi yon otomobil nan eta sa a amwenke chak pasaje nan otomobil la ki poko gen 18 an gen yon senti pou sekirite oswa yon aparèy pou retni timoun ki kenbe yo, kèleswa pozisyon yo chita a.

Si pasaje a gen 18 an oswa plis epi li pa mete senti pou sekirite a lè lalwa egzise sa, yo va bay pasaje a yon vyolasyon.


Lalwa bay moun sa yo eskiz pou egzijans pou senti pou sekirite a:

- Nenpòt moun yon doktè sètifye ki gen yon maladi ki rann itilizasyon senti pou sekirite a pa awopriye oswa gen danje ladan.
- Anplwaye kap fè sèvis livrezon jounal pandan yap bay jounal sou wout kay kote yo fè livrezon yo.
- Otobis lekòl yo.
- Otobis yo itilize pou transpòtasyon moun pou lajan.
- Ekipman pou jaden.
- Kamyon ki gen yon pwa nèt ki plis pase 5,000 liv.
- Motosiklèk, mopèd oswa bisiklèt.

Nan yon aksidan, ou gen plis chans pou ou mouri si w pa mete yon senti pou sekirite. Si w mete senti ki pase sou zepòl ak sou kwis yo, sa ba w de (2) fwa plis chans pou ou siviv yon aksidan.

Nan yon aksidan, senti pou sekirite:

- Anpeche ou lanse nan otomobil la. Risk pou lanmò a senk (5) fwa pi plis si w lanse nan yon otomobil nan yon aksidan.
- Anpeche ou lanse kont lòt moun ki nan otomobil la.
- Kenbe chofè a dèyè volan an, kote li ka kontwole otomobil la.



- Anpeche ou lanse kont pati ki nan otomobil ou a, tankou volan an oswa gwo vit devan an.

## **SENTI POU SEKIRITE SOVE LAVI!**

Mete yon senti pou kwis toutotou ranch ou, pa vant ou. Tache senti a pou li rete trè byen. Mete yon senti pou zepòl sèlman ansanm ak yon senti pou kwis. Pa annik itilize senti pou sekirite a pou vwayaj ki long oswa sou gran wout ki gen anpil vitès. Plis pase lamwatye aksidan ki koze frakti oswa lanmò yo fèt a vitès ki pi pitit passe 40 MPH (milalè) a 25 mil de lakay moun lan.

### **Kouman pou pwoteje timoun**

#### **TOUT TIMOUN KI GEN 5 AN OSWA KI PI PITI DWE ITILIZE YON APAREY POU RETNI TIMOUN NAN YON OTOMOBIL.**

Rezon nimewo en ki touyen timoun nan Etazini se aksidan trafik kote timoun yo pat gen anyen ki kenbe yo ditou. Plis pase 90 pousan nan lanmò yo epi 80 pousan nan frakti ki fèt nan aksidan otomobil yo ta ka prevni si yo te itilize aparèy pou kenbe timoun epi ki teste pou aksidan.

Timoun yo dwe tache an sekirite nan chèz dèyè a. Pa janm tache yon timoun nan bò pasaje devan an, espesyalman si otomobil ou a gen yon kousen deplwayab (air bag).

Lalwa egzije pou chak chofè byen tache timoun ki gen senk (5) an oswa pi piti an sekirite ak yon aparèy pou retni timoun nan yon machin ki pote pasaje, yon van, oswa yon kamyon pikòp, kit machin lan anrejistre nan eta sa a kit li pa anrejistre nan eta sa a. Ou dwe itilize chèz pou pote ti bebe oswa chèz pou timoun chita nan machin pou timoun ki gen jiska twa (3) an oswa pi piti. Pou timoun ki gen ant 4 a 5 an, ou ka itilize yon chèz apa, yon chèz ki entegre pou timoun oswa yon senti pou sekirite. Gouvènman Etazini an dwe teste tout chèz pou pote tibebe ak chèz pou timoun chita nan machin pou aksidan epi li dwe apwouye yo.

Timoun yo pote oswa ki monte bisiklèt dwe gen yon kaskèt pou bisiklèt ki byen chita nan tèt yo.

### **Ki pi bon chèz ki genyen pou timoun chita nan otomobil?**

Sa ki bon pou piti ou a.

Sa ki bon pou otomobil ou a.

Sa w pral itilize kòrekteman a chak fwa a.

Pou plis enfòmasyon sou pi bon chèz pou timoun chita nan otomobil, tanpri vizite: <http://www.fhp.state.fl.us/html/CPS> epi wap jwenn enfòmasyon sou Occupant Protection & Child Passenger Safety News (Pwoteksyon moun ki nan otomobil ak nouvèl sou sekirite pou timoun ki pasaje nan otomobil).

### **Kite timoun san siveyans oswa san sipèvizyon nan otomobil**

Pa kite timoun san siveyans ni san sipèvizyon nan yon otomobil epi pa janm kite yon timoun san siveyans pou yon peryòd tan si otomobil la ap mache oswa si lasante timoun lan an danje.

### **AVETISMAN: LE FE CHO DEYO A, PA KITE TIMOUN SAN SIVEYANS!**

Yon jou lè fè cho ann ete, anndan machin lan ka gen anpil danje ladan si li cho. Gen yon etid ki jwenn, lè fenèt yo monte epi tanperati deyò a 94 degré, anndan machin lan ka 122 degré nan sèlman demi èdtan, oswa 132 degré apre inèdtan.

## **Vitès limit yo**

Vitès ka koze anpil aksidan. Gen plis chofè yo kondane pou fè vitès pase pou nenpòt lòt ofans. Pou evite yon amann oswa pou evite patisipe nan yon aksidan, obeyi vitès limit yo.

Vitès enpòtan anpil nan yon kolizyon. Si w double vitès yon machin, ou ogmante fòs enpak la pa kat (4) fwa. Si w triple vitès la, enpak la vin nèf fwa pi gwo.

## **70 pa toujou vle di 70**

Sonje byen vitès limit montre vitès ki pi rapid ou ka kondwi nan bon kondisyon. Ou responsab pou ajiste vitès ou kondwi a pa rapò a eta wout la. Pa egzanp, si tan an move oswa gen anpil trafik, ou dwe kondwi pi dousman pase vitès ki afiche a. Vitès ki pa gen danje ladan li se youn ki pèmèt ou gen kontwòl konplè sou otomobil ou a.

## **Vitès limit “estanda” nan Florida**

Zòn vitès minisipal yo	30
Zòn komèsyal oswa rezidansyèl	30
Zòn riral ant eta yo	70*
Gran wout ak aksè limite	70
Tout lòt wout ak gran wout	55*
Zòn lekòl yo	20

\*Vitès limit 55 MPH (milalè) maksimòm nan toujou ann efè nan Florida eksepte kote ki gen lòt bagay ki afiche yo. \*Vitès limit yo se 70 MPH (milalè) sou **kèk** gran wout riral ant eta yo. Yo ka chanje vitès limit yo sou gran wout ki gen plizyè liy epi nan zòn kote kondisyon yo egzije vitès ki pi piti. Chofè yo pa dwe met an tèt piske zòn nan sanble yon zòn iben, yon minisipalite oswa yon gran wout an patikilye, vitès la se vitès estanda a oswa vitès yo atann pou zòn lan. Obsève epi obeyi siy vitès ki afiche yo paske ka gen chanjman ki fèt souvan de zòn an zòn sou wout ak gran wout yo chwazi yo.

## **Li kont lalwa tou pou kondwi twò dousman**

Kondwi ansanm ak kouran trafik la (nan vitès limit la). Ou pa dwe kondwi dousman tèlman pou ou bloke lòt otomobil kap avanse a vitès nòmal epi san danje. Yo ka ba w yon kontravansyon paske w kondwi twò dousman. Li vitès limit ki afiche a se 70 mph (milalè), vitès limit minimòm lan se 50 mph (milalè)

## **Kouman pou swiv esplikasyon ofisyè a ak ponpye a**

Si yon ofisyè ki fè respekte lalwa fè w kanpe, rete imedyatman sou bò dwat la nèt, lwen trafik la lè li posib. Etènn motè machin ou an. Bese gran limyè devan yo epi mete yo sou pozisyon limyè pakin si se lannwit. Chita dousman epi swiv esplikasyon ofisyè a. Ou dwe swiv nenpòt lòd oswa direksyon legal (1) nenpòt ofisyè ki fè respekte lalwa oswa (2) nenpòt ponpye ki kote ki gen yon dife epi kap dirije trafik. Si se yon ofisyè ki fè respekte lalwa kap dirije trafik kote ki gen siyal limyè yo, obeyi ofisyè a - pa siyal yo.

## Kouman pou travèse entèsekson

Plis aksidan ka fèt nan entèsekson pase nenpòt lòt kote. Fè atansyon lè wap apwoche nenpòt entèsekson oswa nenpòt ale.

- Gade toude bò yo epi prepare w pou frennen oswa kanpe.
- Kondwi a vitès ki pi ba a anvan ou rantre nan entèsekson an, pa pandan wap travèse a.
- Pa double ni chaje liy.
- Pran prekosyon ak otomobil ki ann aryè ou yo. Eske yap kapab kanpe si li nesesè?

Si w kanpe, siveye siklis ak pyeton ki kapab ap travèse entèsekson an nan nenpòt nan direksyon yo.

## Dwadpasaj

Kiyès ki gen dwadpasaj nan Florida? Repons lan se pèsonn! Lalwa di kiyès ki dwe sede (bay pase) dwadpasaj la sèlman. Chak chofè, motosiklis, moun ki kondwi mopèd, siklis ak peyton dwe fè tout sa ki posib pou evite yon aksidan.


## Siy pou kanpe (Stop)

Ou dwe sede dwadpasaj bay tout lòt trafik ak peyton ki nan siy pou kanpe yo (stop signs). Avanse devan sèlman lè wout la klè. Yon kote ki gen siy stop nan kat (4) kwen yo, premye machin ki kanpe a se limenm ki dwe avanse an premye. Si gen de (2) otomobil ki rive nan entèsekson an an menm tan, chofè ki sou bò goch la sede bay chofè ki sou bò dwat la.

## Entèsekson ouvè yo

Yon entèsekson ouvè se youn ki pa gen siy oswa siyal trafik ki kontwole li. Lè w rantre nan youn, ou dwe sede dwadpasaj la si:

- Gen yon otomobil ki deja nan entèsekson an.
- Ou rantre oswa travèse yon gran wout nan yon eta apati de yon wout segondè.
- Ou rantre yon wout ki asfalte apatide yon wout ki pa asfalte.
- Ou gen plan pou vire agoch epi gen yon otomobil kap apwoche nan direksyon opoze a.




Lè gen de (2) otomobil ki rantre nan yon entèsekson ouvè an menm tan, chofè ki sou bò goch la dwe sede bay chofè ki sou bò dwat la.

## Won pwen

Won pwen yo se nouvo tip entèsekson, ki amelyore kouran trafik la ep ki redwi aksidan trafik. Pifò won pwen yo pa egzije pou otomobil kanpe, epi sa pèmèt otomobil yo kontinye woule nan entèsekson yo a menm ti vitès ba a. Won pwen yo fèt pou deplase tout trafik nan sans envès zegwi yon mont. Otomobil kap apwoche won pwen an sede bay trafik kap sikile a, men chofè yo dwe obeyi tout siy yo pou detèminen dwadpasaj ki kòrèk la nan won pwen an.





## Prensip pou sekirite pou pyeton

1. Gade agoch epi adwat anvan ou desann nenpòt twotwa.
2. Travèse sèlman nan entèsekson yo oswa nan kote ki fèt pou travèse yo. Chofè yo dwe toujou pi vijilan pou pyeton yo lè yap apwoche entèsekson yo.
3. Travèse lè limye a vèt oswa lè gen siyal "WALK" ("MACHE") la. Ou dwe sèten ou gen ase tan pou travèse. Byenke se chofè otomobil la ki dwe sede, chofè otomobil la ka pa wè w a tan.
4. Pandan wap mache sou yon gran wout, toujou mache sou akotman an, sou bò goch la, anfas trafik la. Mete rad koulè briyan oswa itilize yon flach pou w ka fè chofè yo wè w lannwit.

## Pyeton yo

Se otomobilis la ki gen responsabilite pou li fè tout sa ki posib pou evite fè kolizyon ak nenpòt pyeton. Yo konsidere kòm pyeton, tout siklis, moun ki monte paten, moun ki monte planch ki gen woulèt (skateboard) epi ki nan yon pasaj pou pyeton oswa yon ale. Otomobilis kap vire dwe sede bay pyeton yo nan entèsekson ki gen siyal trafik yo. Otomobilis yo dwe sede bay pyeton kap travèse lari a oswa ale a nan nenpòt kote ki make pou travèse nan mitan blòk la, nan ale oswa nan entèsekson ki pa gen siyal trafik.


## Siklis yo

Nan Florida, yo defini bisiklèt legalman kòm yon otomobil. Yo konsidere siklis ki itilize wout piblik kòm operatè otomobil epi yo gen responsabilite pou yo obsèvè lalwa trafik yo. Avèk kèk eksepsyon, gen yon sèl wout epi sa depann de otomobilis yo ak siklis yo pou trete yo chak ak atansyon epi ak respè. Fondasyon respè a se pou konfòme w ak lalwa.

## Moun avèg yo

Byen souvan, assistans prensipal yon moun avèg genyen pou li vwayaje se yon baton blan oswa yon chyen gid ki antrene. Vwayaj endepandan an gen kèk risk ladan ki ka redwi anpil lè oumenm, ki chofè a, ou konnen itilizasyon ak siyifikasyon baton blan an ak chyen gid la.

Chofè yo dwe toujou sede dwadpasaj bay moun avèg. Lè yon pyeton ki gen yon chyen kap gide li oswa ki gen yon baton blan (oswa yon baton blan ak yon pwent wouj) ap travèse yon lari oswa yon gran wout, **otomobil yo dwe kanpe konplètman**.




## **Moun ki gen difikilte pou mache**

Chofè yo dwe sede dwadpasaj bay moun ki gen difikilte pou mache epi bay pyeton ki itilize asistans yon chyen gid oswa bèt sèvis.

Lè yon pyeton ap travèse yon lari piblik oswa yon gran wout epi peyton an ap sèvi ak yon aparèy pou ede li mache, yon beki, oswa yon baton ötopedik oswa yon chèz woulant, otomobil yo dwe kanpe konplètman.

## **Otobis lekòl yo**

Nan yon lari a sans doub oswa sou yon gran wout, tout chofè ki prale nan kèleswa direksyon an dwe kanpe pou yon otobis lekòl ki kanpe epi kap pran oswa depoze timoun. Ou dwe rete kanpe jiskaske tout timoun yo nèt pa nan lari a epi otobs la retire siyal la.



Si gran wout la separe ak yon baryè ki elve oswa yon separasyon santral ki pa asfalte epi ki omwen senk (5) pye nan lajè, ou pa gen pou ou kanpe si wap woule nan direksyon opoze a pa rapò ak otobis la. Yo pa konsidere liy ki pentire oswa ekrito ki atè a kòm baryè. Ou dwe toujou kanpe si wap woule nan menm direksyon ak otobis la epi ou dwe kontinye kanpe jiskaske otobis la retire siyal stop la.

## **Pasaj pou elèv lekòl**

Yo mete gad ki pou fè elèv lekòl travèse nan zòn kote li pa pridan pou timoun travèse poukонт yo. Lè w wè yon gad, redwi vitès ou. Ou tou pre yon lekòl epi gen timoun nan zòn lan. Siveye vitès ki afiche pou zòn lekòl yo, kanpe si li nesesè nan liy ki make pou kanpe a, pa janm kanpe nan pasaj pou pyeton an. Obeyi siyal nenpòt gad kap fè timoun travèse. Se chofè a a ki gen responsabilite pou li fè tout sa ki posib pou evite fè kolizyon ak peyton, sonje byen ou pa ka prevwa kisa timoun pral fè. Fè sa w dwe fè pou chak moun ka travèse san danje.

## **Transpò piblik**

Tout chofè dwe sede dwadpasaj bay otobis transpò piblik kap vwayaje nan menm direksyon an epi ki fè siyal epi kap rantre nan kouran trafik la ankò lè li soti nan yon kote ki make pou li kanpe.

## **Posesyon finèb**

Pyeton ak chofè dwe sede dwadpasaj bay posesyon finèb. Lè premye otomobil posesyon finèb la rantre legalman nan yon entèsekson, lòt machin ki nan posesyon an dwe limen gran limyè devan yo kòm yon siyal pou lòt chofè yo pa kondwi nan mitan oswa pa entèfere ak posesyon an pandan lap deplase amwenke yon ofisye ki fè respekte lalwa di yo pou yo fè sa.

## **Ale yo**

Chofè ki soti nan yon ale kap rantre nan yon lari oswa yon antre oswa sou kote yon wout, dwe sede bay machin ki deja sou wout prensipal la. Otomobilis yo dwe sede bay siklis yo ak peyton yo ki sou twotwa a.

## **Otomobil kadijans yo**

Pyeton ak chofè yo dwe sede dwadpasaj bay otomobil ajan ki fè respekte lalwa yo, machin ponpye yo ak lòt machin kadijans kap itilize sirèn ak/oswa limyè kap flache. Kanpe sou kote, nan kote ki pi pre bò lari a imdyatman epi kanpe jiskaske otomobil kadijans lan fin pase. Pa bloke entèseksyon yo.

### **“Deplase”**

Lè wap kondwi sou gran wout ki ant eta yo oswa lòt gran wout ki gen de (2) liy oswa plis epi wap vwayaje nan direksyon otomobil kadijans lan epi eksepte lè yon ofisyé ki fè respekte lalwa di w pou w fè otreman, yo egzije chofè kap apwoche yon otomonil ofisyé ki fè respekte lalwa oswa lòt otomobil kadijans ki otorize epi ki pake nan lari a ak limyè kadijans yo kap mache, pou yo soti nan liy ki pi pre otomobil kadijans lan, toudswit li pridan pou fè sa.

Remak: Otomobil kadijans yo vle di depanè ki afiche limyè jòn kap flache epi kap vire yo epi ki fè travay rekouvreman oswa anbakasyon sou kote lari a.

Lè wap apwoche yon machin yon ofisyé ki fè respekte lalwa oswa lòt otomobil kadijans ki otorize epi ki pake nan yon lari ki gen de (2) liy epi ki gen limyè kadijans kap mache, eksepte lè yon ofisyé ki fè obsèvè lalwa di w pou w fè otreman, yo egzije chofè yo pou yo ralanti a yon vitès ki 20 milalè pi piti pase vitès limit ki afiche a lè vitès limit ki afiche a se 25 milalè oswa pi plis, oswa pou yo vwayaje a 5 milalè lè vitès limit ki afiche a se 20 milalè oswa pi piti.






## Kouman pou vire

Li ka parèt yon operasyon ki senp pou vire nan yon kwen, men gen anpil aksidan trafik ki rive paske chofè yo pa vire kòrèkteman.

Gen nèf (9) etap pou vire byen:

1. Pran desizyon ou sou vire ou pral vire a anvan ou rive kote ou pral vire a. Yo egzije siyal pou vire yo lè wap chanje liy. Pa janm vire "odènye moman".
2. Si w dwe chanje liy, gade dèyè epi sou toude bò yo pou wè kote lòt otomobil yo ye anvan ou vire a.
3. Ale nan liy kòrèk la pandan wap apwoche entèsekson an. Liy kòrèk pou vire adwat la se liy ki tou pre bò dwat lari a.  
Nan yon lari ki gen de (2) liy ak trafik nan toude direksyon yo lè wap apwoche pou vire agoch, ou dwe fè sa nan pati adwat nan lamwatye wout la tou pre liy santral la.
4. Fè siyal wap vire omwen pandan dènye 100 pye anvan ou vire a. Fè lòt chofè yo konnen kisa ou pral fè.
5. Ralanti a yon vitès ki pridan pou vire.
6. Lè wap ralanti pou vire adwat, siklis ou double a ka ratrapiye ou. Gade sou zepòl ou anvan ou vire. Sede bay siklis yo ak pyeton yo.
7. Sede bay pyeton ki ka ap travèse chemen ou lè wap vire agoch la. Toujou chèche kote pyeton yo ye anvan ou kòmase vire a.
8. Vire, tout pandan ou rete nan liy ki apwopriye a. Sede dwadpasaj bay otomobil (menm bay bisiklèt) kap vini nan direksyon opoze a.
9. Fin vire nan liy ki apwopriye a. Ou dwe vire adwat apatide liy dwat la pou ale nan liy dwat nan lari kote w rantré a. Ou ka fin vire agoch nèt nan nenpòt liy ki disponib legalman, oswa ki pa gen danje, nan direksyon wap vwayaje a. Gade nan chema pou vire soti oswa rantré nan lari sans inik yo.

Si w rive nan yon entèsekson kote ou vle vire adwat oswa agoch epi ou pa nan liy ki apwopriye a, ou dwe kondwi jiskaske w rive nan pwochen entèsekson an. Lèfini vire apatide liy ki apwopriye a.




## Liy pou bisiklèt nan entèsekson yo

Ralanti epi gade pou wè si gen siklis. Siyale wap vire anvan ou travèse liy pou bisiklèt la nan liy ki gen tirè ki trase atè yo. Sede bay nenpòt siklis. Fin vire nèt apatide liy yo mete pou vire adwat la. Si pa gen liy pou vire adwat, apre w fin tcheke dabò pou ou ka sèten pa gen siklis ki prezan, ou ka rantre nan liy bisiklèt la nan entèsekson an oswa nan ale a.

### Degajman (Vire a twa pwen)

Pafwa wap oblige vire otomobil ou anwon nan yon ti espas tou piti. Itilize vire a twa pwen an si lari a twò etwa pou yon U-turn epi ou pa ka fè tou blòk la. Pou vire a twa pwen:

1. Ale jis sou bò dwat la nèt otan li posib, tcheke trafik la, epi fè siyal pou vire agoch.
2. Vire volan an sèk sou bò goch la epi avanse dousman. Kanpe bò twotwa a, oswa sou bò lari a.
3. Chanje pou bak, vire wou yo sèk adwat, tcheke trafik la, epi fè otomobil ou fè bak adwat twotwa a oswa sou kote lari a.



Ou ka deplase nan direksyon opose a koulye a. Tcheke trafik la epi avanse devan. Pa jamm vire a twa pwen oswa fè yon U-turn nan yon koub, yo mòn oswa lè yon siy fè konnen li entèdi pou fè yon U-turn.

### Siyal pou vire ak siyal nan kadijans

Ou dwe itilize siyal a men oswa siyal mekanik yo pou fè konnen ou pral vire. Yo egzije siyal pou vire yo lè wap chanje liy oswa lè wap double yon otomobil. Li kont lalwa pou itilize siyal mekanik pou fè chofè ki dèyè yo konnen yo ka pase. Ou dwe itilize limyè detrès a kat (4) direksyon yo sèlman pandan otomobil ou pake legalman oswa lè li an pàn sou gran wout la oswa sou akotman an.



### Liy trafik yo

Toujou kondwi sou bò dwat sou yon gran wout ki gen de (2) liy eksepte lè wap pase. Si lari a gen kat liy oswa plis ak trafik nan de (2) direksyon, kondwi nan liy dwat yo eksepte lè wap double oswa pase yon machin.


Liy goch sou kèk wout ant eta yo rezève pou otomobil ki vwatire plizyè moun epi ki gen de (2) oswa plis moun nan machin lan - siveye siy dyaman yo nan separasyon an.

Yo itilize liy mitan yon gran wout ki gen twa (3) liy oswa senk (5) liy pou vire agoch sèlman.

Si w wè reflektè wouj anfas ou sou liy trafik yo, ou sou move bò lari a. Rantre nan liy ki apwopriye a imedyatman! Si w wè reflektè wouj sou liy ki sou kote lari a, ou nan move ranp lan sou otowout la. Mete w sou kote imedyatman! Reflektè wouj yo toujou vle di ou nan move direksyon nan trafik la epi ou ka fè yon kolizyon tètatèt.

## Ang kote ou pa ka wè

Ang kote w pa ka wè yo se zòn ki agoch ak adwat kwen otomobil ou an epi ou pa ka wè yo nan retwovizè yo. Anvan ou deplase sou kote pou chanje liy sou yon otowout oswa pou pase sou nenpòt wout, vire tèt ou pou ou ka sèten kote sa yo klè.




Zòn ki gen X wouj sou kote yo se ang kote w pa ka wè pou yon otomobil ki gen yon retrwovizè deyò sou bò goch la sèlman.

Nan lari ki gen yon liy nan chak direksyon, pa kondwi nan ang kote yon lòt moun pa ka wè. Ale pi vit oswa ralanti pou lòt chofè a ka wè ou.

**Lè wap double yon otomobil**

- Rete a yon distans ki pa gen danje ladan dèyè otomobil ou vle double a. Tank ou pi pre otomobil ou vle pase a, tank ou ka wè mwens sa ki devan. Sa rive espesyalman lè wap double kamyon, trelè, ak lòt otomobil ki laj anpil.
  - Anvan ou soti pou ou pase, tcheke ang kote ou pa ka wè a pou w ka sèten ou gen ase tan ak ase espas pou ou pase.



Distans pou kenbe ann aryè anvan ou double yon machin

- Nan yon lari ki gen de (2) liy, sonnen klaksyon ou, oswa, si se lannwit, flache gran limyè devan yo pou fè lòt chofè a konnen wap pase.



- Bay siyal la anvan ou deplase pou ale nan liy goch la.
  - Pa tounen sou bò dwat lari toutotan ou pa wè kawotchou otomobil ou double a nan retrouvizè ou.
  - Ou dwe tounen sou bò dwat lari an anvan ou rive a 200 pye de nenpòt otomobil kap vini nan direksyon opoze a.
  - Li legal pou double sou bò dwat sèlman lè gen de (2) liy trafik oswa plis ki prale nan menm direksyon an oswa otomobil wap double a ap vire agoch. Li kont lalwa pou w soti sou twotwa oswa sou pòsyon lari a kote yo vwayaje pi plis la pou ou pase adwat.

## Lè yap double ou


- Chofè otomobil yap double a **pa dwe ogmante vîtès la** jiskaske double a fin fèt nèt.
  - Ede lòt chofè yo double ou ak pridans. Deplase ale sou bò dwat liy pa w la pou ou ka ba yo plis espas epi pou yo ka wè wout ki devan yo a pi byen.

## Lè ou pa ka double otomobil

Ou pa ka double nan yon wout ki gen de (2) liy trafik kap deplase nan direksyon opoze nan kondisyon sa yo:

- Lè w wè yon siy “**DO NOT PASS**” (“**PA DOUBLE**”) oswa “**NO PASSING ZONE**” (“**ZON POU PA DOUBLE**”) siy.
- Lè gen yon liy jòn solid ki pentire sou bò pa w la nan liy mitan an.
- Sou mòn yo oswa nan koub yo.
- Nan entèsekson yo.
- A 100 pye de yon pon, vyadik, tinèl, oswa kote pou tren pase.

Yo ka arete moun ki vyole lalwa sa a oswa yo ka ba yo yon kontravansyon



## Distans minimòm ki pridan pou swiv lòt otomobil

Kite ase espas ant oumenm ak otomobil ki devan ou lan. Si li kanpe toudenkou, wap bezwen tan pou wè danje a epi pou ou kanpe.

### Itilize règ de (2) segonn lan

A nenpòt ki vitès, ou ka itilize règ de (2) segonn lan pou wè si w lwen ase dèyè machin ki devan ou lan:

- Siveye otomobil lan kap pase kèk pwen fiks - yon pon sispandi, yon siy, yon kwen, yon lantouraj, oswa lòt mak.
- Konte kantite segonn li pran ou pou ou rive nan menm pwen an sou wout la (“one thousand and one, one thousand and two...” [mil en, mil de...]).
- Si w rive nan mak la anvan ou fin konte, ou twò pre otomobil wap swiv lan. Ralanti epi tcheke a ki distans wap swiv la ankò.

Règ de (2) segonn lan aplike pou nenpòt vitès lè kondisyon tanperati a ak wout la bon. Si kondisyon wout la ak tanperati a pa bon, double distans wap swiv lòt machin lan. Ou fèt pou double distans wap swiv lòt machin lan lè wap kondwi yon mezon mobil oswa lè wap remoke yon trelè.

## Distans pou swiv pou kamyon

Yon kamyon oswa nenpòt lòt otomobil kap remoke yon lòt machin pa kapab swiv yon lòt kamyon oswa yon otomobil kap remoke yon lòt otomobil a 300 pye. Lalwa sa a aplike pou double ak pou pase, epi li pa aplike nan vil ni vilaj.

## Pakin

Lè wap pake nan yon lari piblik, ale byen lwen trafik la otan li posib. Si gen yon akotman sou kote lari a, ale byen lwen ladan toutotan ou kapab. Si gen yon twota, ale tou pre li - ou pa dwe pake a plis pase yon pye de twotwa a.

Toujou pake sou bò dwat lari a, amwenke se yon lari sans inik.

Ou dwe sèten otomobil ou pa ka deplase. Mete fren pakin lan epi mete otomobil la sou pak si se yon transmisyon otomatik oswa sou bak si se transmisyon manyèl. Etènn motè a epi fèmè otombil la ak kle. Lalwa Florida egzije pou ou retire kle yo nan otomobil la anvan ou soti ladan. Toujou tcheke trafik ki dèyè ou la anvan ou soti nan otomobil la, oswa soti sou twotwa a.

Anvan ou kite yon espas kote w pake, gade sou zepòl ou ann aryè pou ou ka sèten wout la klè. Mete siyal pou vire ki apwopriye a si wap kondwi pou soti bò twotwa a epi sede pasaj bay lòt trafik yo.

## Pakin sou mòn

Lè wap pake sou mòn:

- Vire wou ou yo pou si machin ou kòmanse deplase poukонт li, li woule lwen trafik la oswa li ale sou twotwa a. Etidyé chema yo bay la.
- Mete fren pakin lan.
- Mete levye otomatik pou chanje vitès la sou pak. Mete levye manyèl la sou bak (reverse) (pozisyon desann) oswa sou premye (pozisyon monte).


(mòn ki desann) oswa premye (mòn ki monte).



Lè wap pake sou mòn, vire wou devan yo a

## Pakin tou dwat

Mak ki ann aryè yo reprezante kwen ARYE nan espas pou pake a. Mak ki devan yo reprezante MITAN apwoksimatif espas pou pake. Lè machin ou byen pake, machin lan dwe santre anndan espas la san pa gen okenn pati nan machin lan ki pwolonje nan liy trafik la.



## Kote yo pa pèmèt pakin

- Nan lari a sou kote yon lòt otomobil ki pake (pakin doub).
- Nan kote pou pyeton pase yo.
- Sou twotwa yo.
- Devan antre ale yo.
- Bò twotwa ki pentire an jòn yo oswa kote ki gen siy "No Parking" ("pa pake") ki afiche.
- Nan entèsekson yo.
- A 15 pye de yon fontèn tiyo pou dife yo.
- A 20 pye de yon entèsekson.
- A 20 pye pòtdantre yon biwo ponpye, anbilans oswa yon estasyon yon ekip sovtaj.
- A 50 pye de yon kote tren pase.
- Sou yon sifas ki di sou yon gran wout kote pa gen espas pou pake ki make.
- Sou nenpòt pon oswa pon sispandi oswa nan nenpòt tinèl
- A 30 pye de yon bwat postal riral sou gran wout nan yon eta ant 8 a.m. ak 6 p.m.
- A 30 pye de nenpòt siyal kap flache, yon siy pou kanpe (stop sign) oswa yon siyal trafik.
- Nan yon fason tèl pou w pa bloke oswa kreye yon danje pou lòt otomobil yo.



## Limyè pakin yo

Ou dwe toujou itilize limyè pakin yo lannwit nan nenpòt otomobil ki pake sou yon wout oswa sou yon akotman andeyò vil yo ak vilaj yo.

Li kont lalwa pou kondwi ak limyè pakin sèlman (nan plas gran limyè devan yo).

## **Privilèj pakin pou andikape**

Moun enfim pa gen pou peye frè pou pake nan okenn lari publik, gran wout, oswa espas ki gen kontè ladan yo. Otomobil yo dwe afiche yon ekrito pakin ki valab epi ki vizib devan ak dèyè otomobil la. Chak bò ekrito a dwe gen senbòl entènasyonal pou aksesibilite a ladan nan yon koulè ki differan de koulè ki nan mitan an. Ou ka jwenn sa yo nan biwo yon ajan ki bay etikèt oswa nan biwo yon kolektè taks epi yo dwe renouvre chak kat (4) an.



Moun andikape yo dwe pake nan espas ki rezèv pou andikape yo li posib. Espas sa yo gen senbòl yon chèz woulant ki make ladan yo epi yo gen siy "Parking by Disabled Permit Only" ("Pakin pou moun andikape ki gen pèmi sèlman"). Yap bay machin ki pake ilegalman nan espas ki rezèv pou andikape yo yon kontravansyon epi ka remoke yo.

1. Prèv sou kalifikasyon: Deklarasyon yon doktè ki gen lisans nan Etazini Division of Blind Services of the Department of Education (Divizyon Sèvis pou Moun Avèg nan Depatman Edikasyon), oswa Veterans Administration (Administrasyon Veteran), ki di moun kap fè aplikasyon an se yon moun ki andikape fizikman ak pwoblèm pèmanan pou deplase ki antrave abilité li genyen pou li mache a anpil oswa yo sètifye li kòm yon moun ki avèg legalman.
2. Afiche: Kote ki vizib ni devan ni dèyè machin lan.
3. Pwosedi: Kontakte kolektè taks oswa ajan etikèt nan konte kote w rete a.
  - a. Ranpli HSMV 83039 - Aplikasyon pou pèmi pou pakin pou moun andikape.
  - b. Bay prèv sou kalifikasyon - Deklarasyon doktè
  - c. Peye \$1.50
  - d. Peye \$15.00 pou pèmi tanporè pou pakin pou moun andikape.
  - e. Prezante yon lisans pou kondwi ki valab nan Florida oswa kat idantifikasiyon.

## **Lè wap kondwi sou otowout**

Otowout - yo rele yo tou gran wout, wout eksprès, otowout ki gen peyaj sou yo - se wout ki gen plizyè liy ki pa gen siy stop, ni limyè trafik, ni kote pou tren pase. Pou rezon sa yo, otowout yo ka ba w yon jan rapid, san danje pou rive kote w vle ale a.

Yo pa pèmèt pyeton, moun kap fè otostòp, otomobil kap rale bêt oswa siklèt a motè oswa eskoutè a motè ki 150 gen deplasman ki 150 santimèt kib oswa mwens pase sou otowout.

## **Kouman pou antre ak soti sou otowout**

Otomobil ka antre ak soti sou otowout nan kèk kote sèlman. Piske trafik sou otowout la òdinèman deplase a vitès maksimòm yo pèmèt la oswa toupre vitès maksimòm lan, ou bezwen konnen kouman pou antre ak soti san danje.

Tout antre sou otowout gen twa (3) pati debaz ladan: yon ranp pou rantre, yon liy pou akselerasyon, epi yon zòn pou machin yo mele. Swiv esplikasyon sa yo pou antre sou yon otowout san danje:

- Nan ranp pou rantre a, kòmase tcheke pou wè si gen yon ouvèti nan trafik la. Mete siyal pou pou vire a.
- Pandan ranp la ap vin dwat nan liy akselerasyon an, ogmante vitès la. Eseye ajiste vitès ou pou ou ka deplase nan trafik la lè w rive nan fen liy akselerasyon an.


- Rantre nan trafik la lè w ka fè sa san danje. Ou dwe sede dwadpasaj bay trafik ki sou otowout la. Ou pa toujou ka konte sou lòt chofè yo pral deplase al sou lòt liy lan pou ba w plas pou ou antre, men pa kanpe nan yon liy akselerasyon amwenke gen twòp trafik epi pa gen espas pou ou antre san danje.

Lè wap soti sou yon otowout:

- Rantre nan liy pou soti a. Siy ki afiche yo va fè w konnen kiyès ladan yo. Pifò soti sou otowout fèt nan liy dwat la.
- Fè siyal pou fè konnen ou gen entansyon soti sou otowout la. Pou fè sa, itilize siyal pou vire yo.
- Ralanti kan ou pa sou otowout la ankò. Tcheke vitès ki afiche epi ki pa gen danje ladan pou soti nan ramp lan.
- Pa vire nan yon sòti odènye moman. Si w depase soti ou la, ou dwe ale nan pwochen an.

### Rapèl pou sekirite sou otowout

- Planifye vwayaj ou. Konnen egzakteman ki kote ou pral rantre ak soti.
- Kondwi nan liy dwat la epi pase sou bò goch la. Si gen twa (3) liy, itilize liy dwat la pou kondwi a vitès ki pi ba, goch la pou pase. Si w rete nan liy dwat la, siveye machin kap antre sou otowout la. Ajiste vitès ou oswa ale nan liy mitan an pou yo ka rantre san danje.
- Pa janm kanpe sou twotwa, akotman, oswa yon ramp pou koneksyon sou yon otowout eksepte nan kadijans. Si otomobil ou an pàn, ou ka pake li sou kote otowout la (konplètman lwen twotwa a) pandan pa plis pase sis (6) èdtan. Leve kapo machin lan epi mare yon twal blan nan antèn lan oswa nan manch pòt goch la pou fè konnen ou bezwen èd.
- Pa janm fè bak nan ramp ki nan antre oswa ramp ki nan sòti yon otowout. Sèl eksepsyon ki genyen se ta si w tap eseye antre nan yon otowout pa mwayen yon sòti. Nan ka sa a, ou ta wè yon siy "WRONG WAY" (move wout) oswa "DO NOT ENTER" (Pa antre). Lè sa ou dwe fè bak epi tounen.
- Pa travèse, ni kondwi ni pake sou bann medyàn lan.
- Pa swiv twò pre. Kolizyon pa dèyè se pi gwo danje ki genyen sou otowout yo. Toujou kite espas pou kanpe nan kadijans.
- Sispenn kondwi lè w santi w fatige. Nan vwayaj long wonf motè a ak lefèt ou pap fè mouvman an ka fè w santi w gen somèy. Kanpe pou yon tas kafe, yon ti mache tou kout, oswa yon ti kabicha. Pa riske tonbe dòmi sou volan an.



## Lè wap kondwi lannwit

Wap bezwen kondwi ak plis atansyon lannwit. Ou pa ka wè osi lwen ni sou kote, epi reflè ki soti nan machin kap vini nan direksyon opoze a ka redwi vizyon ou pi plis toujou Swiv prensip sa yo pou kondwi lannwit:

- Itilize gran limyè devan yo (ti limyè pou kwazman oswa gran limyè pou fè wout) ant lè solèy la kouche ak lè solèy la leve yo.
- Ti limyè pou kwazman efikas sèlman pou vitès ki jiska 20-25 MPH (milalè). Ou dwe itilize yon atansyon espesyal lè wap kondwi a vitès ki depase vitès sa yo, piske w pa kapab detekte pyeton yo, siklis yo ak lòt moun yo.
- Gran limyè pou fè wout ka montre objè ki a yon distans ki rive omwen 450 pye epi yo pi efikas pou vitès ki depase 25 MPH (milalè).
- Pa itilize gan limyè devan yo pou fè wout yo a 500 pye de machin kap vini nan direksyon opoze a.
- Si w dèyè lòt otomobil, itilize ti limyè pou kwazman yo lè a 300 pye de otomobil ki devan ou lan.
- Lè wap kite yon kote ki limen byen klè, kondwi dousman pou je w ajiste ak nwasè a.
- Si yon otomobil vini nan direksyon ou ak gran limyè pou wout yo, flache limyè ou yo sou gran limyè pou wout epi tounen mete yo sou ti limyè pou kwazman yon sèl fwa.
- Pa gade gran limyè devan otomobil ki nan direksyon opoze a dirèkteman. Olye sa, siveye bò liy pa w la. Gade byen vit pou ou ka konnen pozisyon lòt otomobil lan chak kèk segonn.
- Kondwi byen lwen bò dwat la otan ou kapab si yon machin ki gen limyè vini nan direksyon pa w la.



Gran limyè devan yo ka devvale objè ki a yon distans ki omwen 450 pye epi yo efikas anpil pou vitès ki pi plis pase 25 milalè.



Toujou itilize ti limyè piti yo lè wap apwoche lòt machin pou w ka pa avegle chofè a. Epitou itilize ti limyè piti yo lè wap kondwi kote ki gen limyè nan lari a. Nan bwouya oswa lapli, epi lè wap swiv yon lòt machin a 300 pye

## Bèt yo

Bèt sovaj ak bèt domestik ka deplase sanzattann nan direksyon oswa atravè wout yon otomobil kap apwoche ap vwayaje a. Lè w wè yon bèt sou akotman wout la, ou dwe ralanti, epi, si li nesesè, sede dwadpasaj la. Ou dwe fè atansyon espesyalman nan zòn riral yo lannwit. Byen souvan yo wè je yon bèt kap briye nan gran limyè pou wout yo an premye.

Itilize atansyon rezonab lè wap apwoche yon moun ki monte oswa kap dirije yon bèt sou wout la oswa sou akotman wout la. Cheval yo gen vizyon sou kote ki fèb epi gwo bri oswa mouvman ki fèt toudenkou fè yo pè fasilman.

## Bouya oswa lafimen

Li pi bon pou pa kondwi nan bouya oswa lafimen. Si w oblige kondwi, ralanti, limen ti limyè pou kwazman yo, epi prepare w pou ou kanpe vit. Itilize eswi vit yo nan lè gen gwo bouya. Si bouya a oswa lafimen an vin tèlman épè ou pa ka wè byen ase pou ou kontinye kondwi, mete w sou twotwa a epi kanpe. Limen limyè ki flache pou kadijans yo.

## Lapli

Premye gout dlo lapli yo vle di danje. Wout yo pi glise imedyatman apre lapli kòmanse paske lwl ki sot tonbe nan machin yo poko lave. Ralanti epi planifye pou distans pou kanpe a omwen de (2) fwa distans nòmal pou kanpe a.

Nan yon gwou lapli, kawotchou w yo ka kouri sou yon ti kantite dlo mens, menm jan ak eski. Se sa yo rele akwaplanaj. Lè kawotchou yo pa touche wout la, ou ka pèdi kontwòl fasiman epi ou glise. Ralanti lè lapli ap tonbe epi kenbe presyon lè egzak la ak bon jan gedj nan kawotchou ou yo pou kawotchou yo ka rete sou wout la.

Byen souvan fren yo konn mouye apre w fin kondwi nan dlo ki fon oswa apre w fin kondwi nan gwo lapli. Yo ka ale swa sou yon bò swa sou lòt bò a, oswa yo ka pa kenbe ditou. Si sa rive, ralanti epi peze sou pedal fren an dousman jiskaske fren yo travay ankò.

## Vizibilité redwi

Ou dwe mete ti limyè (fèb) pou kwazman yo an mach lè wap kondwi ant lè solèy kouche ak lè solèy leve, menm granmaten alob, ant lè solèy kouche ak lè solèy leve oswa ant gwo lannwit ak lè solèy leve. Ou dwe itilize limyè sa yo tou nenpòt lè gen lapli, lafimen oswa bouya. Limyè pakin yo pa ranpli kondisyon lalwa sa a.

## Kouman pou debouye ou nan kadijans

Lè wap kondwi, gen bagay ki ka rive byen vit. Ou ka gen sèlman yon fraksyon segonn pou ou fè mouvman ki bon an. Swiv prensip sa yo pou debouye w nan kadijans.

## Pàn

- Si li posib, pake kote yo ka wè machin ki an pàn lan a 200 pye nan chak direksyon.
- Deplase machin la pou tou le kat (4) wou yo pa sou twotwa a.
- Mete limyè ki flache pou kadijans yo an mach.
- Fè tout pasaje yo soti sou bò ki pa gen trafik la.
- Mare yon twal blan nan manch pòch goch la oswa nan antèn lan.
- Leve kapo a.

## Kawotchou eklate

- Pa itilize fren yo.
- Konsantre sou jan wap vire volan an.
- Ralanti tikras pa tikras.
- Frennen dousman lè machin lan sou kontwòl.
- Soti konplètman sou twotwa a.

## Fren mouye

- Teste fren yo dousman apre ou fin kondwi nan dlo ki fon.
- Fren yo ka ale sou yon bò oswa yo ka pa kenbe ditou.
- Kondwi dousman sou vitès ba epi peze fren yo pou w ka frennen sèk.

### **Fren mouye**

- Teste fren yo dousman apre ou fin kondwi nan dlo ki fon.
- Fren yo ka ale sou yon bò oswa yo ka pa kenbe ditou.
- Kondwi dousman sou vitès ba epi peze fren yo pou w ka frennen sèk.

### **Wou dwat yo pa sou twotwa a**

- Retire pye ou sou pedal gaz la.
- Kenbe volan an byen fèm epi kondwi nan yon liy dwat.
- Frennen tou piti.
- Rete tann wout la klè.
- Tounen sou twotwa toudenkou a yon ti vitès ba.

### **Machin oswa motosiklèt kap apwoche nan liy pa w la**

- Sonnen klaksonn ou.
- Frennen toudenkou.
- Kondwi pou ale sou kote lari a oswa nan ti bafon an.

### **Pedal gaz kole**

- Kenbe je w sou wout la.
- Tape pedal gaz la ak pye ou.
- Eseye fòse pedal la monte ak pwent soulye ou.
- Chanje pou net.
- Etenn motè a. (Pa vire kle a pou bloke, sinon volan ou va bloke.)
- Itilize fren ou yo.

### **Fren pa fonksyonen**

- Ponpe pedal fren an fò epi vit, eksepte pou otomobil ki gen fren antiblokaj yo.
- Chanje pou yon vitès ki pi ba.
- Peze fren pakin lan dousman epi ou dwe sèten wap peze levye oswa bouton pou lage a desann. Sa va anpeche wou dèyè yo bloke epi sa va anpeche machin ou an glise.
- Fwote kawotchou ou yo sou twotwa a pou ou ka ralanti otomobil ou a, oswa soti sou wout la epi ale nan yon espas ouvè.

### **Si wap glise**

- Retire pye ou sou pedal gaz la.
- Pa itilize fren ou yo, si li posib.
- Ponpe fren yo dousman si w pral frape yon bagay.
- Kondwi machin lan nan direksyon glisad la pou drese otomobil la byen. Lèfini kondwi nan direksyon ou vle ale a.

## Dife


- Si dife a piti epi ou gen yon aparèy pòtatif pou etenn dife, ou dwe eseye etenn dife a.
- Si w pa ka etenn dife an epi li kontinye vin pi laj, soti bò otomobil la, poutèt gen lafimen toksik ki prezan epi poutèt posiblite ki genyen pou eksplozyon fèt.
- Pa janm mete dlo nan dife ki fèt ak gazolin oswa dyezèl.

## Kouman pou pataje wout la ak yon kamyon

Mem si wap pataje wout la ak yon machin, kamyon, otobis, oswa lòt gwo machin laj, li enpòtan pou rezon sekirite pou ou obeyi lalwa trafik yo, respekte prensip wout yo, epi kondwi ak prevwayans. Eske gen nenpòt règ espesyal pou pataje wout la ak yon kamyon? Wi! Men kèk sijesyon chofè kamyon pwofesyonèl yo bay.

### “No-Zone” lan

- **Ang kote ou pa ka wè a.** Byenke pifò gwo otomobil laj gen plizyè retwovizè, li fasil pou yon machin oswa yon motosiklèt kache nan ang kote ou pa ka wè nan machin lan. Pa swiv yon kamyon oswa yon otobis twò pre. Lè wap kondwi tou pre yon gwo otomobil, fè atansyon ak ang kote chofè a pa ka wè nan gwo otomobil laj yo adwat, agoch, devan epi dèyè.



- **Ang kote ou pa ka wè ann aryè.** Kontrèman a machin ki pote pasaje yo, kamyon yo ak otobis yo gen ang pwofon kote chofè pa ka wè dirèkteman ann aryè yo. Lè w swiv yon machin twò pre sa ogmante chans ou genyen pou fè kolizyon ann aryè ak yon machin komèsyal anpil.
- **Pase ki pa pridan.** Yon lòt “No Zone” ki egzakteman devan kamyon ak otobis yo. Lè wap pase yon otobis oswa yon kamyon, ou dwè sèten ou ka wè konpatiman separe pou kondwi machin lan nan retwovizè ou anvan ou pase devan li.
- **Viraj adwat nan espas ki laj.** Pafwa chofè kamyon ak otobis bezwen fè avan ak bak nan espas ki laj agoch pou yo ka negosye yon viraj adwat san danje. Yo pa ka wè machin ki dirèkteman dèyè oswa sou kote yo. Si w pase nan mitan, ant machin komèsyal la ak twotwa a oswa akotman ki adwat la, sa ogmante posiblite ki genyen pou yon aksidan fèt.
- **Fè bak.** Lè yon kamyon ap fè bak, pafwa li dwe bloke lari a pou li byen manevre trelè a. Pa janm travèse dèyè yon kamyon kap prepare pou li fè bak oswa ki nan pwosesis pou li fè sa. Sonje byen, pifò trelè mezire wit pye edmi nan lajè epi yo ka konplètman kache objè ki rantre toudenkou ant yomenm ak zòn anbakasyon yo. Chofè otomobil ki eseye pase dèyè yon kamyon antre nan ang kote chofè pa ka wè a pou toude chofè yo.

## Lè wap double

- Lè wap double yon kamyon, dabò tcheke devan ak dèyè, epi randre nan liy pou pase a sèlman si li klè epi ou nan yon zòn kote li legal pou pase. Flache gran limyè devan yo pou w ka fè chofè kamyon an konnen wap pase, espesyalman lannwit. Chofè a va rete nan kote ki pi lwen nan liy lan pou li ka rann li pi fasil pou ou.
- Sou yon gran wout ki a nivo, li pran sèlman twa (3) a senk (5) segonn anplis pou double yon kamyon olyede yon machin. Nan yon ti mòn ki monte, byen souvan yon kamyon pèdi vitès, kifè li pi fasil pou double yon machin. Nan yon ti mòn ki desann, fòs kamyon an va fè li ale pi vit, kifè ou ka bezwen ogmante vitès ou.
- Fin double otomobil lan byen vit posib, epi pa rete sou kote lòtotomobil la.
- Si chofè a flache limyè li apre w fin pase, se yon siyal li klè pou ou tounen randre. Ou dwe tounen randre sèlman lè w ka wè devan kamyon an nan retwovizè ou. Apre w fin pase yon komayon, kenbe vitès ou.
- Lè yon kamyon pase w, ou ka ede chofè kamyon an si w rete jis lòt bò nan liy ou an. Ou va rann li pi fasil pou chofè kamyon an si ou redwi vitès pi yon tikras. Antouka, pa ogmante vitès pandan kamyon an ap pase. Apre li fin pase, chofè kamyon an va siyale pou fè w konnen kamyon an ap tounen nan liy ou an.
- Lè w rankonte yon kamyon kap vini nan direksyon opoze a, rete byen lwen posib sou kote pou evite yon aksidan kote frape a fèt sou kote epi pou redwi tibilans van an ant de (2) otomobil yo. Sonje byen tibilans lan pouse otomobil yo apa, li pa rale yo mete ansanm.

## Lè wap swiv yon kamyon

- Anjeneral, kamyon pran yon ti tan anplis pase machin pou yo kanpe poutèt gwochè yo. Men, ak vitès gran wout yo oswa sou wout ki mouye yo, kamyon yo ka gen pi bon traksyon ak estabilite ki pèmèt yo kanpe pi vit. Yon machin kap swiv twò pre ka pa kapab kanpe vit ase pou evite frape kamyon an ann aryè.
- Si wap swiv yon kamyon, rete lwen “ang kote chofè a pa ka wè” ann aryè a. Evite swiv twò pre, epi mete otomobil ou nan yon pozisyon kote chofè kamyon an ka wè li nan retwovizè sou kote yo. Lè sa a wap ka wè wout la byen devan, epi chofè kamyon an ka ba w ase avètisman pou kanpe oswa vire. Ou va gen plis tan pou reyaji ak pou kanpe sandanje.
- Lè wap swiv yon kamyon lannwit, toujou bese gran limyè devan yo. Limyè klere nan yon machin ki dèyè ka avegle chofè kamyon an lè yo reflete nan gwo retwovizè sou kote ki gen nan kamyon an.
- Si w kanpe dèyè kamyon an sou yon ti mòn ki monte, kite espas pou si kamyon an glise ann aryè yon ti kras lè li kòmanse deplase. Epitou, rete agoch sou liy ou an pou chofè a ka wè ou kanpe dèyè kamyon an.

### **Kouman pou pataje wout la ak yon bisiklèt**

- Kite twa (3) pye espas vid lè wap double yon siklis. Redwi vitès ou si wout la etwa.
- Apre pakin paralèl, tcheke pou wè si gen siklis anvan w ouvri pòt sou kote ki bay sou lari a.
- Lannwit, evite itilize gran limyè pou wout la lè yon siklis ap apwoche. Siklis la ka avegle tanporèman.
- Pa swiv yon siklis pre. Si w twò pre epi siklis la dwe mete bisiklèt li atè sou wout la nan yon kadijans, ou ka pase sou yo.

### **Kouman pou pataje wout la ak yon motosiklèt**

- Lè w swiv yon motosiklèt, sonje byen motosiklèt yo gen kapasite poukanpe pi vit pase lòt otomobil yo nan kadijans. Si w swiv yo twò pre sa mete lavi w ak lavi motosiklis la an danje. Pa swiv yon motosiklis pre.
- Siveye motosiklis yo anvan ou vire epi sede dwadpasaj la.
- Mete motosiklèt nan abitid ou genyen pou chèche wè ak je w la.
- Pa pataje liy lan ak yon motosiklèt. Motosiklèt la bezwen espas la pou li manevre san danje epi li gen dwa pou l lan tout liy lan.
- Lè yon motosiklèt double otomobil ou, ou dwe kenbe pozisyon ou nan liy lan epi kenbe vitès la. Pèmèt motosiklèt la fin fè manèv la nèt epi pran bon jan pozisyon ou nan liy lan byen vit posib.
- Pa swiv yon siklis tou pre. Motosiklis ka kanpe a yon distans ki pi kout pase yon machin.
- Nan trafik, espesyisman nan move tan oswa nan kèk kondisyon ki gen nan lari a, motosiklis yo opere diferaman de lòt otomobil yo. Fòs van ka deplase yon motosiklè atravè tout yon liy nèt. Wout ki mouye oswa ki gen glas ladan ka afekte abilité yon motosiklis genyen pou li frennen ak manevre. Twou nan lari oswa ray tren, byen souvan egzije motosiklis pou yo chanje pozisyon nan liy yo ye a. Wout ki fèt ak gravye diminye traksyon epi yo ka fè yon moun kap monte motosiklè ralanti oswa frennen kote yon machin pa tap fè l.

## CHAPIT 4

### SIYAL, SIY AK EKRITO KI MAKE NAN LARI A

#### **Siyal ki kontwole trafik yo**

Yo mete siyal trafik yo nan entèsekson pou trafik kapab avanse ak pou evite yon aksidan. Chofè, pyeton, ak moun ki monte bisiklèt dwe obeyi siyal sa yo, eksepte lè yon ofisyé ap dirije trafik la. Kanpe sou liy pou kanpe a si machin ou pi pre siyal la. Gen kèk siyal ki chanje sèlman lè yon machin nan liy pou kanpe a. Si siyal trafik la an pàn, trete limyè a menm jan ak si te gen yon siy stop nan tou le kat (4) kwen yo.

#### **Wouj**



Kanpe konplètman kote liy pou kanpe a make a, oswa anvan ou rantre nan kote pyeton pase a, oswa nan entèsekson an. Nan pifò entèsekson, apre w fin kanpe, ou ka vire adwat sou limyè wouj si chemen an klè. Gen kèk entèsekson ki afiche yon siy "**NO TURN ON RED**" ("**Pa vire sou limyè wouj**") epi ou dwe obeyi li. Yo pèmèt ou vire agoch sou limyè wouj, pou soti nan yon lari sans inik pou ale nan yon lòt lari sans inik.

#### **Jòn**

Kanpe si w kapab. Limyè a pral wouj toutalè.

#### **Vèt**

Ale - men sèlman si entèsekson an klè. Sede bay pyeton ak otomobil ki toujou nan entèsekson an. Si wap tounen agoch, rete tan yon espas vid nan trafik kap vin nan direksyon opoze a pou w fin vire nèt.

#### **Flèch wouj**

Kanpe konplètman kote liy pou kanpe a make a, oswa anvan ou rantre nan kote pyeton pase a, oswa nan entèsekson an. Apre w fin kanpe, ou ka vire adwat sou yon flèch wouj nan pifò entèsekson, si chemen an klè. Gen kèk entèsekson ki afiche yon siy "**NO TURN ON RED**" (**Pa vire sou limyè wouj**) epi ou dwe obeyi li. Yo pa pèmèt ou vire agoch sou limyè wouj, pou soti nan yon lari sans inik pou ale nan yon lòt lari sans inik.



#### **Flèch jòn**

Kanpe si w kapab. Limyè a pral tounen wouj toutalè. Flèch jòn lan vle di menm bagay ak limyè jòn lan, men li aplike a mouvman nan direksyon flèch la sèlman.

#### **Flèch vèt**

Yon flèch vèt, ki pwente adwat oswa agoch, vle di ou ka vire nan direksyon flèch la. Si limyè wouj la limen an menm tan, ou dwe nan bon jan liy lan pou w vire a epi ou dwe sede dwadpasaj bay otomobil ak pyeton ki nan entèsekson an.



### Siyal kap flache yo

Yon limyè wouj kap flache vle di menm bagay ak yon siy stop. Yo itilize li nan entèsekson ki gen danje ladan yo.



Yon limyè jòn kap flache vle di ou ka avanse ak prekosyon. Yo itilize li nan, oswa egzakteman anvan, entèsekson ki gen danje ladan yo, oswa pou fè w konnen gen yon siy avètisman tankou kote pou élèv lekòl travèse oswa yon koub sèk.



### Siyal liy yo

Yo itilize siyal liy yo:

- Lè direksyon kouran trafik la chanje pandan lajounen.
- Pou montre gen yon kabin peyaj ki ouvè oswa fèmen.
- Pou montre liy ki ouvè oswa fèmen yo.



Ou pa janm dwe kondwi nan yon liy ki anba yon wous X. Yon X jòn vle di siyal liy la pral chanje pou wouj. Prepare w pou wouj soti nan liy la ak pridans. Ou ka kondwi nan liy ki anba flèch vèt la, men ou dwe obeyi tout lòt siy ak siyal yo tou.

## Siy trafik - Fòm ak koulè estanda yo

Gen wit (8) fòm ak wit (8) koulè nan siy trafik yo. Chak fòm ak chak koulè gen yo siyifikasyon egzak, kifè ou dwe abitye tèt ou avèk yo tout.

**VET:** Gid, enfòmasyon direksyonèl.

**WOUJ:** Kanpe, pa antre oswa move wout.

**BLE:** Sèvis konsèy pou otomobilis. Yo itilize yo pou idantifye espas pakin pou chofè ki andikape.

**ORANJ:** Avètisman sou konstriksyon ak antreyen.

**MAWON:** Zòn rekreyasyon publik ak gid panoramik.

**JON:** Avètisman jeneral.

**BLAN:** Reglemantè.

**NWA:** Règlemantè.

Fòm yon siy wout ka di w anpil bagay sou mesaj ki nan siy la menm jan ak koulè li.



**Oktagòn:** Pou siy stop sèlman.



**Rektang orizontal:** Anjeneral pou siy pou gide.



**Triyang:** Pou siy pou sede sèlman.



**Pennant:** Avètisman davans pou zòn pou pa pase (no passing zones).



**Dyaman:** Pou fè konnen gen danje ki egziste oswa ki posib sou wout yo oswa nan zòn tou pre yo sèlman.



**Rektang vètikal:** Anjeneral pou siy règlementè yo.



**Pantagòn:** Siy davans pou lekòl ak siy kote elèv lekòl travèse.



**Won:** Siy avètisman ray tren davans.



**Kwa avètisman:** Wout kote tren pase

### Oktagòn: Stop (kanpe)



**Siy stop yo** tojou oktagonal (8 bò). Yon siy stop vle di ou dwe kanpe otomobil ou konplètman kote liy la make pou kanpe a. Si pa gen liy ki make pou kanpe, kanpe anvan ou rantre nan kote pou pyeton pase a toupre entèsekson an. Si pa gen kote pou pyeton pase, kanpe nan pwen ki pi pre wout ki fè entèsekson, kote ou ka wè byen klè trafik kap apwoche wout ki fè entèsekson an anvan ou rantre nan entèsekson an.



Yon siy **stop nan toule 4 kwen yo** vle di gen kat (4) siy stop nan entèsekson sa a. Trafik kap soti nan toule kat (4) direksyon yo dwe kanpe. Premye otomobil ki rive nan entèsekson an dwe pase an premye. Si gen de (2) otomobil ki rive nan entèsekson an an menm tan, chofè ki sou bò goch la sede bay chofè ki sou bò dwat la..



**Triyang: Sede**

Ralanti epi bay otomobil kap kwaze wout ou yo dwadpasaj la. Si wout la klè, ou ka avanse dousman san ou pa kanpe. Odinèman, yo mete siy sede yo kote ti wout sou kote yo mennen sou gran wout yo.



### Drapo an fòm triyang: Pa pase

Wap antre nan yon zòn pou pa pase (no passing zone). Yo mete siy sa a sou bò goch wout la, anfas chofè a.



### Dyaman: Avètisman

Pon eta. Siy sa yo fè w konnen kondisyon espesyal oswa danje ki gen pi devan yo. Mo oswa senbòl ki sou siy lan va fè konnen poukisa ou bezwen pran prekosyon. Gade paj 58-60 pou siy avètisman tipik yo.



### Pantagòn: Siy lekòl

Siy sa a ki gen senk (5) bò a vle di ou tou pre yon lekòl. Siveye timoun yo.



### Pasaj pou elèv lekòl

Pandan wap apwoche siy sa a, ralanti, siveye timoun kap travèse lari a. Kanpe si li nesesè. Obeyi siyal nenpòt gad kap fè moun travèse.



### Kote pou timoun travèse

Ralanti pou fè vitès ki afiche a. Siveye timoun yo!

## Siy avètisman yo

Men kèk siy avètisman ki kòmen. Siy sa yo fè w konnen davans ki danje posib ki gen pi devan yo. Kondwi ak prekosyon.



**Wout la glise lè li mouye.** Nan tan lapli, kondwi dousman. Pa ogmante vitès ni frennen rapidman. Vire sèk a yon ti vitès piti.



**Gran wout la divize pi devan.** Gran wout la divize an de (2) wout sans inik pi devan an. Kenbe dwat la.



**Gran wout ki divize a fini.** Gran wout ki divize epi wap vwayaje sou li a fini 350 a 500 pye pi devan. Lè sa a, wap sou yon wout ki gen trafik ki prale nan de (2) sans. Kenbe dwat la.



**Wotè ba.** Pa antre si otomobil ou pi wo pase wotè ki ekri sou siy la.



**Pasaj pou bisiklèt.** Li fè w konnen davans gen yon kote pou bisiklèt pase sou wout la pi devan.



**Trafik ap melanje.** Ou pral rive nan yon pwen kote yon lòt liy trafik ap vin melanje ak liy ou ladann lan. Siveye lòt trafik epi prepare w pou ou sede dwadpasaj lè li nesesè.



**Pasaj pou pyeton.** Siveye moun kap travèse lari yo. Ralanti oswa kanpe si li nesesè.



**Pon etwa.** Pon an laj ase pou akomode de (2) liy trafik, men ak ti wotè ba.



**Kote ki kase nan lari a.** Gen yon plas ba nan wout la. Ale dousman epi prepare w pou w kanpe si kote ki kase nan lari a ranpli ak dlo.



**Akotman ki pa estabilize.** Tè ki sou kote lari a mou. Pa soti sou twotwa a eksepte nan kadijans.



**Pon ki gen yon sèl liy.** Pon an laj ase pou yon sèl otomobil alafwa. Ou dwe sèten pon a pa gen trafik kap vin nan direksyon opoze a anvan ou travèse.



**Twotwa fini.** Sifas wout ki devan an chanje de yon sifas ki asfalte pou yon kalite sifas ba oswa wout ki fèt ak tè.



**Koub adwat.** Ralanti vitès ou epi kenbe goch ou nèt. Wout la pral koube adwat.



**Koub doub.** Wout la pral koube adwat, answit agoch. Ralanti vitès ou, kenbe dwat la, epi pa pase.



**Wout ki gen anpil koub.** Gen plizyè koub pi devan. Kondwi dousman epi ak atansyon.



**Pasaj pou kamyon.** Siveye kamyon kap antre oswa kap travèse gran wout la.



**Wout transvèsal.** Yon wout ki travèse gran wout prensipal la pi devan. Gade agoch epi adwat pou lòt trafik.



**Wout sou kote** Yon lòt wout antre sou gran wout la apatid de direksyon yo montre a. Siveye trafik la nan direksyon sa a.



**Viraj adwat sèk.** Wout la ap vire sèk adwat. Ralanti vitès ou, kenbe dwat la, epi pa double lòt otomobil yo.



**Rediksyon liy yo.** Ap gen mwens liy pi devan. Trafik la dwe melanje agoch. Chofè ki nan liy goch la dwe pèmèt lòt yo melanje san pwoblèm. Liy dwat la fini.



**Siy ki konseye vitès.** Vitès ki pi wo ak pi pridan ou dwe vwayaje bò koub ki pi devan an se 25 milalè. Yo ka itilize siy ki konseye vitès yo ansanm ak nenpòt siy avètisman ki gen fòm dyaman.



**Mòn/Mòn ki desann.** Ralanti epi prepare w pou chanje pou vitès ki pi ba pou w ka kontwole vitès la epi konsève fren.



**Sede pi devan.** Fè konnen gen yon siy sede pi devan. Ralanti epi prepare w pou ou kanpe nan siy sede a oswa pou ou ajiste w a vitès trafik la.



**Siyal trafik pi devan.** Avètisman pou siyal trafik ki nan entèsekson ki pi devan an. Ralanti, posiblite pou vizibilite a ba.



**Siy stop pi devan an.** Lè w rive nan siy sa a, ralanti pou ou ka pare pou kanpe nan siy stop la.



**Trafik nan de (2) sans pi devan an.** Lari oswa wout sans inik ki pi devan an fini. Lè sa a, ou pral fè fas ak trafik nan direksyon opoze a.



**Pasaj pou bêt.** Bèt ki gen foto li sou siy la frekan nan zòn sa a: siveye espès bêt sa a ka travèse wout la sitou lè solèy ap kouche, fè nwa ak nan lè lanwit yo.

### Rekang: Règleman oswa enfòmasyon

Siy sa yo fè w konnen kisa lalwa a di, kifè ou dwe swiv esplikasyon yo bay yo.



Sonje byen yon sèk wouj ak yon ba transvèsal ladan vle di NON. Siy la montre w kisa yo pa pèmèt.



**PA FE U-TURN** - Ou pa ka vire konplètman pou ale nan direksyon ki opoze ak kote siy sa a afiche a. Pa fè U-turn.



Ou pa dwe vire adwat nan entèsekson sa a.



50 milalè se pi gwo vitès ou ka vwayaje nan zòn sa a san danje.



Ou pa ka ale toudwat. Ou dwe vire swa adwat oswa agoch.



Ou prale nan move direksyon an nan yon ramp pou soti sou otowout. Pa kondwi depase siy sa a. Vire won imedyatman.




Gen yon otowout ki divize pi devan an. Rete sou bò dwat separasyon an.



Pakin pou machin ki afiche pèmi ofisyèl epi kap transpòte moun andikape sèlman.



Ou ka vwayaje nan direksyon flèch la sèlman.



Siy sa a make vitès maksimòm ki rekòmande pou antre oswa soti sou yon otowout san danje. Ralanti pou fè kèlkeswa vitès ki afiche a.




Ou pa ka vire ni adwat ni agoch lè limyè a wouj. Ou dwe rete tann siyal la vin vèt.



Yon mak ki gen fòm dyaman fè konnen gen yon liy ki rezève pou kèk rezon oswa pou kèk kalite otomobil. Odinèman yo rezève liy pou otobis oswa machin ki vwatire plizyè mou (car-pool) nan lè ki gen anpil trafik. Yo itilize lòt siy dyaman yo pou montre liy ki pou bisiklèt yo.



Yo pataje liy mitan an pou vire agoch nan toude direksyon otomobil yo vwayaje a.



Ou pa dwe double okenn lòt otomobil ki pral nan menm direksyon avèk ou lè w nan zòn sa a.



Lè w fin pase siy sa a, yo pèmèt ou double lòt otomobil ankò ak anpil atansyon.



Trafik ki nan liy goch la dwe vire agoch nan entèsekson ki pi devan an.



Yo pèmèt kanpe pou kadijans sèlman.



Wap apwoche yon zòn kote gen yon vitès ki etabli pou zòn lan.



Nan entèsekson ki pi devan an, trafik ki nan liy goch la ak trafik nan liy ki kole ak liy goch la dwe vire agoch oswa kontinye tou dwat.



Yo itilize siy sa a nan plizyè liy sou otowout yo pou fè trafik ki pi dousman yo konnen pou yo rete nan liy ki sou lamen dwat la; epitou pou yo fè sa lè gen lòt trafik kap apwoche yo ann aryè menm si wap fè vitès limit la.



Mak sa sa a fè konnen gen yon wout sans inik ak trafik kap vini nan direksyon opoze avèk ou. Ou pa dwe antre nan yon wout sans inik nan pwen sa a.



Ou pa dwe vire ni adwat ni agoch nan entèsekson sa a.



Si w pake, ou dwe toujou pake lwen pati ki rezève pou sikilasyon sou otowout la.



Lè otomobilis yo ap antre nan yon liy pou vire adwat, yo va gen konfli ak bisiklèt yo poutèt mouvman yo. Toujou sede.

### Siy ak siyal pasaj pou tren

Gen plizyè siy ak siyal epi mak ki atè a ki fè konnen gen pasaj pou tren sou otowout la. Lè w wè youn ladan yo, ralanti epi prepare pou w kanpe.

### SONJE BYEN:

Tren pa ka kanpe byen vit. Yon tren regilye ki pote machandiz epi kap vwayaje a 30 MPH (milalè) dwe kanpe a yon distans ki pi plis pase yon mil. Tren ki pi long yo ki prale a vîtes ki pi rapid yo ka pran yon mil edmi oswa plis pou kanpe.

Nenpòt pyeton oswa moun kap kondwi yon otomobil epi kap apwoche yon otowout ki gen pasaj pou tren dwe kanpe a 50 pye, men pa pi piti pase 15 pye, ak ray nan wout la ki pi pre a lè: aparèy elektrik oswa mekanik ki bay avètisman yo ap flache, baryè pou travèse a bese, yon moun kap fè siyal ak yon drapo pou fè konnen gen yon tren kap apwoche, oswa ou ka wè klèman gen yon tren kap apwoche epi li tou pre pasaj pou tren travèse otowout la. **Pa apwoche jiskaske ou ka fè sa san danje.**



### MAK KI ATE A YO

Yo ka pentire mak ki atè a, ki fèt ak yon RXR ki gen yon liy stop tou pre trak yo, kote ki pave a lè wap apwoche yon kote pou travèse.



### SIY AVETISMAN DAVANS

Odinèman siy avètisman davans la se premye siy ou ka wè lè wap apwoche yon entèsekson sou yon gran wout ki gen ray tren ladan. Siy avètisman davans la fè w konnen pou w ralanti, gade epi prete lekout pou yon tren, epi prepare w pou ou kanpe si yon tren ap apwoche.

## SIY KWA AVETISMAN



Yo jwenn siy kwa avètisman yo nan entèksyon kote pou tren pase sou gran wout yo. Se siy sede yo ye. Yo egzije w legalman pou ou sede dwadpasaj bay tren. Ralanti, gade epi prete lekout pou tren, epi kanpe si yon tren apwoche. Yo jwenn siy kwa avètisman pou tren yo nan piò kote tren travèse. Si gen plis pase yon trak, siy ki anba kwa avètisman an va montre kantite trak ki genyen nan kote pou tren travèse a.



## SIYAL LIMYE WOUJ KAP FLACHE YO

Nan anpil kote pou tren pase sou gran wout yo, siy kwa avètisman an gen siyal limyè wouj kap flache ak klòch. Lè limyè yo kòmanse flache, kanpe! Yon tren ap apwoche. **PA KANPE SOU TRAK YO NI A 15 PYE DE KOTE POU TREN AN PASE A.** Si gen plis pase yon trak, chèche konnen si tout trak yo klè anvan ou travèse. Pa avanse jiskaske ou ka fè sa san danje. Nan gwo trafik, chèche konnen si gen espas pou otomobil ou sou lòt bò a anvan ou kòmanse travèse.

## BARYE

Anpil kote pou tren pase gen baryè ak limyè wouj kap flache epi klòch. Kanpe lè limyè yo kòmanse flache epi anvan baryè yo desann sou liy ou ye sou wout la. Si baryè yo desann, wout la fèmen. Li kont lalwa pou kondwi ozalantou oswa anba yon baryè pou travèse lè li desann oswa lè yap ouvè l oswa fèmen l. **Pa avanse jiskake baryè yo monte epi limyè yo sispann flache paske ka gen yon tren kap apwoche nan yon trak ki tou pre a.**

Toujou apwoche kote pou tren travèse gran wout la , a yon vitès rezonab, epi toujou pare pou ou kanpe si w gen pou ou fè sa. Ou dwe vijilan espesyalman lè wap swiv otobis oswa kamyon, ki ka oblige kanpe kote tren travèse otowout la menm lè baryè yo monte epi limyè avètisman yo pap flache. Si machin ou pran pàn sou trak la yo pa ezite. Soti epi fè pasaje w yo soti nan machin lan imedyatman epi rete lwen machin lan. Si gen yon kolizyon ki pral fèt, direksyon ki pi an sekirite a se nan direksyon tren an prale a men rete lwen trak la yo. Konsa va gen mwens possiblite pou otomobil ou an oswa nenpòt debri ki soti nan kolizyon an frape ou.

## **Siy ak siyal pon mobil yo**

Pon mobil yo se pon mekanik sou dlo ki navigab ki souvle oswa ki tounen pou pèmèt trafik maritim pase anba yo. Lè yo kòmanse deplase, wout la fèmen pou tout trafik. Toujou pran prekosyon lè wap kondwi oswa mache sou yon pon mobil.



## **SIYAL PON MOBIL**

Ou dwe trete sa yo menm jan ak yon siyal pou kontwole trafik.

### **Wouj**

Kanpe konplètman kote liy lan make pou kanpe a, pon an anmach epi wout la fèmen pou tout pyeton ak trafik otomobil.

### **Jòn**

Kanpe si w kapab, pon a pral kòmanse fonksyonen. Si w pa ka kanpe, kontinye ak prekosyon epi siveye baryè trafik yo.

### **Vèt**

Ale - siveye peyton yo ak lòt otomobil ki sou pon an.

## **SIYAL LIMYE JON KAP FLACHE YO**

Se premye siy ou wè lè wap apwoche yon pon mobil. Siy sa a fè w konnen pou ou ralanti epi pou ou siveye SIYAL PON MOBIL la. Si limyè jòn lan ap flache, pon mobil la anmach epi si SIYAL PON MOBIL la wouj, prepare pou ou kanpe.




Anpil pon mobil gen baryè ak limyè wouj kap flache epi klòch. Kanpe lè limyè yo kòmanse flache epi anvan baryè yo desann sou liy ou ye sou wout la. Si baryè yo desann, wout la fèmen. Li kont lalwa pou kondwi ozalantou oswa anba yon baryè pou travèse lè li desann oswa lè yap ouvè l oswa fèmen l. **Pa avanse jiskaske baryè yo monte epi limyè yo sispann flache.**

## Siy kontwole trafik nan zòn konstriksyon ak antretyen wout yo.

Yo itilize plizyè aparèy pou kontwole trafik nan konstrisyon wout ak kote yo fè travay antretyen wout pou dirije chofè ak pyeton nan zòn travay la san danje epi pou bay moun kap travay sou wout yo sekirite.

Prepare pou ou redwi vitès ou epi pou ou pran prekosyon lè yon siy, yon moun kap siyale ak yon drapo ak/oswa yon ofisyel polis di pou ou fè sa.




Yo itilize siy konstriksyon ak antretyen pou mete chofè okouran eta danje ekstrawòdinè ki ka genyen nan zòn travay la oswa tou pre zòn travay la. Pifò siy yo itilize nan zòn travay sou otowout ak nan lari yo gen fòm dyaman.

## Aparèy pou siyalizasyon


Barikad, pano vètikal, tanbou, kòn yo itilize byen souvan kòm aparèy pou fè chofè konnen kondisyon ki ka gen danje ladan sou gran wout ak nan lari kote travay ap fèt. Yo itilize aparèy sa yo pou gide chofè san danje nan zòn travay, epi lannwit, yo ka men gen limyè avètisman ladan yo. Lè yon siy Road Closed (Wout fèmen) afiche, pa kondwi sou wout sa a. Chèche yon dètou oswa yon lòt wout.

Bann, ki sou barikad ak sou aparèy pou pwoteksyon, desann an pant nan direksyon trafik la dwe vwayaje a.



## Pano flèch kap flache

Yo itilize pano flèch kap flache ni lajounen ni lannwit pou bay chofè avètisman davans ak enfòmasyon sou direksyon lè li nesesè pou travèse adwat oswa agoch pou ale nan yon lòt liy.




Yon ba orizontal kap flache bay yon avètisman - pou pran prekosyon lè wap apwoche zòn travay la.

## Moun kap fè siyal ak drapo

Byen souvan, yo mete moun kap fè siyal ak drapo yo nan zòn ki gen travay kap fèt sou otowout yo ak nan lari a pou kanpe, ralanti, oswa gide trafik la nan zòn lan san danje.

Moun kap fè siyal ak drapo yo mete vès oswa jakèt oranž epi yo itilize drapo wouj oswa panno pou kanpe/ralanti pou dirije trafik nan zòn kote travay ap fèt yo.



## Siy espesyal yo



### Otomobil ki pral dousman

Otomobil ki prale a mwens pase 25 milalè (tankou ekipman pou jaden) dwe afiche siy sa a ann aryè lè yap itilize gran wout publik yo.

## Siy gid vèt yo

Siy gid vèt ak blan yo bay enfòmasyon sou direksyon yo ak distans yo. Siy gid yo sou otowout montre w ki liy pou itilize pou ale kote w vle ale a. Wout ki anjeneral ale nan direksyon Es-Wès gen chif pè ladan yo epi sa ki ale nan direksyon Nò-Sid yo gen chif enpè ladanyo.




## Siy sèvis ble ak blan yo

Siy ble ak blan yo dirije w nan kote ki gen sèvis yo, tankou gaz, manje, motèl ak lopital.



## Siy sèvis mawon ak blan yo

Siy mawon ak blan yo montre zòn panoramik yo ak pak yo.



## Mak ki ekri atè yo

Liy, senbòl ak mo ki pentire nan yon wout byen souvan ede dirije chofè yo epi kontwole kouran trafik la. Ou dwe konnen kisa liy ak koulè diferan yo vle di epi obeyi yo menm jan ou ta fè pou siy oswa siyal trafik yo.

Yo itilize liy blan ak jòn yo arebò kote ki pave yo ant liy yo pou kenbe otomobil yo nan liy yo. Liy sa yo ka swa solid oswa diskontinye (gwo tirè long), senp oswa doub.

Amwenke wap vire, soti sou yon otowout, chaje liy, toujouj rete nan mitan mak liy ki make liy pa w la.

## Vwa ki gen liy jòn yo

Liy jòn yo separe liy trafik ki pral nan direksyon opoze yo. Liy jòn senp yo ka montre bò goch yon lari sou otowout ki divize ak sou wout sans inik yo tou.

### Liy jòn ki diskontinye

Yon liy jòn ki diskontinye separe liy trafik ki pral nan direksyon opoze yo. Rete sou bò dwat liy lan, amwenke wap double yon otomobil ki devan ou. Lè wap pase, ou ka travèse liy sa a tanporèman lè li pridan pou fè sa.





### Liy jòn doub yo: Yon solid, yon diskontinye

Yon liy jòn solid adwat yon liy jòn diskontinye ki nan mitan vle di yo entèdi pase oswa travèse nan liy sa a, eksepte lè wap vire agoch. Si liy diskontinye a pi pre w, ou ka travèse liy diskontinye a sèlman pou double yon lòt otomobil epi sèlman lè li pridan pou fè sa.



### Liy jòn doub

Liy jòn solid doub yo entèdi otomobil ki prale nan nenpòt nan direksyon yo travèse liy la. Ou pa ka travèse liy sa yo amwenke wap vire agoch lè li pridan pou fè sa.



## Kote ki gen liy blan yo

Kote ki gen liy blan yo separe liy trafik ki pral nan **menm** direksyon an. Liy blan senp yo ka make bò dwat wout la tou.

### Liy blan ki diskontinye

Yon liy blan diskontinye separe de (2) liy pou trafik ki pral nan menm direksyon. Yon fwa ou fin fè siyal, epi li pridan pou fè sa, ou ka travèse liy sa a lè wap chanje liy.



## Liy blan solid

Yon liy blan solid make bò dwat wout la oswa li separe liy trafik ki pral nan menm direksyon. Ou ka vwayaje nan men direksyon sou toude bò liy sa a, men ou pa dwe travèse liy la amwenke ou dwe fè sa pou evite yon danje.

## Liy blan doub solid

Yon liy blan doub solid separe de (2) liy trafik ki pral nan menm direksyon an. Yo entèdi pou travèse yon liy doub solid.

## Liy solid ak liy ki gen flèch pou vire

Yo itilize liy blan solid yo pou liy pou vire yo ak pou dekouraje chofè chanje liy tou pre entèsekson yo. Byen souvan yo itilize flèch yo ak liy blan yo pou montre nan ki direksyon ou ka vire nan liy lan.




Si w nan yon liy ki make ak yon flèch ki koube epi ki gen mo ONLY (sèlman) ladan, ou dwe vire nan direksyon flèch la. Si liy ou a make ak toude, yon flèch koube ak yon flèch dwat, ou ka swa vire oswa ale toudwat.

## Liy revèsib

Gen kèk otowout ki gen liy trafik revèsib pou ede ak trafik nan lè ki gen anpil trafik yo. Direksyon trafik la nòmalman ranvèse a lè egzak chak jou. Yo itilize mak sa yo ki atè ansam ak siyal liy espesyal ak lòt siy ak senbòl tou.

Yon liy blan solid make fen kote ki pave a nan piò wout. Liy karpe yo, kotre pou pyeton pase yo ak espas pou pakin yo make ak liy blan tou. Senbòl tankou flèch yo an blan tou. Yon liy senp make bò goch tout wout ki divize oswa ki sans inik. Twotwa yo byen souvan make an jòn nan zòn kote pou pa pake yo oswa tou pre fontèn pou etenn dife yo oswa entèsekson yo. Li ilegal pou pake oswa kondwi nan zòn kote mak ki atè yo endike liy pou ponpye pase oswa zòn sekirite.


Flèch ki make liy la, nan liy mitan a nan chema ki pi ba la a, fè konnen trafik nan liy sa a ka ranvèse dapre kontwòl trafik lokal la poutèt se "lè gwo trafik" oswa poutèt lòt kondisyon espesyal ki gen nan trafik la.




**Chofè nan nenpòt direksyon ka itilize liy mitan an pou vire agoch.**

**Wout ki ale nan sans doub ak liy mitan an**

Wout ki ale nan de (2) sans epi ki gen liy mitan pou vire agoch nan nenpòt direksyon. Liy mitan ki make espesyalman pou vire a fèt pou ralanti epi pou kenbe otomobil kap vire yo epi yo pa ka itilize liy sa a pou pase.



Chofè nan nenpòt direksyon ka itilize liy mitan an pou vire agoch.



Chofè kap kondwi nan nenpòt direksyon ka itilize liy mitan an pou vire agoch sèlman.

# Chapit 5-Otomobil ou

Yo va tcheke atik sa yo anvan ou pran tès pratik la pou ou gen lisans ou. Si kawotchou ou yo, liymè fren, siyal pou chanje direksyon, fren, volan, klakson oswa retwovizè ou pa an bon eta, yo pap pèmèt ou pran tès pratik pou kondwi a. Yon ofisyel ki fè respekte lalwa ka kanpe w nenpòt lè pou fè yon enspeksyon nan otomobil la.

## Estanda pou ekipman yo

Ekipman ki nan otomobil ou dwe satisfè kèk kondisyon. Yo sou lis ki pi ba la a.


## Fren yo

Otomobil ou dwe gen de sistèm pou frennen. Yo chak fèt pou yo ka fè machin lan kanpe poukонт yo. Fren pou pakin oswa fren pou kadijans dwe fò ase pou kenbe machin lan sou nenpòt mòn. Fren ou fèt pou kapab kanpe machin ou nan distans yo montre sou tablo a.

## Distans pou frennen

Ou fèt pou ka kanpe machin ou nan distans yo montre nan machin nwa yo lè w itilize fren ou peze ak pye a. Pou kondwi san danje, kenbe fren ou yo nan tèlman bon eta, pou ou ka kanpe a distans yo montre nan machin blan yo.

Li enpòtan pou remake graf la ilistre distans pou frennen APRE W FIN PEZE FREN OU YO. Sou li, ou dwe ajoute yon DISTANS POU REYAKSYON, ki distans ou vwayaje de moman ou wè danje a jiskaske ou mete pye ou sou pedal fren an. Piske kantite tan reyaksyon an se 3/4 yon segonn an mwayèn, yon otomobilis va kouri 11 pye pou chak 10 MPH (milalè) anvan li peze fren an. A 50 MPH (milalè) distans sa a tap 55 pye!



**REMAK:** Tan reyaksyon nan laboratwa yo se 3/4 yon segonn. Nan anviwonnan kondwi a, tan reyaksyon ou tap pi pre 1.5 segonn epi distans ou tap vwayaje a 50 mph (milalè) a tap 110 pye.

### **Operasyon seri pou blokaj**

Otomobil yo gen plizyè sistèm yo itilize pou retire kle nan kote pou estat machin yo. Sonje byen, gen kèk kote pou estat machin ki bloke volan an otomatikman si kle a soti pandan machin lan ap mache. Men kèk sistèm kòmen ki bloke volan ansanm ak yon deskripsyon sou kouman pou retire kle a:

#### **Sistèm pozisyon pou estasyonen**

Pake. Mete transmisyon an sou pozisyon “park” la (“pake”).

Vire kle a mete sou LOCK (fèmen) epi retire li.

#### **Sistèm bouton de (2) men an**

Pake. Sistèm sa a mande de (2) men. Peze bouton ki anba blòk volan an. Vire kle a mete sou LOCK (fèmen) epi retire li.

#### **Sistèm levye a**

Pake. Peze levye ki tou pre kote pou estat machin lan. Vire kle a mete sou LOCK (fèmen) epi retire li.

#### **Sistèm bouton ak yon men an**

Pake. Peze levye ki tou pre kote pou estat machin lan. Vire kle a mete sou LOCK (fèmen) epi retire li.

#### **Sistèm pouse anndan an**

Pake. Vire kle a mete li sou OFF (fèmen), pouse li anndan. Vire kle a mete sou LOCK epi retire li.

#### **Sistèm vire epi retire a**

Pake. Vire kle a mete sou LOCK (fèmen) epi retire li.

© 1992 Automobile Safety Foundation (Fondasyon pou sekirite otomobil)

## **Limyè yo:**

Otomobil ou dwe gen limyè sa yo:

- Gran limyè devan (high-beam) klere ki montre objè ki a 450 pye pi devan.
- Ti limyè (low-beam) pou kwazman ki montre objè ki a 150 pye pi devan.
- De (2) limyè wouj ki monte ann aryè, vizib a 1,000 pye.
- Yon limyè blan ki rann plak machin lan vizib a 50 pye (Plak machin lan dwe toujou pwòp).
- De (2) limyè wouj pou frennen. Yo fèt pou wè yo a 300 pye pandan lajounen, epi yo dwe limenm lè pye a peze pedal fren an.

Tout otomobil, menm otomobil bêt rale, dwe gen omwen yon limyè blan ki vizib a yon distans ki pa pi piti pse 1,000 pye ak devan machin lan. Yo dwe gen de (2) limyè wouj tou ki vizib a yon distans ki pa pi piti pase 1,000 pye ann aryè, oswa yon limyè wouj ki vizib ann aryè a yon distans ki 1,000 pye epi de (2) limyè reflektè ki vizib a tout distans ant 600 pye a 1,000 pye.

## **Lòt estanda pou ekipman**


**Klakson:** Otomobil ou dwe gen yon klakson yo ka tande a yon distans ki 200 pye.

**Eswi glas:** Otomobil ou dwe gen yon eswi glas ki an bon eta pou netwaye lapli, nèj oswa lòt imidite sou gwo vit devan an.

**Gwo vit devan an:** Dwe yon vit pou sekirite epi li pa dwe kouvri ni trete ak okenn materyèl ki gen efè pou li fè gwo vit devan an bay reflè oswa pou li pa transparan nan okenn fason. Li pa dwe gen okenn etikèt lalwa pa egzije sou li.

**Retwovizè sou kote:** Ka pa fèt ka, kouvri ak, ni trete ak okenn materyèl ki gen aparans li bay anpil reflè oswa ki sanble ak yon miwa epi ki reflekt plis pase 35% nan limyè a.

**Fenèt dèyè yo:** Lè fenèt dèyè a fèt ak, oswa kouvri ak, oswa trete ak nenpòt materyèl ki fè fenèt dèyè a pa transparan, otomobil la dwe ekipe ak retwovizè sou kote sou chak bò.



**Siyal pou chanje direksyon:** Ou dwe gen siyal elektrik pou vire si otomobil ou mezire plis pase 24 pouz depi nan mitan tèt poto volan an ki agoch limit deyò kò volan an, oswa lè distans depi poto volan an pou rive ann aryè kò volan an oswa chaj la pi plis pase 14 pye.

**Kawochou yo:** Kawochou w yo dwe gen gedj vizib ki omwen 2/32 pouc atravè baz la san pa gen kote ki abimen ki parèt nan pli a. Kawochou ki mou epi ki sou wout ki mouye kontribye nan dèmilye aksidan grav.

**Retwovizè yo:** Machin ou dwe gen omwen yon retwovizè ki fè wè gran wout la a omwen 200 pye ann aryè.

#### **Kouman pou kenbe machin ou an bon eta**

Kèlkeswa jan ou kondwi byen, ou pa an sekirite amwenke otomobil ou an bon eta. Sinon, ou ka fè yon aksidan grav.

**Fren yo:** Tcheke pou wè si pedal la rete byen anwo planche a lè mete pye ou sou li. Si machin lan ale sou yon bò lè w itilize fren yo oswa ou tande nenpòt ki bri grataj oswa bri sifle ou ka bezwen repare fren yo.

**Limyè yo:** Ranplase anpoul ki boule yo epi netwaye glas yo souvan. Gran limyè devan ki sal ka koupe vizyon ou lannwit a mwatyte. Limyè siyal oswa limyè fren ki boule vle di ou pa ka fè lòt chofè konnen kisa w pral fè. Kenbe limyè ou yo ajiste pou w ka pa avegle chofè ki nan direksyon opoze yo.

**Fenèt yo ak gwo vit devan:** Kenbe vit yo pwòp, anndan ak deyò, pou redwi reflè.

#### **Ekipman yo pa pèmèt**

Ou pa ka gen sou oswa nan otomobil ou:

- Limyè wouj oswa ble pou kadijans. Sa yo se pou kadijans ak pou otomobil ajan ki fè respekté lalwa yo sèlman.
- Yon sirèn, klòch oswa siflèt.
- Yon mòflè ki fè anpil bri oswa youn ki fè lafimen.

- Siy, afich oswa etikèt sou gwo vit devan an oswa sou fenèt yo (eksepte sa lalwa egzije yo).
- Yon televizyon chofè a ka wè.
- Plis pase de (2) pwojektè a men, deflektè oswa limyè fenndè, limyè pou bouya (devan), oswa lòt limyè ekstra (devan).
- Kas mikwofòn pou chofè a mete pandan lap kondwi yon otomobil.

### **Egzijans sou wotè bonpè**

Yo egzije pou moun ki posede otomobil ak kamyon pikòp gen bonpè ni devan ni dèyè alafwa ki monte a yon sèten nivo nan wotè. Se pwa nèt otomobil la, lè yo espedye li, ki gouvènen limitasyon ki gen nan wotè a, se pa pwa modifye a ni pwa altere a. Wotè maksimòm yo pèmèt ant atè a ak anba bonpè devan ak bonpè aryè a, memm jan seksyon 316.251, nan lalwa Florida di a se:

- Machin ki gen yon pwa nèt ki omwen 2,500 liv - 22 pouz devan ak ann aryè.
- Machin 2,500 liv oswa plis men mwens pase 3,500 liv - 24 pouz devan epi 26 pouz ann aryè.
- Machin 3,500 liv oswa plis - 27 pouz devan; 29 pouz ann aryè.
- Kamyon mwens pase 2,000 liv 24 pouz devan; 26 pouz ann aryè.
- Kamyon 2,000 liv oswa plis men mwens pase 3,000 liv - 27 pouz devan, epi 29 pouz ann aryè.
- Kamyon 3,000 liv oswa plis men pa plis pase 5,000 liv - 28 pouz devan; 30 pouz ann aryè.

### **Egzijans anplis pou ekipman nan kèk otomobil**

Trelè dwe gen ekipman sa yo:

- Chak trelè oswa semi-trelè ki peze plis pase 3,000 liv: Sou devan, de (2) limyè pou ankonbreman, sou chak bò. Sou chak bò, de (2) fanal sou kote, youn devan oswa tou pre devan an epi yon dann aryè oswa tou pre aryè a. Ann aryè, de (2) limyè pou ankonbreman sou chak bò, epi de (2) reflektè, youn devan oswa tou pre devan an epi youn ann aryè oswa tou pre aryè a. Dwe gen de (2) limyè stop ann aryè otomobil sa yo. Yo pèmèt yon limyè stop nan otomobil ki fabrike anvan 1 janvye 1972 yo.
- Chak machin semi remokaj teleskopik ki peze plis pase 3,000 liv: Sou chak bò, yon fanal sou yon bò epi yon limyè pou ankonbreman (ki ka konbinen), pou montre sou devan, sou kote ak dèyè. Ann aryè machin remokaj teleskopik la oswa chaj la, de (2) reflektè sou chak bò.
- Chak trelè, oswa semi trelè oswa machin remokaj teleskopik ki peze 3,000 liv oswa mwens: Ann aryè, de (2) reflektè, youn sou chak bò.
- Chak trelè dwe gen yon limyè stop si trelè akouvari limyè stop ki sou machin remokaj la.

Chak trelè oswa semi trelè ki peze 3,000 liv oswa plis dwe gen fren chofè ki nan otomobil remokaj la ka opere. Fren yo dwe fèt epi konekte pou yo ka kanpe trelè a otomatikman si li detache ak otomobil remokaj la.

## **Limitasyon nan remokaj**

Men règ ki aplike pou badfè pou remokaj la oswa koneksyon pou remokaj la:

- Li dwe fò ase pou li rale tout pwa yap remoke a.
- Li pa dwe plis pase 15 nan longè amwenke se poto wap remoke, tiyo, machinri oswa lòt objè yo pa ka demonte fasilman.
- Si w itilize yon chenn, kòd oswa kab kòm koneksyon pou remokaj la, ou dwe gen yon drapon blan ki omwen 12 pouz kare ki tache ladan.

## **Limitasyon nan chaj, kouman pou fikse chaj la**

- Ou pa ka kondwi oswa deplase okenn otomobil ki chaje sou yon otowout si chaj la pa byen fikse. Chaj la pa fèt pou li ka tonbe, panche, koule oswa chape nan okenn fason.
- Ou dwe itilize yon kouvèti ki byen konvnab lè wap pote chaj ki ka tonbe oswa epapiye sou wout la. Egzanp yo: pousyè, sann, lacho, gravye, silis, dechè oswa fatra.
- Chak kamyon kap pote bwa oswa bwa pou fè papye dwe gen ekipman apwopriye, ansanm ak chenn ki gen seri ladan pou kenbe chaj la byen fikse.

## **Kouman pou pwojte chaj la**

Lè yon chaj depase 4 pye oswa plis ann aryè platfòm oswa kò otomobil ki pote chaj la, yo dwe make li byen klè.

## **Lannwit**

Lannwit, oswa lè w pa ka wè klè, a omwen 1,000 pye devan, ou dwe itilize siy sa yo:

- De (2) lanp wouj ann aryè chak yo ka wè a omwen 500 pye ann aryè.
- De (2) reflektè wouj ann aryè yo ka wè lannwit a tout distans ant 100 ak 600 pye lè li dirèkteman devan limyè devan pou kwazman yo. Ou dwe mete reflektè sa yo yon jan pou yo montre tout lajè chaj la nèt. De (2) lanp wouj, youn sou chak bò chaj la, epi yo ka wè yo.
- De (2) lanp wouj, youn sou chak bò chaj la, epi yo ka wè yo a omwen 500 pye. Yo dwe mete lanp sa yo tou pre fen chaj kap pwojte a.

## **Lajounen**

Pandan lajounen, yo dwe mete 4 drapo wouj omwen 12 pouz kare sou chaj kap pwojte a kote yo konn mete lanp wouj yo lannwit (jis dèyè nèt oswa sou kote yo).

**REMAK:** Si trelè a oswa otomobil la ap transpòte bwa, bwa ki long pou fè papye, poto oswa pilye an bwa ki depase plis pase 4 pye anplis ann aryè chaj la, lè sa a ou dwe gen yon kalite lanp eklè jòn ki ekipe, pou lanp lan vizib ann aryè ak sou toudebò chaj kap pwojte a. Lanp lan dwe fonksyonen epi yo fèt pou wè li nenpòt ki lè lajounen tankou lannwit.

## Sistèm antiblokaj pou fren (ABS)

Fren antiblokaj yo anpeche otomobil glise epi yo pèmèt chofè kondwi nan kadijans, kote sitiayson an mande pou frennen. ABS ka ede amelyore estabilite otomobil (evite otomobil la vire an won), abilte te pou kondwi (dirije machin lan kote chofè a vle pou li ale a) epi kapabilite pou kanpe (distans ki nesesè pou kanpe otomobil la).

Anpil chofè aprann fason kòrèk pou kanpe nan yon kadijans, kote traksyon an pèdi epi otomobil la glise, se ponpe pou ponpe fren yo. Byenke sa kòrèk ak fren konvansyonèl yo, ak ABS la, li diferan. Chofè ki gen ABS yo bezwen peze pedal fren an desann fò, kenbe li epi kondwi soti nan danje a. Nan yon kadijans, ABS la ponpe fren yo otomaktikman a yon to ki pi rapid pase sa chofè a ta ka fè. Chofè yo dwe konnen si yo retire presyon konstan sou pedal fren an oswa ponpe fren an, sa va dezangaje oswa "fèmen" ABS la.

Youn lan benefis ki pi enpòtan nan ABS la se paske chofè a ka kondwi otomobil la soti nan danje pandan lap frennen. Chofè yo pa dwe vire volan an di, ni fè otomobil la pivoté nan yon direksyon. Ou ka kenbe kontwòl machin lan si w kondwi kote chofè a vle ale a. Chofè yo bezwen tcheke pou wè si trafik la klè lè yap deside ki kote pou yo kondwi epi yo dwe toujou sonje pou kondwi tounen nan liy orijinal kan danje a klè.

Otomobil yo ka gen de (2) kalite ABS diferan ladan yo:

- Otomobil a kat wou ki pote pasaje epi kèk ti kamyon piti Toujou sonje pou frennen fò epi kondwi. Li enpòtan pou kenbe yon presyon fèm ak konstan sou pedal fren an pandan wap kanpe.
- Wou aryè sèlman nan kèk ti kamyon piti. Li anpeche wou aryè yo bloke pou dèyè otomobil la pa glise sou kote. Wou devan yo ka toujou bloke epi chofè va pèdi kontwòl volan an si sa rive. Nan sitiayson sa a, chofè a dwe retire ase presyon sou pedal fren an pou pèmèt wou devan an kòmanse woule ankò pou li ka gen kontwòl ankò. Lè chofè a santi li gen kontwòl volan an ankò, pedal fren an dwe angaje byen fèm ankò.

Chofè yo ka detèminen si machin yo gen ABS si yo chèche yon senbòl ABS ki limen sou table kòmann lan touswit apre yon fin mete motè machin lan anmach, epi si yo tcheke liv machin lan oswa si yo mande konpayi ki vann machin lan.

## Tanpri pa sabote

Li ilegal pou sabote, retire oswa fè pa travay nenpòt aparèy ki nan machin ou pou kontwole polisyon. Moun ki fè sa yo, koupab yon krim premye oswa dezyèm degre toudepann de ofans lan.

Si w sabote aparèy antipolisyon yo, sa domaje otomobile ou epi sa ka koze bagay sa yo:

- Polisyon ogmante nan lè a.
- Mileyaj gaz la bay la pi piti epi otomobil la mwen efikas
- Anretyen otomobil la koute plis lajan.
- Difilikite pou respire.

PA ELIMINE AVNI FLORIDA!

## Bisiklèt

Moun ki monte bisiklèt oswa mopèd sou yon wout gen menm dwa (ak kèk eksepsyon) ak responsabilite ak chofè otomobil epi yo ka bay yo kontravansyon pou volasyon trafik. Konnen epi obeyi lalwa sa yo:


- Siklis yo dwe obeyi tout kontwòl ak siyal trafik yo.
- Yon granmoun ki siklis ka pote yon timoun nan yon sakodo oswa yon echap pou timoun, chèzpou timoun oswa trelè ki fèt pou pote timoun.
- Ou pa ka pèmèt yon pasaje pou li rete nan yon chèz timoun oswa yon aparèy pou pote timounlè w pa gen kontwòl imedya bisiklèt la.
- Yo egzije siklis ak pasaje ki poko gen 16 an pou yo mete kaskèt ANSI, Snell apwouve oswa lòt kaskèt estanda Florida rekonèt. (Yo rekòmande kaskèt pou bisiklèt pou tout laj)
- Chak bisiklèt dwe gen yon fren oswa plizyè fren ki pèmèt siklis la kanpe a 25 pye lè lap vwayage a yon vitès 10 milalè sou yon wout ki sèk, a nivo, pwòp.
- Yon siklis sou yon twotwa oswa yon pasaj pou pyeton dwe sede dwadpasaj bay peyton yo epi li dwe bay yon siyal moun ka tandé anvan li pase.
- Kenbe omwen yon men sou gidon yo.
- Sou wout la, tcheke dèyè anvan ou chanje liy.
- Pou itilize yon bisiklèt ant lè solèy kouche ak lè solèy leve, bisiklèt la dwe ekipli ak yon lanp devan ki gen yon limyè blan ki vizib a 500 pye devan epi ak ni yon reflektè wouj ak yon lanp ann aryè alafwa ki afiche yon limyè wouj ki vizib a 600 pye ann aryè.
- Si w pap vwayage a vitès lòt trafik la, rete nan pòsyon ki jis adwat nèt sou wout la eksepte lè wap pase, vire agoch, evite danje oswa lè yon liy twò etwa pou ounenm ak yon machin pataje li san danje.
- Lè wap kondwi yon bisiklèt sou yon wout sans inik ak de (2) oswa plis liy trafik, ou ka kondwi byen pre bò goch wout la depi li pratikab.
- Pa kondwi twò kòtakòt lè sa va twouble kouran trafik la.
- Si w gen entansyon vire agoche, ou gen dwa itilize tout liy lan de kote wap vire a.
- Anplis estil vire agoch machin yo fè nòmalman an, ou ka kontinye nan pòsyon ki jis adwat nèt la nan entèsekson an epi vire byen pre posib twotwa a oswa jis lòt bò lari a. Apre w fin obeyi nenpòt aparèy ofisyèl pou kontwole trafik, ou dwe kontinye nan nouvo direksyon wap vwayage a.
- Pou siyale entansyon ou genyen pou vire a bay chofè lòt otomobil yo, pwente nan direksyon ou pral vire a.
- Pa mete ekoutè ni okenn aparèy pou tandé, eksepte yon aparèy pou korije tandé (hearing aid) lè wap monte bisiklèt.
- Pa monte yon bisiklèt lè w sou enfliyans alkòl oswa dwòg.

## **Siklomotè (mopèd)**

Moun ki monte mopèd gen menm dwa ak responsabilite ak moun ki kondwi otomobil yo. Moun ki monte mopèd resevwa kontravansyon pou vyolasyon trafik.

### **Konnen epi obeyi lalwa mopèd yo:**

- Ou dwe gen 16 an oswa plis pou ou kondwi yon mopèd nan yon lari piblik.
- Operatè mopèd yo dwe gen minimòm lisans Klas E a.  
Yo pa egzije andòsman motosiklèt.
- Mopèd yo dwe anrejistre chak ane epi yo dwe achte yon etikèt.
- Yo pa ka kondwi mopèd yo sou wout bisiklèt yo ni sou wout a pye yo.
- Operatè mopèd yo pa oblige gen asirans PIP.
- Yo pa egzije operatè ki gen 16 nan oswa plis pou yo mete kaskèt.



## **Kouman pou pran lisans pou otomobil**

Si w aksepte travay oswa ou nan yon biznis, pwofesyon, oswa okipasyon nan Florida, oswa si w enskri pitit ou yo pou yo enstwi nan yon lekòl publik nan Florida, otomobil ou posede a dwe gen yon sètifikasi rejistrasyon ak yon plak imatrikilasyon Florida . Ou dwe jwenn sètifikasi rejistrasyon an ak plak imatrikilasyon an anvan 20 jou pase apre ou kòmanse travay ls oswa apre enskripsyon an. Ou dwe gen yon Sètifikasi Tit (Certificate of Title) pou otomobil, amwenke yon enstisyon finansyè nan yon lòt eta gen tit la epi li pa vle bay Florida li.

## **Kouman pou pwouve posesyon ak asirans**

Pou jwen plak imatrikilasyon ak sètifikasi rejistrasyon, ou dwe pwouve ou posede otomobil ou epi ou gen asirans Personal Injury Protection (PIP) [asirans ki pa gade kiyès ki an fot] ki kouvrri otomobil ou nan Florida. Ou montre dwe sètifikasi tit ou pou pwouve ki moun ki posede machin lan. Ou dwe montre kat idantifikasyon asirans Florida a oswa lòt prèv ki akseptab pou pwouve asirans PIP a. Youn nan ofisyé yo nonmen yo dwe verifye nimewo idantifikasyon otomobil la (VIN) ki sou nenpòt otomobil ki te deja gen tit oswa deja anrejistre nan yon lòt eta anvan pou yo bay otomobil la tit ak anvan yo anrejistre li nan Florida. Yo pa egzije verifikasyon VIN lan nan okenn otomobil nèf, mezon mobil, trelè, otomobil pou rekreyasyon (trelè pou vwayaje, trelè pou kan, kamyon pou kan, ak trelè semi remokaj pou trampòte machin pou rekreyasyon) oswa trelè ak semi trelè ki gen yon pwa ki pi piti pase 2,000 liv, kit yo achte li nan Florida kit yo achte li nan yon lòt eta.

## **Kouman pou fè aplikasyon pou tit, plak imatrikilasyon ak rejistrasyon**

Aplike pou tit, plak imatrikilasyon ak rejistrasyon nan nenpòt biwo kolektè taks nan Florida. Pri li koute pou plak imatrikilasyon an depann de ki kalite ak ki pwa otomobil ou a. Otomobil ou dwe toujou gen yon plak imatrikilasyon ki ajou epi ou dwe toujou gen rejistrasyon otomobil ou lè wap kondwi. Si w achte yon machin nan yon kote ki vann machin nan Florida, kote ki vann machin lan dwe fè aplikasyon pou yon sètifikasi tit, yon sètifikasi rejistrasyon ak pou plak imatrikilasyon pou ou. Si w achte yon otomobil nan men yon moun, ou dwe jwenn tit la nan men moun lan epi fè aplikasyon pou yon sètifikasi tit sou pwòp non pa ou. Ou ka fè aplikasyon pou sètifikasi tit, sètifikasi rejistrasyon ak plak imatrikilasyon an menm tan. Ou pa ka gen plak imatrikilasyon jiskaske ou gen yon tit pou pwouve ou posede otomobil la. Tout moun, kap fè aplikasyon pou lisans pou kondwi pou premye fwa epi ki gen yon lisans nan yon lòt eta, dwe anrejistre otomobil yo nan Florida anvan yo ba yo lisans pou kondwi a.

## **Renouvelman**

Plak imatrikilasyon ak rejistrasyon pou otomobil dwe renouvel chak ane nan dat fèt premye moun ki gen non li sou fòm rejistrasyon an oswa anvan dat fèt la. Chak fwa ou renouvel, ou dwe pwouve ou gen asirans yo egzije a, amwenke nou genyen li nan dosye nou oswa nou mete li ajou elektwonikman. Ou ka renouvel pa lapòs oswa sou entènèt la nan <http://www.gorennew.com>. Rejistrasyon yo espire a minwi jou fèt moun ki gen non li ki parèt an premye kòm moun ki posede otomobil la sou fòm rejistrasyon an, eksepte pou

- mezon mobil - renouvel chak ane anvan 31 desanm.
- kam yon traktè ak semi trelè - renouvel chak ane anvan 31 desanm.
- otomobil konpayi ak kòporasyon posede, epi kèk otomobil komèsyal - renouvel anvan 30 jen.

Pou plis enfòmasyon oswa asistans ak tit ak rejistrasyon otomobil, kontakte biwo kolektè taks la.

## **Kesyon pou etidye pou lisans Klas E ak pou pèmi pou aprann kondwi**

Nan egzamen sou prensip wout yo, yo va poze w 20 kesyon epi yo va mande w pou ou chwazi repons ki kòrèk la pou chak kesyon. Pandan egzamen ekri a, ou pa ka itilize ni liv ni kaye, epi ou pa ka pale ak pèsonn moun eksepte moun kap bay egzamen an.

Ou dwe li chak kesyon ak anpil atansyon, epi li chak nan kat (4) repons posib yo. Chwazi pi bon repons lan. Yo montre yon modèl kesyon ak repons kòrèk yo pi ba la a.

Rezon prensipal ki fè yo bay moun egzamen an anvan yo bay lisans pou kondwi a se:

- ( ) Pou jwenn revni pou gouvènman eta a.
- ( ) Pou kenbe yon dosye sou kantite chofè ki genyen yo.
- ( ) Pou dosye aksidan ak konpayi asirans.
- (X) Pou detèminen abilité, konesans ak talan moun ki fè aplikasyon an.

Egzamen ekri konplè a va gen 20 siy wout ak 20 kesyon sou prensip wout yo ladan. Pou reyisi, ou dwe chwazi repons ki bon an pou omwen 15 siy wout ak 15 kesyon sou prensip wout la. Kesyon ki nan modèl egzamen an ekri pi ba la a. Kesyon sa yo pap nesesèman parèt nan egzamen an. Ou ka jwenn repons pou tout kesyon ki nan modèl egzamen an nan liv sa a.

1. Si w fè yon fo deklarasyon ak tout konesans ou nan yon aplikasyon pou yon lisans pou kondwi oswa yon kat identifikasyon, èske yo ka fè w peye yon amann oswa mete w nan prizon yon fwa gen yon kondanasyon?
2. Eske yon moun ka kondwi yon traktè jaden tanporèman sou yon gran wout san moun lan pa gen yon lisans pou kondwi?
3. Ou dwe gen yon nouvo lisans ki montre nouvèl adrès la anvan konbyen jou pase apre w fin demenaje?
4. Si w pèdi lisans ou genyen pou kondwi nan Florida epi ou bezwen yon diplikata lisans lan, ki kote ou fè aplikasyon pou li?
5. Si w pat reponn yon kontravansyon pou trafik, èske w tap kapab renouvelé lisans ou?
6. Kisa ki tap pase lisans yon chofè ki patisipe nan yon aksidan epi ki pa rete ede moun ki fraktire yo?
7. Si w resewva douz (12) pwen pandan douz (12) mwa, pandan konbyen tan yap sispann lisans ou?
8. Ki sanksyon ki genyen pou kondwi pandan ou sou enflyans (DUI)?
9. Ni jijman ou ni vizyon ou, toulede afekte alafwa apre w fin bwè alkòkl. Kiyès ki afekte anvan?
10. Ki sanksyon ki genyen pou refize pran yon tès pou detèminen si w sou?
11. Ki kalite asirans ou dwe genyen nan yon otomobil ki gen kat wou oswa plis?
12. Si yo revoke lisans ou genyen pou kondwi a pou DUI oswa yo sispann li pou twòp pwen, ki kalite asirans ou dwe swa achte oswa prouve ou te genyen jou dat vyolasyon an oswa ki te ann efè apatide dat sispanyon an?
13. Ki sanksyon ki genyen pou jete dechè pandan wap kondwi?
14. Si w frape yon machin ki pake epi ou pa ka jwenn mèt machin lan, kisa w dwe fè?

15. Lè gen yon aksidan ki koze domaj nan pwopriyete pou nenpòt kantite lajan, èske chofè a dwe avize Florida Highway Patrol, the Sheriff's Department (Patwouy sou otowout, depatman cherif, oswa depatman lapolis nan Florida), oswa City Police Department (Depatman Lapolis Vil la)?
16. Apre ofisy fin envestige yon aksidan, èske chofè a bezwen voye yon rapò ekri bay Department of Highway Safety and Motor Vehicles [Depatman pou Sekirite sou Gran Wout ak Otomobil]?
17. Kiyès ki gen obligasyon pou mete senti pou sekirite nan chèz devan nan yon machin oswa yon kamyon pikòp?
18. Kiyès yo ta ka akize de vyolasyon si yon pasaje ki gen 14 an, ki chita nan chèz devan an, pa mete senti pou sekirite a?
19. Ki vitès limit maksimòm machin ki pote pasaje nan yon gran wout ki gen de (2) liy pandan lajounen?
20. Ki vitès limit maksimòm ki gen nan yon zòn rezidansyèl si pa gen siy vitès limit ki afiche?
21. Ki vitès limit maksimòm sou yon gran wout ant eta yo, yon jou ki fè klè? Nan yon zòn riral?
22. Lè wap kondwi twò dousman, èske yo ka ba w yon kontravansyon?
23. Kisa w dwe fè lè wap apwoche yon moun kap monte oswa kondwi yon cheval sou yon wout oswa toupre yon wout?
24. Kisa w dwe fè lè w wè yon pyeton ak yon baton blan nan yon lari ki devan ou?
25. Pou ki laj lalwa sou Aparèy pou Kenbe Timoun Ian (Child Restraint) aplike?
26. Lè wap soti nan yon ale prive pou antre sou yon gran wout oswa yon lari epi chemen an klè, èske w ka avanse san ou pa kanpe dabò?
27. Eske yo eggije otomobil kap vwayaje nan direksyon opoze ak otobis lekòl ki kanpe pou debake timoun sou yon wout ki separe ak yon baryè separasyon pou yo kanpe?
28. Lè yon otobis lekòl kanpe pou debake timoun sou yon wout ki separe, èske otomobil kap vwayaje nan menm direksyon ak otobis la dwe kanpe?
29. Si yon otobis lekòl kanpe pou debake timoun sou yon wout ki gen kat (4) liy ki separe ak yon ti mi asfalte ki 4 pye de wotè, èske otomobil kap vwayaje nan direksyon opoze yo dwe kanpe?
30. A konbyen pye anvan ou kòmase vire, ou dwe mete siyal vire ou lè wap kondwi sou yon gran wout?
31. Sipozon wap kondwi sou yon gan wout ki gen kat (4) liy. Nan ki liy ou dwe ye pou w vire? Nan ki liy ou dwe vire antre?
32. Ki siyal ou fè ak bra goch la pou vire?
33. Ki lè ou ka kondwi nan liy goch sou yon wout ki gen kat (4) liy oswa plis ak trafik nan sans doub?
34. Apre w fin pase yon otomobil, ou dwe vire sou bò dwat wout la anvan ou rive a konbyen pye de yon otomobil ki prale nan direksyon opoze a?
35. Nan ki kote li ilegal pou double ak pase?
36. Eske yo ka bay yon chofè, ki travèse yon liy solid ki adwat liy mitan gran wout la, yon kontravansyon pou vyolasyon?
37. Ki distans ki rekòmande kòm distans pou swiv otomobil san danje?

38. Nan ki direksyon ou dwe vire wou w yo lè wap pake nan direksyon monte sou yon mòn kote ki gen yon twotwa? Nan ki direksyon ou dwe vire yo lè pa gen yon twotwa?
39. Eske w ka pake machin ou sou yon twotwa, nan yon entèsekson oswa yon kote pou moun travèse lari?
40. Eske w ka kondwi ak limyè pakin ou limen sèlman, nan plas gran limyè devan yo?
41. Eske yo pèmèt kondwi eskoutè a motè ki gen motè ki gen deplasman ki mwens pase 150 santimèt kib sou yon otowout?
42. Kisa w dwe fè si w kondwi depase soti ou te vle pran sou yon gran wout ant eta yo?
43. A ki lè ou dwe itilize gran limyè devan yo?
44. Lè wap apwoche ann aryè yon lòt otomobil lannwit, a konbyen pye ou dwe bese gran limye klere devan machin lan?
45. A konbyen pye de yon otomobil ki prale nan direksyon opoze ou ka bese gran limyè klere devan machin ou?
46. Nan ki kondisyon ou dwe itilize gran limyè yo lè wap kondwi lajounen?
47. Si w apwoche yon limyè wouj epi yon ofisyè trafik pase w lòd pou ou pase nan entèsekson an san ou pa kanpe, kisa w dwe fè?
48. Kisa yon flèch vèt ki parèt an menm tan ak yon limyè wouj trafik vle di ou ka fè?
49. Apre yon chofè fin kanpe konplètman pou yon limyè wouj nan trafik, èske chofè a ka vire adwat si wout la klè?
50. Kisa yon limyè wouj nan trafik vle di? Kisa yon limyè wouj kap flache nan trafik vle di?
51. Eske w ka avanse ak prekosyon lè wap apwoche yon limyè jòn kap flache?
52. Ki kote òdinèman ou jwenn siy "YIELD RIGHT-OF-WAY" (SEDE DWADPASAJ) ki afiche?
53. Si gen plis pase yon otomobil kap apwoche yon siy stop ki nan toule kat (4) direksyon yo epi se oumenm ki premye otomobil ki rive a epi ki kanpe, èske ou gen dwa pou avanse an premye?
54. Kisa yon liy jòn solid ki adwat liy mitan yon gran wout vle di?
55. Kisa yon liy jòn doub solid ki nan mitan yon gran wout vle di? Kisa yon liy blan doub solid ki nan mitan yon gran wout vle di?
56. Kisa yon liy blan ki diskontinye sou yon gran wout vle di?
57. Lè w peze fren ak pye a, ki limyè ki limen?
58. Anplis lòt ekipman, èske yo egzije pou otomobil ou gen yon limyè blan ki rann plak machin lan vizib a 50 pye, yon eswi glas epi yon Klakson?
59. Ki dwa ak responsablite moun kap monte bisiklèt ak mopèd yo genyen?
60. Ki lè yon otomobilis kap prepare pou vire sou lamen dwat, avanse nan liy bisiklèt la?
61. Ki pwosedi ki apwopriye pou yon otomobilis lè yon bisiklèt pran twòp espas pou ou pataje liy lan?
62. Ki definisyon legal yon bisiklèt?
63. Ki jan ki apwopriye pou itilize fren antiblokaj nan sitiyasyon ijan?
64. Kisa sistèm fren antiblokaj yo anpeche lè yo itilize yo pou kanpe nan sitiyasyon ijan?

65. Si yon trelè kouvri limyè kanpe nan yon otomobil remokaj, ki lòt bagay ki dwe yon limyè kanpe?
66. Ki kote yo dwe mete reflektè yo?
67. Bay twa (3) egzanp chaj ki dwe kouvri paske yo ka tonbe oswa epapiye sou wout yo.
68. A konbyen pye ann aryè ou dwe ka wè objè nan retwovizè kèlkeswa chaj la?
69. Lè yon otomobil ap remoke yon lòt ak yon chenn, kisa chenn nan dwe afiche sou li?
70. Ki longè yon badfè pou remokaj dwe ye ant otomobil remokaj la ak otomobil yap remoke a?
71. Siponzon chaj la depase 4 pye oswa plis ann aryè platfòm oswa kò yon otomobil yap kondwi sou yon gran wout pandan lajounen.  
Konbyen drapo yo dwe itilize pou make li, epi ki koulè yo dwe ye?

# CHAPIT 6 - LOT ENFOMASYON

## PREMYE SWEN

Si w jwenn yon aksidan, voye yon moun al chèche èd. Lèfini aplike règ premye swen yo:

## KOMANSE RESPIRASYON AN

Si moun ki fraktire a pap respire, kòmanse respirasyon atifisyèl imedyatman. Pa sispann jiskaske yon doktè di w pou ou sispann, oswa jiskaske viktim lan respire nòmalman.

Swiv esplikasyon sa yo:

- Itilize dwèt ou yo pou netwaye bouch viktim lan.
- Mete viktim nan sou do li, leve kou li, epi panche tèt li ann aryè.
- Kenbe nen viktim lan sere epi soufle ak fòs nan bouch li pou fè pwatrin li etann yon fwa chak senk (5) segonn (douz (12) fwa pa minit).
- Lè moun ki fraktire a se yon timoun piti, pa pense nen li. Kouvri nen ak bouch timoun lan ak bouch ou epi soufle pi piti lè epi pi souvan, apeprè (20 pa minit).

## SISPANN SENYMAN

Pifò senyman ka sispann si w peze sou blesi a. Si li posib, ou dwe mete yon gaz sou blesi a epi peze desann. Si w pa gen yon gaz, ou va oblige itilize yon twal pwòp oswa menm dwèt ou yo. Ou dwe sispann senyman kap soti nan yon atè an premye. San ki soti nan yon atè ap wouj viv epi li jayi lè lap soti nan blesi a. Si koulè san an pi nwa epi li koule an flo, se nan yon venn li soti.

## FE TRETMAN POU CHOK

Moun ki fraktire ka antre nan chòk. Lè yon moun an chòk, tout fonksyon kò moun lan ralanti. Chòk ka yon bagay ki grav. Li ka koze lanmò. Chòk ka devlope touswit apre yon aksidan oswa pita. Moun ki fraktire dwe fè tretman pou chòk menm si yo sanble yo an chòt menm si yo pa sanble yo an chòk:

- Rasire moun ki fraktire a. Si w kenbe kalm ou sa va ede. Pa ba yo anyen pou bwè.
- Kouvri moun lan ak dra oswa manto pou kenbe chalè kò a. Fè moun lan kouche plat.
- Fè moun kap gade yo rete lwen pou moun ki fraktire a jwenn lè.
- Kenbe tèt yo byen ba posib amwenke gen yon frakti nan tèt.
- Lache kole yo pou yo ka respire pi fasilman.

## PA DEPLASE YON MOUN KI FRAKTIRE KI PA KA DEPLASE OSWA KI PLENYEN POU DOULE NAN DO OSWA NAN KOU.

## PA ESEYE RETIRE KASKET YON MOUN KAP MONTE MOTOSIKLET KI FRAKTIRE.

## **Kouman mwen ka jwenn yon kopi dosye kondwi mwen?**

Enfòmasyon sa a pa disponib nan depatman sa a sou entènèt la. Men, ou ka jwenn li nan ajans prive yo. Pou jwenn yon kopi dosye kondwi ou nan depatman sa a, tanpri voye yon demann ekri ki gen tout non moun lan, dat nesans la oswa laj la apeprè, nimewo sekirite sosyal la, nimewo lisans pou kondwi nan Florida (si li disponib) epi adrès kote pou yo voye dosye a, ansanm ak frè ki apwopriye a bay:

Bureau of Records  
P.O. Box 5775  
Tallahassee, Florida 32314-5775

Si w vle itilize konpayi ki fè livrezon lelannmen yo, tanpri voye demann ou an bay:

Bureau of Records  
2900 Apalachee Parkway, MS 90  
Tallahassee, Florida 32399-0575.

Pri dosye yo se:

- \$2.10      3-ane
- \$3.10      7-ane (konplè)
- \$3.10      3-ane oswa 7-ane (sètifye)

Ou ka peye ak chèk pèsonèl oswa chèk postal sou non Division of Driver Licenses. Pou anpil demann alafwa oswa pou kòporasyon/biznis gen aksè nan bazdone lisans pou kondwi yo, tanpri vizite paj web nou an nan <http://www.hsmv.state.fl.us/html/records.html>.

## **Kouman pou mwen jwenn yon kopi yon rapò aksidan?**

Ou ka jwenn rapò aksidan nan biwo lokal Florida Highway Patrol Station ki pi pre kote aksidan an te fèt la. Yo kenbe rapò aksidan yo nan distrik lokal yo pandan 2 an apre dat aksidan an. Yo kenbe rapò omisid yo nan distrik lokal yo pandan 5 an apre dat aksidan an.

Pou mande yon rapò aksidan (\$2.00) ki gen plis pase 2 an, rele (850) 488-5017.

Pou mande yon rapò omisid (\$25.00) ki gen plis pase 5 an, rele (850) 488-1009.

Pou mande foto omisid nan trafik, rele (850) 488-5984.  
Foto yo se \$1.00 pou 5"x7" oswa \$1.50 pou 8"x10".

**REMAK:** Lè w mande foto, ou dwe gen omwen de (2) nan enfòmasyon sa yo ki disponib lè w fè demann lan:

Dat aksidan an  
Konte aksidan an  
Non moun ki viktim fatalite a  
*Nimewo omisid nan trafik la*



## **Vyolatè seksyèl ak predatè seksyèl**

Anvan 48 èdtan pase apre rejistrasyon inisyal ki egzijib kòm yon predatè seksyèl oswa yon vyolatè seksyèl nan Florida, tout predatè seksyèl ak vyolatè seksyèl ki pa nan prizon, menm predatè seksyèl ak vyolatè seksyèl ki sou sipèvizon Florida Department of Corrections [Depatman koreksyon nan Florida], dwe enskri an pèsòn nan yon biwo ki bay lisans pou kondwi pou Department of Highway Safety and Motor Vehicles (Depatman pou Sekirite Gran Wout ak Otomobil). Si moun nan kalifye otreman, li dwe chèche jwenn yon lisans pou kondwi oswa yon kat idantifikasyon nan Florida.

Predatè seksyèl oswa vyolatè seksyèl la dwe idantifye tèt li kòm tèl epi li dwe bay adrès pèmanan oswa tanporè kote li rete a. Yo pa ka itilize nimewo bwat postal olyede yon adrès fizik kote yo rete.

Chak fwa lisans pou kondwi oswa kat idantifikasyon predatè seksyèl la dwe renouvre epi anvan 48 èdtan pase apre nepòt chanjman nan rezidans predatè a oswa vyolatè a oswa chanjman nan non predatè a oswa vyoaltè a pou rezon maryaj oswa lòt pwosesis legal, predatè a oswa vyolatè a dwe rapòte an pèsòn nan yon biwo ki bay lisans pou kondwi. Si moun nan kalifye otreman, li dwe chèche jwenn yon lisans pou kondwi oswa yon kat idantifikasyon nan Florida.

Pou plis enfòmasyon sou egzijans pou enskripsyon ak notifikasiyon, ou ka kontakte biwo cherif lokal la, ofisyè ki sipèvize ou nan Probation & Parole (Pwobasyon ak Libète Siveye) oswa Florida Department of Law Enforcement (Depatman ki fè respekte lalwa nan Florida) nan 1-888-FL-PREDATOR (1-888-357-7332), Sexual Offender/Predator Unit, Post Office Box 1489, Tallahassee, Florida 32302-1489; [www.fdle.state.fl.us](http://www.fdle.state.fl.us).

## **Vyolatè de karyè**

Apati 1 janvye 2003: Vyolatè de karyè yo se moun yo rele vyolatè ki abitye fè krim vyolan, kriminèl ki gen karyè krim vyolan, oswa vyolatè ki fè krim vyolan an twa (3) fwa, ss. 775.26, 944.608, 944.609.

Anvan 2 jou pase apre enskripsiyon inisyal ki egzijib kòm vyolatè de karyè nan Florida, tout vyolatè de karyè ki pa nan prizon, menm vyolatè de karyè ki sou sipèvizon Florida Department of Corrections (Depatman koreksyon nan Florida), dwe enskri an pèsòn nan yon biwo ki bay lisans pou Department of Highway Safety and Motor Vehicles (Depatman pou Sekirite Gran Wout ak Otomobil) Si moun nan kalifye otreman, li dwe chèche jwenn yon lisans pou kondwi oswa yon kat idantifikasyon nan Florida.

Chak fwalisans pou kondwi oswa kat idantifikasyon vyolatè de karyè dwe renouvre epi anvan 2 jou pase apre nepòt chanjman nan rezidans vyolatè de karyè a oswa chanjman nan non vyolatè de karyè a poutèt maryaj oswa lòt pwosesis legal, vyolatè de karyè a dwe rapòte an pèsòn nan yon biwo ki bay lisans pou kondwi. Si moun nan kalifye otreman, li dwe chèche jwenn yon lisans pou kondwi oswa yon kat idantifikasyon nan Florida. Vyolatè de karyè a dwe idantifye tèt li kòm tèl epi li dwe bay adrès pèmanan oswa tanporè kote li rete a. Yo pa ka itilize nimewo bwat postal olyede yon adrès fizik kote yo rete.

Pou plis enfòmasyon sou egzijans pou enskripsiyon ak notifikasiyon, ou ka kontakte biwo cherif lokal la oswa ofisyè ki sipèvize ou nan Probation & Parole (Pwobasyon ak libète siveye) oswa Florida Department of Law Enforcement (Depatman ki fè respekte lalwa nan Florida) nan 1-888-357-7332, Career Offender Unit, Florida Department of Law Enforcement, Post Office Box 1489, Tallahassee, FL 32302-1489; [www.fdle.state.fl.us](http://www.fdle.state.fl.us).

## Not